# Лукай Евангели

# ЛУКАЙ ЕВАНГЕЛИ

# ЛУКАЙ ЕВАНГЕЛИ

**Библи тæлмацгæнæн институт**
**Мæску, 2024**

# Лукай Евангели

Тæлмацгæнæг Хæллати Азæ
Филологон редактор Тахъазти Федар

Дигорон æвзагбæл Библий
текстти электрон æма аудиоверситæ
æнцæ Библи тæлмацгæнæн
Институти сайтбæл:
https://ibt.org.ru/ru/media?id=DIG

ISBN 978-5-93943-338-9

© Институт перевода Библии, 2024

## Раздзурд

Зинаргъ киунугæкæсгутæ!

Лукай Евангели Нæуæг Фæдзæхсти киунугутæн сæ еу æй. Нæуæг Фæдзæхст æма Зæронд Фæдзæхст еумæ æнцæ Библи. Аци Киунугути Киунугæ æности æндæргъци адтæй æма æй, адæм тæккæ фулдæр ке аргъаунцæ, уæхæн Киунугæ.

«Евангели» бердзейнаг дзурд æй æма нисан кæнуй «Фарни Уац». Уотæ исхудта Æ ахур Йесо Кирисде Æхуæдæг. Нæуæг Фæдзæхсти æдеугур ес цуппар Евангелий, æма сæ еугуреми дæр дзурд цæуй Йесо Киристей цард æма лæггадæ, Æ ахур æма, ци дессæгтæ искæнидæ, уони туххæй, Æ мæлæт æма райгаси туххæй.

Йесой ахури сæйрагдæр æй адæймаги ервæзундзийнадæ. Хуцау адæймаги уарзуй æма ин Æ зæрдæ зæгъуй, куд фæййервæза, уотæ, æма ин æ царди еци надбæл æнхус кæнуй. Зæронд Фæдзæхсти дзурд цæуй, Хуцау Моисей-пахампари фæрци дзиуиттæн куд равардта Æгъдау æма фæдзæхститæ – еци фæткитæ æнхæст кæнгæй, адæймаг æрбахæстæг уодзæнæй Хуцаумæ æма фæййервæздзæнæй. Моисейи фæсте ци пахампартæ адтæй, етæ дзурдтонцæ, зæгъгæ, æрцæудзæнæй Мессийæ (бердзейнагау Кирисде) – Хуцауи Æвзурст, Е адæмæн æрхæсдзæнæй ервæзундзийнадæ сæ фудтæ æма тæрегъæдтæй. И Мессийæ, Хуцауи Æвзурст, дзиуиттæ уотæ берæ кæмæ æнгъæл кастæнцæ, адтæй Йесо. Йесо Кирисде радзурдта адæмæн Нæуæг Фæдзæхсти туххæй æма син равардта уодæнцойни нæуæг фæдзæхститæ, Хуцаумæ надбæл бæрæг амонæнтæ.

Киристей уаци фæсте алли адæймаги бон дæр æй Хуцаумæ фæххæстæгдæр ун, уомæн æма Хуцауи Паддзахадæ адæймагæн æхе медæгæ æй.

Хуцауи Фарнæ дуйнемæ æрцудæй Йесо Киристей фæрци, Æ мæлæт æма Æ Райгаси фæрци. Фарни Уаци сæйраг медес уотæ æй.

Лукай Евангели и цуппар Евангелиемæй æй тæккæ æнхæстдæр, литературон æгъдауæй хуæрзарæзт, аййев, гъæздуг æвзагæй финст Киунугæ. Æригонæй Лука райста хуарз ахурадæ æма дохтир иссæй. Е адтæй амистол Павели еузæрдион æмбæлццон æ еугур балцити дæр, ниффинста ма никкидæр киунугæ Архайд. Æ Евангелий раздзурди Лука зæгъуй, раздæр финст таурæхътæ, уæдта цаутæ æхе цæстæй ка фæууидта, уони хабæрттæй ке пайда кодта, уой туххæй (Лк.1:2). Евангели финст æй бердзейнаг æвзагбæл. Киристон динбæл ци 20 æноси рацудæй, уонæми тæлмацгонд æрцудæй æгас дуйней сæдæгай æвзæгтæмæ. Нур ба Евангели цæуй дигорон æвзагбæл.

Дигорон æвзагмæ тæлмаци бундор æй уруссаг æвзагбæл Синодаг тæлмац, уæдта имæ бæстон каст æрцудæй бердзейнаг критикон текст UBS Greek New Testament 5th Edition-мæ гæсгæ. Зæгъун гъæуй уой, æма 2002 анзи дигорон æвзагбæл мухури рацудæй Иоанни Евангели, уæдта ма рацудæй аудиой формати дæр.

Сæрмагонд терминтæ лæвæрд цæунцæ текстæн æхеми, фал æнхæстæй ба æгас лæдæрундзийнæдтæ дæр æнцæ киунуги фæстегæй, дзурдуати, уоми æнцæ географион нæмттæ, къартæ.

Махæн æхцæуæн æй, æ маддæлон æвзаг дигорон кæмæн æй, еци адæмæн нур ба Библий аци киунугæ аргъаунæн фадуат ке ес, е.

Библи тæлмацгæнæн Институт арфæ кæнуй Лукай Евангели тæлмацгæнгутæ æма редактортæн, уæдта, киунугæ дигорон æвзагбæл цæттæ кæнуни гъуддаги ка фенхус кодта, уонæн еугуремæн дæр.

*Библи тæлмацгæнæн Иститут*

# СÆРГÆНДТÆ

Лукай Евангели . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .9

Дзурдуат . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .111

Къартæ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .125

# ЛУКАЙ ЕВАНГЕЛИ

### Раздзурд

1 1 Махæн хуарз зундгонд цаути туххæй беретæ рай-
дæдтонцæ таурæхътæ финсун, 2 уæдта, тæккæ рай-
дайæнæй æвдесæн ка адтæй еци цаутæн æма сæ æхе
цæстæй ка фæууидта, æма Хуцауи Дзурд адæмæн ка
игъосун кодта, етæ нин сæ фегъосун кодтонцæ. 3 Æз
дæр уони еугурæй лæмбунæг сæрæй-бунмæ рартасуни
фæсте исфæндæ кодтон, уæларгъуст Феофил, дæумæ
фæд-фæди ниффинсун, 4 цæмæй базонай, ци ахурадæ
нин байамундæй, уомæн æ федар бундор.

### Захарийæн загътонцæ Иоанни райгурди туххæй

5 Дзиуиттаг паддзах Ироди* дзамани Авийи къуарæй
еу кохен* адтæй, æ ном Захари, уæдта æ уосæ, Аарони
муггагæй, æ ном Елисаветæ. 6 Сæ дууæ дæр Хуцауи
размæ рæстаг адтæнцæ, Бардари æгас фæдзæхсти-
тæ* æма фæткитæ дæр æнаййеппæй æнхæст кæнгæй.
7 Сувæллæнттæ син н’ адтæй, уомæн æма Елисаветæ
адтæй æнæзæнæг, уæдта сæ дууæ дæр кардзуд адтæн-
цæ. 8 Еухатт, Хуцауи размæ æ ихæс ку ’нхæст кодта
æ ради, 9 уæд имæ, кохенти æхсæн ци фæткæ адтæй,
уомæ гæсгæ радæ æрхаудтæй Хуцауи Ковæндонæмæ*
бацæун бодæ* содзунмæ, 10 иннæ адæм ба еугурæй дæр
бодæ содзуни рæстæги æндегæй кувтонцæ. 11 Хуæрз-
дæфагæ бодæ кæми фæссодзунцæ[а], уой рахес фарсæй
имæ уæд Бардар Хуцауи Изæд фæззиндтæй. 12 Захари,

---

[а] 1.11 Дзиуиттаг кохентæ Хуцаумæ ковуни рæстæг сæрмагонд
нивондхæссæнбæл сугътонцæ бодæ.



*Саугин, хуæрздæфагæ бодæ кæми фæссодзунцæ, еци нивондхæссæни рази*

уой рауингæй, фæкъкъех æй, æма
æ зæрди тас бацудæй. 13 Фал ин
Изæд загъта:
– Ма тæрсæ, Захари, уомæн
æма дæ кувд Хуцаумæ фегъустæй,
æма дæ уосæ Елисаветæн райгур-
дзæнæй фурт, æма ин ратдзæнæ
ном Иоанн.
14 Æма дин уодзæнæй зæрди-
нцойнæ æма цийнæ, æма ин бере-
тæ æ райгурцæбæл бацийнæ кæн-
дзæнæнцæ, 15 уомæн æма цитгин
уодзæнæй Бардар Хуцауи рази; нæ
ниуаздзæнæй сæнæ æма æндæр
карз ниуæзтæ, Сугъдæг Уодæй*
фæххайгин уодзæнæй æ мадæй
игургæй. 16 Æма Иоанн Израили адæмæй берети раз-
дахдзæнæй сæ Бардар Еунæг Хуцаумæ; 17 æма Хуцауи
разæй цæудзæнæй Илий тухæ æма мон, цæмæй фид-
дæлти зæрдитæ раздаха сувæллæнттæмæ, æгоммæгæсти
ба – раст гъудитæмæ, цæмæй Бардар Хуцауæн адæми
цæттæдзийнадæ бавдесун кæна.
18 Æма Захари загъта Изæдæн:
– Кутемæй базондзæнæн уой, кæд æма æз зæронд
дæн, мæ уосæ дæр каргун ку æй?
19 Æ фарстæн ин Изæд загъта:
– Æз Гавриил дæн, Хуцауи рази лæууæг, æма æрвист
дæн дæ хæццæ дзорунмæ æма Æ уацхабар фегъосун
кæнунмæ; 20 æма уæд, сæ рæстæги ка исæнхæст уо-
дзæнæй, еци дзурдтæбæл мин ке нæ бауæндтæ, уой
туххæй, цалинмæ и дзурдтæ исæнхæст уонцæ, уæдмæ
уодзæнæ æгомуг æма дæ бон дзорун нæ уодзæнæй.
21 Адæм ба Захаримæ æнгъæлмæ кастæнцæ æма дес
кодтонцæ, Хуцауи Ковæндони ке дзебæл кæнуй, уобæл.
22 Æма, æндæмæ рацæугæй, æ бон адæммæ дзорун н’

адтæй; æма уæд балæдæрдтæнцæ, Ковæндони дессаг ке
фæууидта, уой; æма, æгомуг уогæй, сæ хæццæ дзурдта,
æ къохтæй амонгæй.
23 Ковæндони æ лæггадæ кæнæн
бæнттæ ку фæцæнцæ, уæд æ хæдзарæмæ æрбаздахтæй.
24 Уой фæсте æ уосæ Елисаветæ бауæззау æй, фондз
мæйи æхе нимахста æма дзурдта:
25 – Цæмæй адæми æхсæн æгадæ мабал уон, уой
туххæй мæмæ Бардар Хуцау æркастæй æма мин цийнæ равардта.

**Æхцæуæн хабар**

26 Æхсæз мæйи ку рацудæй, уæдта Галилейи* сахар
Назаретмæ æрцудæй Хуцауæй æрвист Изæд Гавриил.
27 Е æрбацудæй Дауити* муггагæй Иосифæн курдуати
бадæг Кизгæмæ; и Кизгæн æ ном ба – Марийæ.
28 Изæд
бацудæй Марийæмæ æма Ин загъта:
– Цийнæ кæнæ, арфиаг! Бардар Хуцау Дæ хæццæ
’й, арфæгонд* Дæ силгоймæгти æхсæн.
29 Марийæ ба, уой рауингæй, фефсæрми æй æ дзубандитæй æма гъудити рандæ ’й, нур, цума, еци арфæ
ци уа, зæгъгæ.
30 Æма Ин Изæд загъта:
– Ма тæрсæ, Марийæ, уомæн æма Дæ Хуцауи хуарзæнхæ фæцæй;
31 æма басувæргин уодзæнæ, æма Дин
райгурдзæнæй Фурт, æма Ин ратдзæнæ ном Йесо.
32 Е
уодзæнæй цитгин, æма ’Й исхундæуодзæнæй Дуйнейдарæги Фурт, æма Ин Бардар Хуцау ратдзæнæй Æ
фидæ Дауити паддзахадæ;
33 æма æности паддзахеуæг
кæндзæнæй Иакови хæдзарæн, æма Æ паддзахадæн
кæрон нæ уодзæнæй.
34 Марийæ ба Изæдæн загъта:
– Æз лæг ку нæ зонун, уæд е куд уодзæнæй?
35 Изæд Ин дзуапп равардта:
– Сугъдæг Уод Дæ иссердзæнæй, æма Дæбæл Дуйнейдарæги тухæ исæмбæлдзæнæй; æма Сугъдæг игурд
дæр уомæн исхундæуодзæнæй Хуцауи Фурти.

36 Мæнæ Елисаветæн дæр, Дæ хеуонæн, æнæзæнæг
ке худтонцæ, уомæн дæр æ зæруайи райгурдзæнæй
фурт, æма кæдæй басувæргин æй, уæдæй ибæл нуре-
дæгæн æхсæзæймаг мæйæ цæуй. 37 Уомæн æма Хуцауи
дзурдтæй æнæхъаурæ некæци байзайуй.

38 Уæд Марийæ загъта:

– Бардар Хуцауи Цагъар дæн æз; дæ дзурд Мæбæл
æрцæуæд.

Æма Изæд Æ разæй рацудæй.

### Марийæ бабæрæг кодта Елисавети

39 Æма Марийæ еци рæстæг ахе раræвдзæ кодта æма
цурдгомау фæрраст æй хуæнхаг бæстæмæ, Иуди сахар-
мæ, 40 æма бацудæй Захарий хæдзарæмæ, æма бонхуарз
загъта Елисаветæн. 41 Елисаветæ Марийæй бонхуарз
ку фегъуста, уæд сувæллон æ губуни базмалдæй, æма
Елисаветæ исхайгин æй Сугъдæг Уодæй, 42 æма гъæ-
рæй ниддес æй, уæдта загъта:

– Арфæгонд Дæ силгоймæгти æхсæн, æма арфæ-
гонд æй, Дæ губуни ци Сувæллон ес, Е! 43 Æма куд
разиндтæн уой аккаг, æма мæмæ мæ Бардар Хуцауи
Мадæ æрбацæуа? 44 Уомæн æма Дин Дæ арфи дзурд
ку фегъустон, уæд мæ губуни сувæллон цийнæгæнгæ
базмалдæй. 45 Æма куд амондгун* æй, ка бауæндтæй,
е, уомæн æма, Бардар Хуцауи фæндæй, Æ загъд æр-
цæудзæнæй.

46 Æма уæд Марийæ загъта:

– Мæ зæрдæ стур кадæ кæнуй Бардар Хуцауæн,
47 æма Мæ уод бацийнæ кодта Хуцаубæл, Мæ Ервæ-
зунгæнæгбæл. 48 Уомæн æма Е æркастæй æ коммæгæс
Цагъар Кизгæмæ; æма Мæ еугур адæмти фæлтæртæ
нурæй-фæстæмæ арфæгонд хондзæнæнцæ; 49 æма Мæ
сбæрзонд кодта Тухгин Бардар Хуцау, æма Сугъдæг æй
Æ ном; 50 æма Си ка тæрсуй, уонæн ба – Æ хуарзæнхæ
фæлтæрæй-фæлтæрмæ; 51 Æ къохи хъаурæ равдиста;

ниххæлеу кодта сæ зæрдити зундæй хецмæрезти; 52 тух-
гинти рагæлста сæ бадæнтæй, сæрниллæгти ба ис-
бæрзонд кодта; 53 æстонгти бафсаста хуарзæнхитæй,
бонгинти ба æнæ нецæмæй рауагъта; 54 Æ зæрдæмæ
хæстæг райста Израили, Æ фурти, Æ хуарзæнхæ ин Æ
зæрдæбæл даргæй 55 нæ фиддæлтæн, Авраамæн æма æ
муггагæн æносмæ зæрдæ куд æвардта, уотæ.

56 Марийæ Елисаветæмæ фæцæй æртæ мæйей бæрцæ
æма раздахтæй æ хæдзарæмæ.

### Аргъауæг Иоанни райгурд

57 Елисаветæн ба æрхъæрттæй æ ниййерун афонæ,
æма ин райгурдæй фурт. 58 Æма ибæл Бардар Хуцау Е
стур арфæ ке бафтудта, уой фегъустонцæ æ синхонтæ,
æ хæстæгутæ æма цийнæ кодтонцæ æ хæццæ. 59 Æстæй-
маг бон æрцудæнцæ сувæллони сонæт* кæнунмæ æма
сæ фæндадтæй æ фидæ Захарий ном ибæл исæвæрун.
60 Фал æ мадæ загъта:

– Нæ, исхонæн æй Иоанн.

61 Æма ин загътонцæ:

– Дæ хæстæгутæй ауæхæн ном некæбæл ес.

62 Къохтæй амонгæй ин æ фиди фарстонцæ, циуа-
вæр ном дæ фæндуй исæвæрун, зæгъгæ. 63 Е ракурдта
фæйнæг æма ибæл ниффинста: «Æ ном æй Иоанн».

Æма еугурæй дæр деси бацудæнцæ. 64 Уайтæккæ дæр
æ цъух æма е ’взаг райхалдæнцæ æма дзорун райдæдта,
Хуцауæн арфæ кæнгæй. 65 Сæ фалдзос кадæр цардæй,
уони зæрдити тас ниххизтæй; æма еугур еци гъуддæг-
тæ рахабар кодтонцæ Иудейи æгас хуæнхбæсти дæр.
66 Хабар ка фегъуста, етæ ’й сæ зæрдæбæл бадардтонцæ
æма дзурдтонцæ:

– Ци уодзæнæй аци сувæллон?

Уомæн æма Бардар Хуцауи къох адтæй Иоанни хæц-
цæ.

## Захарий пахампар* дзубанди

67 Иоанни фидæ Захари исхайгин æй Сугъдæг Удæй,
райдæдта пахампареуæг кæнун æма дзурдта:
68 – Арфæгонд уæд Израили Еунæг Бардар Хуцау,
Æ адæми ка бабæрæг кодта æма син ервæзтдзийнадæ
ка æрхаста, 69 Е нин Æ фурт Дауити хæдзарвæндагæй
рарвиста цитгин ервæзунгæнæг – Æ Байзæддаги, Æ
Фурти.
70 Раги дзаманти Æ сугъдæг пахампарти цъухæй куд
фегъосун кодта, уотæ 71 Е мах фæййервæзун кæндзæ-
нæй не 'знæгтæй æма, æнæуинон кæмæн ан, уони
къохæй; 72 нæ фиддæлтæй хуарзæнхæ исаккаг кæн-
дзæнæй æма Æ фæдзæхст[a] æ зæрди æрлæуун кæн-
дзæнæй. 73 Е, нæ фидæ Авраамæн ци ард бахуардта,
еци ардбахуæрд нин лæвæрд цæуй. 74 Æдасæй, не
'знæгти къохæй ервæзт уогæй, 75 Ин лæггадæ кæн-
дзинан нæ цæргæ-цæрæнбæнтти Æ размæ кæдзосæй
æма рæстæй. 76 Дæу ба, сабий, исхондзæнæнцæ Дуй-
нейдарæги пахампар, уомæн æма Бардар Хуцауæн
æ разæй цæудзæнæ æма Ин æрцæттæ кæндзæнæ
Æ над, 77 Æ адæмæн Ин балæдæрун кæндзæнæ, сæ
фæййервæзун сæ тæрегъæдтæ* син ниххатир кæнуни
медæгæ ке æй; 78 уомæн æма нæ Хуцау уарзæгой æма
тæрегъæдгæнагæ æй. Æ хуарзæнхæмæ гæсгæ, нæмæ
уæлæрвтæй Хорзæрийнæ æрцæудзæнæй; 79 е ниррохс
кæндзæнæй, талинги ка 'й, уони, æма мæлæти аууо-
ни ка 'й, уони, æма нин нæ къæхтæ фарни надбæл
нийййараздзæнæй.

80 Сувæллон ба æ ирæзæ хаста æма удæй федар
кодта, æма, цалинмæ Израили адæммæ раргон æй,
уæдмæ цардæй æдзæрæг бæсти.

---

[a] 1.72 Кæсæ дзурдуати «Зæронд Фæдзæхст».

## Йесой райгурд

2 [1] Еци бæнтти кесæр* Август рауагъта бардзурд æгас
паддзахади адæми исфинст искæнун. [2] Сирий аци
исфинст адтæй фиццаг, уæд Сирий хецауеуæг кодта
Квириний. [3] Æма алке дæр æхе ниффинсунмæ рандæ
’й æ сахармæ. [4] Иосиф рацудæй Галилейæй, Назарети
сахарæй, Иудейæмæ , Дауит кæми райгурдæй, еци са-
хармæ, кæци хуннуй Вифлеем; уомæн æма е Дауити
аул æма муггагæй адтæй. [5] Æхе ниффинсун кæнунмæ
рандæ ’й курдуати ин бадæг Марийи хæццæ. Марийæ
ба æнгъæлдзау адтæй. [6] Вифлееми ку адтæнцæ, уæд æр-
хъæрттæй Æ ниййеруни афонæ; [7] æма Ин райгурдæй
фиццаг хатт Фурт. Батухта Æй хъумаци гæппæлти æма
’Й ниввардта кæвдæси, уомæн æма син фусунуати бу-
нат нæ разиндтæй.

## Фиййæуттæ æма Изæдтæ

[8] Еци рауæн, будури, адтæнцæ фиййæуттæ. Етæ æх-
сæви гъæуай кодтонцæ сæ дзогæ. [9] Фиййæутти рази
февзурстæй Бардар Хуцауи Изæд; Бардар Хуцауи кадæ
сæ ниррохс кодта, æма стур таси бацудæнцæ. [10] Фал
син Изæд загъта:

– Ма тæрсетæ, æз уин æрхастон, æгас адæмæн ка
уодзæнæй, уæхæн стур цийнæ: [11] абони уин Дауити
сахари райгурдæй Ервæзунгæнæг – Е æй Бардар Ху-
цау Киристе* ; [12] æма уин мæнæ нисан: Сувæллони
иссердзинайтæ хъумаци гæппæлти тухтæй, кæвдæси.

[13] Уæд æваст Изæди хæццæ фæззиндтæй нимæдзæй
берæ уæлæрвон æфсад æма кадæ кодта Хуцауæн:

[14] – Бæрзонди бадæг Хуцауæн – арфæ, зæнхæбæл –
фарнæ, хуæрззæрдæ адæмæн ба – хуæрзауодæн!

[15] Изæдтæ сæ разæй уæларвмæ ку исевгъудæнцæ,
уæд фиййæуттæ кæрæдземæн загътонцæ:

– Фæццæуæн Вифлееммæ æма æркæсæн, ци æрцу-
дæй, Бардар Хуцау нин цæй туххæй фегъосун кодта.

16 Ратагъд кодтонцæ уордæмæ; ку бахъæрттæнцæ, уæд
си баййафтонцæ Марийæ æма Иосифи, æма Сувæл-
лони, кæвдæси хусгæ. 17 Ку Æй фæууидтонцæ, уæд
радзурдтонцæ, еци Сувæллони туххæй син раздæр ци
дзурдтонцæ, уой. 18 Фиййæуттæ син ци загътонцæ,
е деси бафтудта, ка сæ фегъуста, уони еугурей дæр.
19 Марийæ ба и дзубандитæ æгасæйдæр æвардта Æ
зæрди æма сæбæл æ гъудитæ нивæнста. 20 Фиййæуттæ
раздахтæнцæ æма, ци фегъустонцæ, ци фæууидтон-
цæ, уой туххæй арфæ кодтонцæ Хуцауæн. Еугурæй
дæр рауадæй, куд син загъд адтæй уой туххæй, уотæ.
21 Аст боней фæсте, Сувæллонæн сонæт кæнгæ ку ад-
тæй, уæд Æй исхудтонцæ Йесо, Изæд Ин еци ном рага-
цау равардта, Æ Мади губуни дæр ку нæма адтæй, уæд.

## Йесой æрхастонцæ Ковæндонæмæ

22 Моисейи Æгъдаумæ* гæсгæ, сæ искæдзос кæну-
ни бæнттæ ку райевгъудæнцæ, уæд Æй Иосиф æма
Марийæ исхастонцæ Иерусалиммæ*, Бардар Хуцаумæ
равдесунмæ, 23 Бардар Хуцауи Æгъдауи куд финст æй,
уотæ: «Фиццаг сувæллон нæлæстæг ку уа, уæд лæвæрд
æрцæуæд Бардар Хуцауæн»; 24 уæдта, Бардар Хуцауи
Æгъдаумæ гæсгæ, нивондæн гъæуама æрхастайуонцæ
дууæ хъеуай, кенæ дууæ бæлæуи бæдоли.
25 Уæди дзамани Иерусалими адтæй еу лæг, æ ном
Симеон. Е адтæй раст æма Хуцаубæл æновуд адæймаг,
æнгъæл кастæй, Хуцау Израили кæд барæвдаудзæнæй,
уомæ; æма адтæй Сугъдæг Уодæй хайгин. 26 Сугъдæг Уод
ин рагацау фегъосун кодта, цалинмæ Киристе Бардар
Хуцауи фæууина, уæдмæ ин мæлæт фæууинæн ке нæй-
йес. 27 Æма ин Сугъдæг Уод æ зæрди ниввардта Хуцауи
Ковæндонæмæ æрцæун. Моисейи Æгъдау исæнхæст
кæнуни туххæй ниййергутæ Саби Йесой Хуцауи Ковæн-
донæмæ ку æрхастонцæ, 28 уæд Æй Симеон æхуæдæг æр-
байста æ къохтæмæ, арфæ ракодта Хуцауæн æма загъта:

29 – Зæрдæ мин куд байвардтай, Бардар Хуцау, уотæ
нур Дæ цагъари уадзис фарни хæццæ, 30 уомæн æма
мæхе цæстæй фæууидтон Дæуæй лæвæрд ервæзундзий-
надæ, 31 Ду еугур адæмти цæсгони рази ке æрцæттæ
кодтай, 32 рохс – муртакти* æхсæн рохситауæнæн, æма
Дæ Израили адæми намус.

33 Йесой туххæй ци загъд æрцудæй, е деси бафтудта
Сабий фидæ æма Мади. 34 Симеон сæбæл Хуцауи арфæ
бафтудта æма Йесой Мадæ Марийæн загъта:

– Мæнæ аци Сувæллони туххæй израилаг адæмæй
беретæ æрхаудзæнæнцæ, беретæ ба исбæрзонд уодзæ-
нæнцæ. Е расайдзæнæй буцæутæ, – 35 Дæуæн дæр
Дæ уоди бахездзæнæй церхъ – æма уотемæй беретæн
раргон уодзæнæнцæ сæ зæрдити арф æвæрд гъудитæ.

36 Уоми адтæй Аннæ-пахампар дæр, Асири хæдзар-
вæндагæй, Фануили кизгæ. Адтæй хъæбæр зæронд; æ
лæги хæццæ æ кизгон бæнттæй фæццардæй авд анзи;
37 байзадæй идæдзæй, æма ибæл нур цудæй æстай цуп-
пар анзи. Хуцауи Ковæндонæ некæд ниууагъта, ком
дардта æма кувта, бон-изæрмæ лæггадæ кодта. 38 Е дæр
сæмæ бацудæй еци рæстæги, кадæ кодта Хуцауæн æма,
Иерусалими иссæребарæмæ æнгъæл ка кастæй, уонæн
дзурдта Йесой туххæй.

### Æрбаздахтæнцæ Назаретмæ

39 Иосиф æма Марийæ, Бардар Хуцауи Æгъдаумæ
гæсгæ, алцидæр ку бакодтонцæ, уæд раздахтæнцæ
Галилейæмæ, сæ сахар Назаретмæ. 40 Сувæллон ба Æ
ирæзæ хаста æма федар кодта, æфтудæй Æ зундбæл,
хайгин адтæй Хуцауи фарнæй.

### Дууадæсанздзуд Йесо Хуцауи Ковæндони

41 Æ ниййергутæ Песахи* бæрæгбонмæ алли анз дæр
цудæнцæ Иерусалиммæ. 42 Йесобæл дууадæс анзи ку
исæнхæст æй, уæд дæр, æгъдаумæ гæсгæ, бæрæгбонмæ

рандæ ’нцæ Иерусалиммæ. 43 Бæрæгбони фæсте сæхемæ
ку ’здахтæнцæ, уæд æнагъон Йесо байзадæй Иерусали-
ми, æма уой Иосиф æма Æ Мадæ нæ бафеппайдтонцæ,
44 фал æнгъæл адтæнцæ, иннети хæццæ æрбацæуй,
зæгъгæ. Æма еу бони бæрцæ ку рацудæнцæ, уæд Æй
агорун райдæдтонцæ хæстæгутæ æма зонгити æхсæн.
45 Æма ’Й ку нæ иссирдтонцæ, уæд Æ агорæг раздах-
тæнцæ Иерусалиммæ.

46 Æртæ боней фæсте Æй иссирдтонцæ Хуцауи Ко-
вæндони, Йесо бадтæй ахургæнгути æхсæн, игъуста
сæмæ æма сæ алцæмæйти фарста; 47 ка Имæ игъуста,
етæ еугурæйдæр дес кодтонцæ Æ зунд æма дзуæп-
питæбæл. 48 Æма ’Й Æ ниййергутæ ку фæууидтонцæ,
уæд деси бацудæнцæ; Æ Мадæ Ин загъта:

– Мæ Хъæболæ, ци нин бакодтай? Дæ фиди хæццæ
Дæ стур хъонццæй агурдтан!

49 Йесо син загъта:

– Цæмæн Мæ агурдтайтæ? Æви сумах нæ зудтайтæ,
Æз гъæуама Мæ Фиди хæдзари ке уон, уой?

50 Фал син ци загъта, уой нæ балæдæрдтæнцæ. 51 Йе-
со рараст æй сæ хæццæ, æрцудæй Назаретмæ æма син
адтæй коммæгæс. Æма, ци ’рцудæй, уони еугурæйдæр
Æ Мадæ дардта Æ зæрди.

52 Йесойæн ба бонæй-бонмæ Æ зундбæл æфтудæй,
Æ ирæзæ хаста, Хуцауæн æма адæмæн уарзонæй.

## Аргъауæг Иоанн седуй тæрегъæдтæбæл фæсмон кæнунмæ

3 1 Е адтæй, кесæр Тивери финддæсæймаг анз хеца-
уеуæг ку кодта, уæд. Понтий Пилат* адтæй Иудейи*
хецау, Ирод – Галилейи тетрарх[a] æлдареуæггæнæг, е

[a] 3.1 *Тетрарх*– фиццаг аци дзурди медес адтæй «облæст, кенæ зæнхæн æ цуппæрæймаг хай»; фæстæдæр аци дзурд райдæдтонцæ

’нсувæр Филипп ба Итурейи æма Трахонити бæсти
тетрарх æлдареуæггæнæг, Лисани ба – Авилиний тет-
рарх æлдареуæггæнæг. 2 Кохентæн сæ сæйрагдæртæ
адтæнцæ Аннæ æма Каиафæ. Еци рæстæг ба Захарий
фурт Иоанн æдзæрæг бæсти адтæй, æма Хуцауи дзурд
адтæй Иоаннмæ.

3 Æма Иоанн зилдæй Иордани[a] еугур фалæнбула-
тæбæл æма амудта, зæгъгæ, цæмæй тæрегъæдтæ ха-
тиргонд уонцæ, уой туххæй сæбæл гъæуй æрфæсмон
кæнун æма аргъуд райсун; 4 Исай-пахампари киунуги
куд загъд æй:

«Æдзæрæг рауæн игъусуй федеуæги гъæлæс:
„Æрцæттæ кæнетæ Бардар Хуцауæн над, исраст
Ин кæнетæ Æ цæуæнтæ; 5 алли дæлфæзæ дæр
æхебæл уæлæмæ исхуæцæд, алли хонх æма къæ-
бур дæр æрниллæг уæнтæ, зулун нæдтæ исраст
уæнтæ, æма гургъахъ нæдтæ ислигъз уæнтæ;
6 æма алли адæймаг дæр фæууиндзæнæй Хуцауæй
лæвæрд ервæзундзийнадæ“».

7 Донæй аргъуд* есунмæ имæ ци берæ адæм цудæй,
уонæн Иоанн дзурдта:

– Хелаги цæуæт! Ка уин бацæуун кодта уæ зæрдити
Хуцауи федæни азарæй ледзуни гъуди? 8 Зæрдиуаго-
нæй ке æрфæсмон кодтайтæ, уой гъуддагæй равдесе-
тæ. «Нæ фиддæл Авраам æй» – уæхæн гъуди уæмæ ма
æрцæуæд. Зæгъун уин: Хуцауæн Æ бон æй аци дортæй
дæр Авраамæн цæуæт искæнун. 9 Фæрæт нуредæгæн
бæлæстæ бундзарæй ракалунмæ цæттæ ’й: хуарз рæзæ
ци бæласæбæл нæ зайуй, уой ракалунцæ æма ’й арти
багæлдзунцæ.

лæдæрун куд «бунæттон хецау», уотæ. Нæуæг Фæдзæхсти дза-
мани Иудейæ иссæй римаг зæнхи хай æма хæйттæгонд æрцу-
дæй. Алли хаййæн дæр адтæй æхе хецау, кенæ тетрарх.

[a] 3.3 *Иордан*– Геннисарети цадæ æма Мард денгиз ка еу кæ-
нуй, еци цæугæдон.

10 Адæм фарстонцæ Иоанни:
– Ци кæнгæ нин æй?
11 Е син дзуапп равардта:
– Дууæ хæдони кæмæн ес, е си раттæд, кæмæн нæййес, уомæн; æма хуаллаг кæмæ ес, е дæр уотæ бакæнæд.
12 Æрцудæнцæ донæй исаргъаунмæ хъалонесгутæ дæр æма ин загътонцæ:
– Ахургæнæг, ци кæнгæ нин æй?
13 Е син дзуапп равардта:
– Ци æмбæлуй, уомæй уæлдай адæмæй ма агоретæ.
14 Фарстонцæ 'й æфсæддонтæ дæр:
– Махæн ба ци кæнгæ 'й?
Иоанн син загъта:
– Маке стъегъетæ, маке фудкой кæнетæ, макæмæй маци есетæ æнхъерæнæй – уæ улупайæй арази уотæ.
15 Адæм Киристемæ æнгъæл ке кастæнцæ, уомæ гæсгæ еугурæйдæр гъуди кодтонцæ, кæд Иоанн Ки-
систе æй, зæгъгæ. 16 Иоанн еугуремæн дæр дзуапп
лæвардта:
– Æз уæбæл донæй аргъаун, фал æрбацæуй мæнæй Тухгиндæр – æз Ин Æ дзабури бос райхалуни аккаг дæр нæ дæн. Е уæбæл дзиуарæ 'фтаудзæнæй Сугъдæг Уодæй æма артæй. 17 Æ фиййагæ Æ къохи æй, æма искæдзос кæндзæнæй Æ мос, æма мæнæуæ бафснайдзæнæй Æ хуардони, зугун ба басодздзæнæй æнæхусгæ арти.
18 Иоанн берæ уæхæн дзубандитæй амудта адæмæн фарни уац æма сæ ахур кодта. 19 Тетрарх Иродæн берæ фудракæндтæ бантæстæй, е 'нсувæри уосæ Иродиади дæр ма æрхудта – уонити туххæй ин Иоанн уайдзæфтæ кодта. 20 Æ раздæри фудракæндтæбæл ма Ирод бафтудта никкидæр еу: Иоанни бакодта ахæстони.

## Иоанн донæй исаргъудта Йесобæл

21 Иоанн еугур адæмбæл донæй ку аргъудта, уæд исаргъудта Йесобæл дæр. Аргъуди фæсте Йесо ковгæ ку

кодта, уæд Арви дуар фегон æй, 22 Сугъдæг Уод Имæ æр-
цудæй бæлæуи хузи, æма уæларвæй æригъустæй гъæлæс:
– Ду Мæ уарзон Фурт Дæ, Дæу æй мæ хуарзæнхæ.

## Йесой фиддæлтæ

23 Йесо Æ архайд ку райдæдта, уæд Ибæл цудæй
дæс æма инсæй анзей бæрцæ. Æнгъæл куд адтæнцæ,
уомæ гæсгæ, адтæй Иосифи байзæддаг, Илий фурт.
24 Æ рагфиддæлтæ адтæнцæ: Матфат, Левий, Мелхий,
Ианнай, Иосиф, 25 Маттафийæ, Амос, Наум, Еслий,
Наггей, 26 Мааф, Маттафийæ, Шимьи, Иосих, Иодай,
27 Иоаннан, Рисай, Зоровавель, Салафииль, Нирий,
28 Мелхий, Аддий, Косам, Елмадам, Ир, 29 Иесо, Ели-
езер, Иорим, Матфат, Левий, 30 Симеон, Иудæ, Ио-
сиф, Ионан, Елиаким, 31 Мелеай, Маинай, Маттафай,
Нафан, Дауит, 32 Иессей, Овид, Воаз, Сала, Наассон,
33 Админ, Арни, Есром, Фарес, Иудæ, 34 Иаков, Исаак,
Авраам, Фарра, Нахор, 35 Серух, Рагав, Фалек, Эвер,
Сала, 36 Каинан, Арфаксад, Сим, Ной, Ламех, 37 Ма-
фусал, Енох, Иаред, Малелеил, Каинан, 38 Энос, Сиф,
Адам, Адами ба исфæлдиста Хуцау.

## Сайтан* æдзæрæг бунати æвзаруй Йесой

4 1 Йесо Иордани дони билæй æрбаздахтæй Сугъдæг
Уодæй хайгинæй, æма 'Й уой фæсте Сугъдæг Уод
фæххудта æдзæрæг бунатмæ. 2 Уоми æй дууинсæй бони
æвзурста сайтан . Еци бæнтти Йесо неци хуардта, æма
и рæстæг ку райевгъудæй, уæдта исæстонг æй. 3 Æма
Ин сайтан загъта

– Кæд Хуцауи фурт Дæ, уæд аци дорæн зæгъæ, æма
дзол феста.

4 Йесо ин дзуапп равардта:

– Финст æй: «Айдагъ дзолæй нæ цæрдзæнæй адæй-
маг, фал Хуцауи цифæнди дзурдæй дæр».

[5] Уæд Æй сайтан цæсти фæнникъулдмæ исиста бæр-
зонд рауæнмæ, фæууинун Ин кодта дуйней еугур пад-
дзахæдтæ [6] уæдта Ин сайтан загъта:
– Дæ дæлбарæ Дин бакæндзæнæн аци паддзахæд-
тæ еугурæй дæр сæ кади хæццæ, уомæн æма мæнæн
лæвæрд æнцæ, æма мæ кæмæн бафæндуй, уомæн сæ
радтун; [7] æма Дæ уæргутæбæл ку ’рлæууай мæ рази,
уæд еугурæй дæр уодзæнæнцæ Дæу.
[8] Йесо ин дзуапп равардта:
– Райеуварс Ми уо, сайтан; финст æй: «Ковæ æр-
мæстдæр Дæ Бардар Хуцаумæ æма лæггадæ кæнæ еу-
нæг Уомæн».
[9] Уæд Æй сайтан фæккодта Иерусалиммæ, æр-
лæуун Æй кодта Ковæндони уæлхæдзарæбæл æма
Ин загъта:
– Кæд Хуцауи Фурт Дæ, уæд Дæхе ардигæй рагæл-
дзæ, [10] уомæн æма финст æй «Æ Изæдтæн бафæдзæхс-
дзæнæй Дæу туххæй, цæмæй Дæ багъæуай кæнонцæ»;
[11] никкидæр ма: «Хæсдзæнæнцæ Дæ сæ къохтæбæл,
æма Дæ къах дорбæл дæр нæ искъуæрдзæнæ».
[12] Йесо ин дзуапп равардта:
– Загъд ’й: «Ма ’взарæ дæ Бардар Хуцауи».
[13] Сайтан Йесой аллихузи дæр ку бавзурста, уæд бал
æхе рæстæгмæ райста.
[14] Сугъдæг Уоди хъаурæй хайгин уогæй, Йесо æрба-
здахтæй Галилейæмæ, æма Æ кой райгъустæй еугур
бæстæбæл. [15] Адæми ахур кодта сæ синагогити*, æма
Ин кадæ кодтонцæ еугурæй дæр.
[16] Йесо æрцудæй, кæми исгъомбæл æй, еци Наза-
ретмæ. Æма, куд ахур адтæй, уотæ бабæй аци хатт дæр
сабати бони бацудæй синагогæмæ æма  ислæудтæй
адæмæн Сугъдæг Финст аргъаунмæ. [17] Равардтонцæ
Имæ Исайæ-пахампари киунугæ. Байгон æй кодта
æма иссирдта, мæнæ атæ финст кæми адтæй, еци
бунат:

18 «Бардар Хуцауи Сугъдæг
Уод Ми ес, уомæн æма Мæ
Е байсарста[a] æма равзурста
мæгуртæн фарни уац фегъо-
сун кæнунмæ, зæрдæсаст ка
’й, уони исдзæбæх кæнун-
мæ, уацайрæгтæн сæребари,
курмитæн цæстæй ракæсуни
афонæ ке ралæудтæй, уой
зæгъунмæ, гъезæмарæ кæн-
гути ба исуæгъдæ кæнун-
мæ, 19 Бардар Хуцауи хуæрзауодæни рæстæг ке
ралæудтæй, уой фегъосун кæнунмæ».



*Сугъдæг Финст кæми ес, уæхæн гæгъæди*

20 Йесо нихгæдта киунугæ, равардта æй лæггадæ-
гæнæгмæ æма исбадтæй, æма синагоги кадæр адтæй,
уони цæститæ ниндзаст æнцæ Йесомæ. 21 Æма син Е
райдæдта дзорун:

– Аци Сугъдæг Финст исæнхæст æй абони – ку имæ
игъустайтæ, уæд.

22 Сæ еугур дæр адтæнцæ арази, деси сæ бафтудтонцæ
æ фæрнæйдзаг* дзубандитæ, æма дзурдтонцæ:

– Айæ Иосифи фурт нæ ’й?

23 Йесо син загъта:

– Сумах Мин, æнæмæнгæ, зæгъдзинайтæ æмбесонд:
«Дзæбæхгæнæг, исдзæбæх кæнæ Дæхе! Мах фегъустан,
Капернауми берæ дессæгтæ скодтай. Искæнæ ами
дæр, Дæхе фидибæсти ци скодтæй, уой». 24 Фал уин
æцæг зæгъун: некæци пахампар фæууй нимад æ фи-
дибæсти. 25 Æцæг уин зæгъун: берæ седзæргæс уоститæ
адтæй Илий дзамани Израили, æртæ анзи æма æрдæг
арв уарун ку нæ лæвардта, æма æгас зæнхæбæл стонг

[a] 4.18 Хуцауи æвзурст адæймаги сæрбæл æркалиуонцæ хуæрздæфагæ сойнæ, кохен, кенæ паддзах цæмæй исуа, уой туххæй. Исæрдун – сæрмагонд æгъдау. Æ рахæсгæ нисанеуæг æй «Хуцауи æвзурст».

рæстæг ку скодта, уæд, 26 фал уонæй еуемæ дæр æрвист
н' адтæй Илиа – æрмæст Сидони размæ сахар Сарепти
цæрæг седзæргæс уосæмæ; 27 берæ хъотургинтæ* адтæй
Елисей-пахампари дзамани Израили, фал си, сирийаг
лæг, æ ном Нееман, зæгъгæ, уомæй æндæр еунæг дæр
не 'скæдзос æй.

28 Уой ку фегъустонцæ, уæд синагоги ка адтæй, етæ
еугурæй дæр хъæбæр исмæстгун æнцæ 29 æма исиста-
дæнцæ сæ бунæттæй, сахарæй Æй ракодтонцæ æма
'Й фæххудтонцæ, сæ сахар ци хонхбæл конд адтæй,
еци къæхæнæй рагæлдзунмæ; 30 фал Йесо се 'хсæнти
рацудæй æма рандæ 'й уордиги.

## Сайтангун исдзæбæх æй синагоги

31 Йесо æрцудæй галилейаг сахар Капернауммæ æма
алли сабати дæр адæми ахур кодта. 32 Æ ахурадæ сæ
деси æфтудта, уомæн æма баргинæй дзурдта. 33 Си-
нагоги адтæй, дæлуймон* ке уоди ниххизтæй, уæхæн
адæймаг, е нигъгъæр кодта:

34 – Ци Дæ гъæуй махæй, Назаретаг Йесо? Ду нæ
фесафунмæ æрцудтæ! Æз зонун, Ка дæ, уой – Ду Ху-
цауи Сугъдæг дæ.

35 Йесо дæлуймонæн бардзурд равардта:

– Банцайæ æма си рацо.



*Синагогæ*

Дæлуймон еци адæймаги синагоги тæккæ астæу
зæнхæбæл ниццавта æма си рацудæй, неци зиан ин
ракодта, уотемæй. 36 Æгас адæм дæр хъæбæр фæттарс-
тæнцæ æма дзурдтонцæ кæрæдземæн:

– Циуавæр хъаурæ æма тухæ ес Æ дзурди? Дæлуй-
монтæн бардзурд радтуй, æма рацæунцæ сайтангунтæй.

37 Æма Йесой кой райгъустæй Капернауми фалæн-
булай.

## Йесо исдзæбæх кодта Симони уоси мади æма иннети

38 Йесо синагогæй ку рацудæй, уæд бацудæй Симони
хæдзарæмæ. Симони уоси мадæ хъæбæр гъезæмарæ
кодта тæвдæнезæй. Æма Йесомæ адæм сæхе бахат-
тонцæ силгоймаги туххæй. 39 Йесо æ размæ бацудæй,
бардзурд равардта тæвдæнезæн, æма ’й тæвдæнез ниу-
уагъта. Уоййадæбæл силгоймаг исистадæй æма иуаз-
гутæн райдæдта лæггадæ кæнун.

40 Алли незæй сæйгитæ кæмæдæр адтæй, етæ Имæ
сæ хорнигулди фæсте æрхудтонцæ. Е си алкæбæл дæр
Æ къохтæ æривæридæ æма ’й, цид, исдзæбæх кæни-
дæ. 41 Æма си беретæй дæлуймонтæ рацудæнцæ æма
гъæр кодтонцæ:

– Ду Хуцауи Фурт дæ!

Фал сæ Йесо дзорун нæ уагъта, Киристе ке æй, уой
ке зонунцæ, уой.

## Йесо игъосун кæнуй фарни уац

42 Ку æрбабон æй, уæд Йесо рацудæй æма рараст
æй хебарæ рауæнмæ. Адæм Æй агурдтонцæ æма Имæ
æрцудæнцæ, æма ’Й нæ уагътонцæ сæ разæй рацæун.
43 Фал син Е загъта:

– Иннæ сахарти дæр Мæ гъæуй Хуцауи Паддзахади
фарни уац фегъосун кæнун, уомæн æма Æз уой тух-
хæй æрвист дæн.

44 Æма адæми ахур кодта Галилейи синагогити.

## Йесойæн фæззиндтæй фиццаг ахургæнуйнæгтæ

5 [1] Еухатт Йесо лæудтæй Геннисарети цади билæ-
бæл; адæм имæ сæхе куд ластонцæ æнтъуснæги
Хуцауи дзурд фегъосунмæ, [2] уотæ фæууидта дууæ бæ-
лæгъи цади лæугæ; кæсалгдзаутæ ба, бæлæгъæй ра-
хезгæй, сæ хизтæ кæдзос
кодтонцæ. [3] Йесо бахиз-
тæй бæлæгътæй еуемæ,
Симони бæлæгъмæ, æма
Имæ æхе бахатта, цæмæй
билæй еу минкъий райеу-
варс уонцæ, æма, æрбад-
гæй, адæми ахур кодта.
[4] Æ ахур ку фæцæй, уæд
Симонæн загъта:



*Кæсалгахæссæг æ хизтæ донæй исесуй*

– Дæ бæлæгъæй арф-
дæрмæ бацо æма уæ хиз-
тæ багæлдзетæ кæсалгæ
ахæссунмæ.

[5] Симон Ин дзуапп равардта:
– Зундамонæг, мах æгас æхсæвæ фæййархайдтан
æма неци ниййахæстан, фал Дæу дзурдæй ба багæлдз-
дзæнæн хизæ.
[6] Уотæ бакæнгæй, етæ ниййахæстонцæ уотæ берæ
кæсæлгитæ, æма сауæнгæ сæ хизæ скъунун райдæд-
та. [7] Æма иннæ бæлæгъи ка адтæй, еци æмбæлттæмæ
фæттилдтонцæ сæ къохтæ, цæмæй сæмæ æрбацæуонцæ
æнхусмæ; æма æрбацудæнцæ, дууæ бæлæгъи дæр уотæ
байдзаг кодтонцæ, æма син нихъхъулун райдæдтонцæ.
[8] Уой фæууингæй, Симон æрхаудтæй Йесой уæргутæ-
мæ æма загъта:
– Ниууадзæ мæ, Бардар Хуцау, уомæн æма æз тæре-
гъæдгун адæймаг дæн. [9] Симони дæр, уæдта æ хæццæ
ка адтæй, уони еугурей дæр стур таси бафтудта, уой-
бæрцæ кæсæлгитæ ке ниййахæстонцæ, е; [10] тас бацудæй

Симони æмбæлтти дæр – Зеведей фурттæ Иаков æма Иоанни. Æма Йесо загъта Симонæн:

– Ма тæрсæ, нурæй фæстæмæ ахæсдзæнæ адæймæгти.

11 Æма и дууæ бæлæгъи дæр билæмæ раластонцæ, ниууагътонцæ алци дæр æма Йесой фæдбæл рандæ ’нцæ.

### Хъотургин исдзæбæх æй

12 Йесо сахартæй еуеми ку адтæй, уæд фембалдæй, æ бауæр æнæгъæнæй дæр хъотури буни кæмæн фæцæй, уæхæн лæгбæл. Е Йесой ку фæууидта, уæд дæлгоммæ æрхаудтæй æма Ин лигъстæ кодта:

– Бардар, Дæ бон æй мæн искæдзос кæнун, куддæр
дæ бафæндæуа, гъеуæд. 13 Йесо радардта Æ къох, ба-
мбалдæй ибæл æма загъта:

– Фæндуй Мæ, искæдзос уо!

Æма уоййадæбæл æ хъотур рандæ ’й. 14 Йесо ин
ниффæдзахста, цæмæй æй макæмæн зæгъа, фал фæ-
ццæуа æма кохенæн æхе фæууинун кæна, уæдта, ке искæдзос æй, уой туххæй æрхæсса нивонд, Моисей* куд бафæдзахста, уотæ – ке исдзæбæх æй, уой туххæй æвдесæйнагæн[a].

15 Фал уæддæр Æ кой парахат кодта, цудæй Имæ хъæбæр берæ адæм байгъосунмæ æма незтæй дзæбæх
кæнунмæ. 16 Йесо ба, цид, рандæ ’й хебæрагæ рауæнтæмæ æма кувта.

### Иуæнгтæндзуг исдзæбæх æй

17 Еу бон Йесо адæми ку ахур кодта, æма уоми бадтæнцæ Галилейæ æма Иудейи алли гъæутæй, æма Иерусалимæй æрцæуæг фарисейтæ* æма динамонгутæ.

[a] 5.14 Уой фæсте адæймаг, дзиуиттæгти динмæ гæсгæ, искæдзос уидæ.



*Фарисей*

Æ медæгæ Бардар Хуцауи хъаурæ
адтæй, æма дзæбæх кодта сæйги-
ти. 18 Уæд еу кадæртæ гобанбæл
æрбахастонцæ иуæнгтæндзуг
адæймаги æма ’й архайдтонцæ
хæдзарæмæ бахæссун, æма ’й Йе-
сой рази æривæрунбæл; 19 фал си
берæ адæм ке адтæй, уомæ гæсгæ
æ бахæссун сæ бон нæ бацæй, уæд
исхизтæнцæ хæдзари сæрмæ æма
уобæлти сæйги æд гобан хæдзари
астæумæ, Йесой размæ, æруагъ-
тонцæ. 20 Йесо син фæууидта сæ
æууæндундзийнадæ æма иуæнг-
тæндзугæн загъта:

– Хатир дин æнцæ дæ тæре-
гъæдтæ.

21 Уæд динамонгутæ æма фарисейтæ кæрæдземæн
дзорун райдæдтонцæ: «Хуцауи нихмæ ка дзоруй, Е
ка ’Й? Еунæг Хуцауæй æндæр, тæрегъæдтæ ниххатир
кæнун ке бон æй?»

22 Йесо син базудта сæ гъудитæ æма син загъта:

– Цæмæн уотæ гъуди кæнетæ? 23 Ци æнцондæр æй
зæгъун: «Хатир дин æнцæ дæ тæрегъæдтæ» æви «Исис-
тæ æма райдайæ цæун?» 24 Фал сумах гъæуама зонайтæ,
Адæймаги Фуртæн* ке ес зæнхæбæл тæрегъæдтæ хатир
кæнуни барæ. Æма загъта иуæнгтæндзугæн:

– Дæумæ дзорун, исистæ, райсæ дæ гобан æма цо
дæ хæдзарæмæ!

25 Иуæнгтæндзуг уайтæккæ исистадæй сæ рази, исис-
та æ гобан æма, Хуцауæн табу кæнгæй, рандæ ’й æ
хæдзарæмæ. 26 Уæд еугурæй дæр деси бафтудæнцæ
æма табу кодтонцæ Хуцауæн. Тас си бацудæй æма
дзурдтонцæ:

– Дессаги гъуддæгтæ фæууидтан абони.

## Левий рандæ ’й Йесой хæццæ

27 Уой фæсте Йесо рацудæй уордиги æма фæууидта
еу хъалонесæги*, æ ном Левий, е бадтæй хъалонесæн
бунати. Йесо ин загъта:

– Рацо Мæ фæдбæл.

28 Левий алци дæр ниууагъта, исистадæй æма рандæ
’й Æ фæдбæл.

29 Левий æ хæдзари Йесойæн æривардта гъæздуг
фингæ, æма уоми адтæй берæ хъалонесгутæ ’ма æн-
дæртæ, сæ хæццæ ка бадтæй, уæхæнттæ. 30 Фарисейтæ
æма динамонгутæ хъур-хъур кодтонцæ æма Йесой
ахургæнуйнæгтæн дзурдтонцæ:

– Хъалонесгутæ æма тæрегъæдгунти хæццæ цæмæн
хуæретæ æма ниуазетæ?

31 Йесо син дзуапп равардта:

– Дзæбæхгæнæг æнæнезти нæ, фал незгунти гъæуй.
32 Æз æрцудтæн рæститæмæ нæ, фал тæрегъæдгунтæмæ
фæсседунмæ, цæмæй æрфæсмон кæнонцæ.

## Ком даруни туххæй

33 Уæд Æй бафарстонцæ:

– Иоанни ахургæнуйнæгтæ дæр æма фарисейти
ахургæнуйнæгтæ дæр арæх цæмæн дарунцæ ком æма
еудадзугдæр ковунцæ, Дæуугæнттæ ба хуæрунцæ æма
ниуазунцæ?

34 Йесо син загъта:

– Киндзæхсæвæри сиахси къуари хæццæ сиахс ку
уа, уæд уонæн ком дарун кæндзинайтæ? 35 Фал ралæу-
дзæнæй афонæ, сæ сиахс син ку байстæуа, æма уæд
еци рæстæги ба дардзæнæнцæ ком.

36 Ами син радзурдта фæсномуг дзубанди:

– Нæуæг дарæсæй гæбазæ неке раскъунуй, цæмæй
си зæронд дарæс бампъоза. Кенæ ба нæуæг дарæс дæр
нискъудтæ уодзæнæй, зæронд дарæсбæл дæр нæуæг
дарæсæй æмпъозæн не ’сбаддзæнæй. 37 Нæуæг сæнæ

дæр зæронд лалунти неке никкæнуй; кенæ ба нæуæг
сæнæ рарæмодздзæнæй лалунти, æма æхуæдæг дæр
ракæлдзæнæй, лалунти дæр фесафдзæнæй; 38 фал нæ-
уæг сæнæ нæуæг лалунти киндæуй, уæд сæ дууетæ дæр
æнæгъæнæй байзайдзæнæнцæ. 39 Зæронд сæнæй ка
баниуазуй, уой нæуæг сæнæ нæбал фæгъгъæуй, уомæн
æма фæззæгъуй: «зæронд хуæздæр æй».

### Йесо æма сабат

6 1 Йесо сабати фæццæйцудæй æфсергун хумти. Æ
ахургæнуйнæгтæ ратониуонцæ æфсертæ, сæ къох-
тæй сæ æуурстонцæ æма хуардтонцæ. 2 Фарисейтæй
син кадæртæ загътонцæ:
– Сабати ци нæ фæткуй, уой цæмæн кæнетæ?
3 Йесо син дзуапп равардта:
– Дауит, æ хæццæ ка адтæй, уони хæццæ ку исæс-
тонг æй, уæд ци бакодта, уой туххæй нæ аргъудтайтæ?
4 Бацудæй Хуцауи хæдзарæмæ[a], райста æма хуардта,
æрмæст кохентæн ци æмбалдæй хуæрун, еци нивонд
дзолтæ, æма ма си, æ хæццæ ка адтæй, уонæн дæр
равардта.
5 Æма син Йесо загъта:
– Адæймаги Фурт сабатæн дæр хецау æй.

### Йесо сабати дзæбæх кæнуй

6 Иннæ сабати бацудæй синагогæмæ æма ахур кодта
адæми. Адтæй си, æ рахес къох хускъæ кæмæн адтæй,
уæхæн адæймаг. 7 Динамонгутæ æма фарисейтæ ба сæ
цæстæ дардтонцæ Йесомæ, цума сабати дзæбæх кæн-
дзæнæй, цæмæй Æй фæффудгин кæнонцæ. 8 Фал син
Йесо зудта сæ гъудитæ æма, æ къох хускъæ кæмæн
адтæй, еци адæймагæн загъта:

[a] 6.4 *Хуцауи Хæдзарæ*– Иерусалими Ковæндонæ.

– Исистæ æма размæ рацо.
Е исистадæй æма размæ рацудæй. [9] Уæд син Йесо
загъта:
– Æз уæ фæрсун: ци кæнун гъæуй сабати, хуарз æви
лæгъуз? Уод фæййервæзун кæнун æви æ фесафун? Етæ
гъосæй лæудтæнцæ.
[10] Йесо сæ еугуребæл дæр рахаста Æ цæстæ æма
загъта цæнкулæн:
– Радарæ дæ къох.
Е бакодта уотæ, æма æ къох, инней хузæн, исдзæбæх
æй. [11] Динамонгутæ æма фарисейтæн сæ маст рафунх
æй, æма унаффæ кодтонцæ, Йесойæн сæ бон ци ба-
кæнун æй, уой туххæй.

### Дууадæс Амистоли

[12] Еци рæстæг Йесо хонхмæ иссудæй баковунмæ
æма æнæгъæнæ æхсæвæ уоми кувта Хуцаумæ. [13] Ку
’рбабон æй, уæд фæдздзурдта Æ ахургæнуйнæгтæмæ,
равзурста си дууадæс æма сæ исхудта Амистолтæ*:
[14] Петр, зæгъгæ, ке исхудта, еци Симони æма е ’нсу-
вæр Андрейи, Иакови æма Иоанни, Филиппи æма
Варфоломейи, [15] Матфейи æма Фомай, Алфейи фурт
Иакови æма, фæсномугæй Зилот ке худтонцæ, еци
Симони, [16] Иакови фурт Иуди æма Иудæ* Искариоти,
Йесобæл фæстæдæр гадзирахаттæй ка рацудæй, уой.
[17] Йесо сæ хæццæ хонхæй æрцудæй æма æрлæудтæй
тъæпæни. Уоми адтæнцæ Æ берæ ахургæнуйнæгтæ
дæр, никкидæр ма берæ адæм æгас Иудейæй æма Ие-
русалимæй, уæдта денгизи билгæрон Тир æма Сидони
зæнхитæй. [18] Етæ Имæ æрцудæнцæ байгъосунмæ æма
сæ незтæй фæййервæзунмæ, уæдта, дæлуймонтæ гъе-
зæмарæй ке мардтонцæ, етæ дæр; æма, цид, исдзæбæх
æнцæ. [19] Æма адæм еугурæйдæр архайдтонцæ Йесобæл
бамбæлунбæл, уомæн æма Си цудæй тухæ, æма дзæ-
бæх кодта æгасей дæр.

## Хуцауæй хуарзæнхæгонди фæдзæхститæ

20 Йесо, Æ ахургæнуйнæгтæмæ Æ цæстæнгас иса-
разгæй, дзурдта:
– Амондгун айтæ, феце уодтæ, уомæн æма Хуцауи
Паддзахадæ* сумах æй.
21 Амондгун айтæ, абони стонгæй мæлгутæ, уомæн
æма бафсæддзинайтæ. Амондгун айтæ, абони кæугутæ,
уомæн æма кæндзинайтæ цийнæ.
22 Амондгун айтæ, Адæймаги Фурти сæрбæл æнæуи-
нон ку фестайтæ адæмæн æма хъодигонд ку æрцæуай-
тæ, æма уæбæл цъифæ ку калонцæ, æма уин уæ ном
ку исæгадæ кæнонцæ, уæд. 23 Цийнæ кæнетæ еци бон
æма ирайгæ уотæ, уомæн æма уæмæ уæларви æнгъæл
кæсуй стур хуарзæнхæ. Аци адæми фиддæлтæ пахам-
партæн уотæ кодтонцæ.
24 Фал мæгур уæ бон, гъæздугутæ, сумах нур райс-
тайтæ уæ хуарзæнхи хай.
25 Мæгур уæ бон, абони æфсæститæ, уомæн æма
сумах исæстонг уодзинайтæ. Мæгур уæ бон, абони
цийнæгæнгутæ, уомæн æма сумах никкæудзинайтæ
æма нидздзиназдзинайтæ.
26 Мæгур уæ бон, еугур адæм дæр уæ хуарзи кой ку
кæнонцæ, уæд. Аци адæми фиддæлтæ мæнгæ пахам-
партæн уотæ кодтонцæ.
27 – Фал сумахæн, Мæнмæ игъосгутæн, зæгъун: уар-
зетæ уе 'знæгти, хуарз кæнетæ, сумахæй æ исæфт ка
уинуй, уонæн, 28 уæ балгъетгутæмæ дзæбæх дзоретæ,
коветæ уе 'фхуæргути туххæй. 29 Дæ уадолæ дин ка
ниццæва, уомæ бадарæ инней дæр. Æма дин еске дæ
пæлæз ку еса, уæд ин раттæ дæ хæдонæ дæр. 30 Кадæ-
риддæр ди ести ку кора, уæд ин раттæ, æма дæуæй ка
ци райса, уой фæстæмæ ма агорæ. 31 Адæммæ цæмæ
æнгъæлмæ кæсетæ, уой син кæнетæ уæхуæдтæ дæр.
32 Сумах ка уарзуй, уони ку уарзайтæ, уæд уой туххæй
циуавæр хуарзæнхи аккаг айтæ? Тæрегъæдгунтæ дæр

уарзунцæ, ка сæ уарзуй, уони. [33] Æма сумахæн хуарз
ка ракæнуй, кæд уонæн кæнетæ хуарз, уæд уой туххæй
циуавæр хуарзæнхи аккаг айтæ? Тæрегъæдгунтæ дæр
уотæ кæнунцæ. [34] Уæ зæрдæ кæбæл даретæ, бафеддзæ-
нæнцæ уин æй, зæгъгæ, кæд æфстау уонæн дæттетæ,
уæд уой туххæй циуавæр хуарзæнхи аккаг айтæ? Тæре-
гъæдгунтæ дæр тæрегъæдгунтæн æфстау фæддæттунцæ,
цæмæй фæстæмæ райсонцæ, цæйбæрцæ равардтонцæ,
уойбæрцæ. [35] Фал уарзетæ уе 'знæгти, хуарз кæнетæ æма
æфстау дæттетæ, фæстæмæ ести ке райсдзинайтæ, уомæ
æнгъæл нæ кæсгæй. Уæд уин уодзæнæй стур хуæрзеуæг,
æма уодзинайтæ Дуйнейдарæги бæдæлттæ, уомæн æма
Е хуарз цæстæй кæсуй, хуарздзийнадæ ка нæ лæдæруй,
уонæмæ дæр æма фудзæрдитæмæ дæр. [36] Мадта зæрдæ-
хæлар уотæ, уæ Фидæ куд зæрдæхæлар æй, уотæ.

### Иннетæн тæрхон ма кæнетæ

[37] Иннетæн тæрхон ма кæнетæ, æма уин уæхецæн
дæр тæрхон неке искæндзæнæй. Тæрхон макæмæн
рахæссетæ, æма уин тæрхон нæ рахастæуодзæнæй.
Хатир кæнетæ, æма уин уодзæнæй хатир. [38] Дæттетæ
æма уæхуæдтæ дæр райсдзинайтæ – уæ гъæбесмæ уин
æркалдæуодзæнæй раст, хуæрзнад æма цъоппидзаг ба-
рæнæй. Уомæн æма, ци барæнæй баретæ, гъеуæхæнæй
исбардзæнæнцæ сумахæн дæр.

[39] Йесо син радзурдта фæсномуг дзубанди дæр:

– Курми бон курми хонунгъон æй? Сæ дууæ дæр
уæрми нæ ниххаудзæнæнцæ? [40] Ахургæнуйнаг æ ахур-
гæнæгæй уæлдæр нæ 'й; фал алци дæр ка исахур кæ-
на, е исуодзæнæй æ ахургæнæги хузæн. [41] Ци кæсис
де 'нсувæри цæсти æрдомæ, дæхе цæсти ба æд къуала
бæласæ не 'стæфис? [42] Куд æй дæ бон де 'нсувæрæн
зæгъун: «Рахæссай, æз ба дин дæ цæстæй æрдо исе-
сон», дæхе цæсти æд къуала бæласæ ку нæ уинис, уæд?
Фæливд! Дæхе цæстæй бал æд къуала бæласæ исласæ

æма уæд фæууиндзæнæ, де ’нсувæри цæстæй æрдо куд
исласун гъæуй, уой.

### Бæласæ æма æ рæзæ

43 Лæгъуз рæзæ кæбæл зайуй, уæхæн хуарз бæла-
сæ нæййес, уæдта, хуарз рæзæ кæбæл зайуй, уæхæн
незгун бæласæ дæр нæййес. 44 Алли бæласæ дæр æ
рæзæй бæрæг фæууй, уомæн æма кокойни синдзæй
не ’ртонунцæ легъон*, къотæрæй ба – сæнæфсерæ.
45 Хуарз адæймаг æ зæрди хуарз хæзнадонæй рахæссуй
хуарзæнхæ; фудзæрдæ адæймаг ба æ зæрдæй рахæссуй
фудæнхæ. Уомæн æма, зæрдæ цæмæй идзаг фæууй,
цъухæй дæр е цæуй.

### Дорбæл конд хæдзарæ

46 Æз уин ци зæгъун, уой ку нæ кæнетæ, уæд Мæ
«Бардар, Бардар» ци хонетæ? 47 Мæнмæ æрцæугутæй
мæ дзубандитæмæ ка игъосуй æма сæ ка æнхæст кæнуй,
еци адæймаг ке хузæн æй, уой уин зæгъдзæнæн. 48 Арф
ка искъахта æма æ хæдзарæ дорæй конд бундорбæл ка
исæвардта, уæхæн хæдзаргæнæги хузæн æй. Дон ку
райвулдæй æма еци хæдзарæбæл ку рахуæстæй, уæд
æй фенкъусун кæнун æ бон нæ бацæй, уомæн æма
дорæй конд бундорбæл æвæрд адтæй. 49 Мæ дзубанди-
тæмæ ка игъосуй æма сæ ка не ’нхæст кæнуй, е ба, æ
хæдзарæ зæнхæбæл æнæ бундорæй ка искодта, уæхæн
адæймаги хузæн æй. Хæдзарæбæл дон ку рахуæстæй,
уæд уайтагъд æркалдæй æма еугурæй дæр ниппурх æй.

### Сæдихецауи фæсдзæуийнæ исдзæбæх æй

7 1 Йесо æ дзубанди ку фæцæй, ка имæ игъуста, еци
адæми хæццæ, уæд Капернауммæ бацудæй. 2 Еу
сæдихецау стур аргъ кæмæн кодта, еци фæсдзæуийнæ
ин адтæй мæлæти сæйгæ. 3 Йесой кой ку фегъуста, уæд

Имæ иудейти хестæрти барвиста лигъстæ кæнунмæ,
цæмæй æрцæуа æма ин æ фæсдзæуийни исдзæбæх
кæна. [4] Етæ æрцудæнцæ Йесомæ æма Ин хъæбæр нил-
лигъстæ кодтонцæ:

– Сæдихецау æй дæ аци æнхуси аккаг, [5] уомæн æма
уарзуй нæ адæми æма нин искодта синагогæ.

[6] Йесо рацудæй сæ хæццæ. Æ хæдзарæмæ ин ку ба-
хæстæг æй, уæд ин сæдихецау рарвиста е 'мбæлтти
зæгъунмæ:

– Бардар, дæхе ма тухсун кæнæ, уомæн æма æз уой
аккаг нæ дæн, æма Ду мæ хæдзарæмæ æрбацæуай,
[7] уомæ гæсгæ ба нæ банимадтон мæхе Дæумæ фæццæ-
уни аккагбæл дæр. Фал æрмæстдæр дæ цъухæй дзурд
исхауæд, æма мæ фæсдзæуийнæ исдзæбæх уодзæнæй.
[8] Уомæн æма æз мæхуæдæг дæр дæлбарæ лæг дæн, æма
мæ дæлбарæ дæр ес æфсæддонтæ. Еуемæн си фæззæ-
гъун: «Фæццо уордæмæ», æма фæццæуй. Иннемæн:
«Рацо ардæмæ», æма æрбацæуй. Мæ фæсдзæуийнæн
фæззæгъун: «Уой бакæнæ», æма 'й бакæнуй».

[9] Йесо уой ку фегъуста, уæд деси бафтудæй, Е 'ргон
разилдта, Æ фæсте ци берæ адæм цудæй, уонæмæ æма
загъта:

– Зæгъун уин, Израили адæми æхсæн дæр Æз ауæ-
хæн æууæнкæ не 'ссирдтон.

[10] Æрвист лæгтæ хæдзарæмæ ку бацудæнцæ, уæд
сæйгæ фæсдзæуийни дзæбæхæй баййафтонцæ.

## Седзæргæс уоси биццеу райгас* æй Наини

[11] Уой фæсте Йесо рараст æй, Наин[a] ке худтонцæ,
еци сахармæ. Æма Æ хæццæ цудæнцæ Æ ахургæнуй-
нæгтæй беретæ æма берæ адæм. [12] Сахари колдуармæ
ку бахæстæг æй, уæд рацæйхастонцæ мард, седзæр-
гæс уоси еунæг фурти. Силгоймаги хæццæ сахарæй

[a] 7.11 *Наин* – сахар Галилейи.

рацудæй берæ адæм. 13 Йесо седзæргæси ку фæууидта,
уæд ин æртæрегъæд кодта æма ин загъта:
– Ма ко.
14 Бацудæй кирæмæ æма ибæл бамбалдæй. Кирæ
хæсгутæ æрлæудтæнцæ. Уæд Йесо загъта:
– Лæппо, дæумæ дзорун, исистæ.
15 Мард æхебæл исхуæстæй, рабадтæй æма райдæдта
дзорун. Уæд æй Йесо равардта æ мадæмæ. 16 Еугуреми
дæр тас бацудæй æма табу кодтонцæ Хуцауæн:
– Стур пахампар фæззиндтæй не 'хсæн, æма Хуцау
æрцудæй æ адæммæ.
17 Йесой кой райгъустæй æгас Иудейи æма æ фæл-
дзости.

### Аргъауæг Иоанни минæвæрттæ

18 Иоаннæн æ ахургæнуйнæгтæ радзурдтонцæ еугур
уонити туххæй. 19 Иоанн фæдздзурдта æ ахургæнуй-
нæгтæй дууемæ æма сæ рарвиста Йесомæ бафæр-
сунмæ:
– Æрцæуйнаг Ка 'й, Е Ду дæ æви нæ æндæрмæ
æнгъæл кæсун гъæуй?
20 Етæ æрцудæнцæ Йесомæ æма Ин загътонцæ:
– Донæй Аргъауæг Иоанн нæ Дæумæ рарвиста ба-
фæрсунмæ: «Æрцæуйнаг Ка 'Й, е Ду дæ æви нæ æн-
дæрмæ æнгъæл кæсун гъæуй?»
21 Йесо еци рæстæг берæ адæмти фæййервæзун кодта
аллихузи незтæй, дæлуймонтæй, берæ курмити ракæ-
сун кодта сæ цæститæй. 22 Æма æрвист лæгтæн дзуапп
равардта:
– Цотæ æма зæгъетæ Иоаннæн, ци фæууидтайтæ
æма ци фегъустайтæ, уой: курмитæ райдæдтонцæ уи-
нун, къулухтæ цæун, хъотургинтæ кæдзос кæнунцæ,
къурутæ райдæдтонцæ игъосун, мæрдтæ æгас кæнун-
цæ, мæгуртæ игъосунцæ фарни уац; 23 æма амондгун
æй, Мæнбæл ка бауæнда, е.

## Йесо Иоанни туххæй дзоруй

24 Иоанни минæвæрттæ ку раздахтæнцæ, уæд Йесо
райдæдта Иоанни туххæй дзорун:
– Ци уинунмæ цудайтæ æдзæрæг бæстæмæ? Думгæ
ке змæлун кæнуй, еци хъæзæ уинунмæ? 25 Ци уинунмæ
цудайтæ? Фæлмæн дарæс кæбæл ес, еци адæймаги?
Фал гъæздуг дарæс ка даруй æма хъал цард ка кæнуй,
етæ паддзæхти галауанти цæрунцæ. 26 Ци уинунмæ
цудайтæ? Пахампари? Гъо, зæгъун, æма пахампарæй
дæр бæрзонддæр. 27 Иоанн æй, Сугъдæг Финст уотæ
ке туххæй зæгъуй, ке туххæй æвдесуй: «Мæнæ Æз Мæ
Изæди æрветун, цæмæй Дæ разæй цæуа æма Дин е
æрцæттæ кæндзæнæй Дæ развæндаг». 28 Уомæн æма
уин зæгъун: силгоймагæй ка райгурдæй, уонæй неке
æй Донæй Аргъауæг Иоаннæй уæлдæр; фал Хуцауи
Паддзахади тæккæ минкъийдæр æй Иоаннæй уæл-
дæр. 29 Æма Имæ ка игъуста, еци адæм еугурæйдæр,
хъалонесгутæ дæр Хуцауæн бакувтонцæ æма Иоаннæй
Донæй Аргъуд райстонцæ. 30 Фарисейтæ æма дина-
монгутæ[a] ба Хуцауи коммæ нæ бакастæнцæ, цума,
уони гъуддаг æппундæр н' адтæй, æма Иоаннæй нæ
райстонцæ Донæй Аргъуд.
31 Бардар Йесо загъта:
– Кæбæл рабарон аци адæми фæлтæр? Ке хузæн
æнцæ? 32 Сувæллæнтти хузæн æнцæ, сахари фæзи ка
бадуй æма кæрæдземæн уотæ ка зæгъуй: «Мах уин
уадиндзæй цагътан, æма сумах нæ кафтайтæ, мах уин
гъарæнгæ кодтан, æма сумах нæ кудтайтæ».
33 Уомæн æма æрцудæй Донæй Аргъауæг Иоанн, дзол
дæр нæ хуæруй, сæнæ дæр нæ ниуазуй, æма си зæгъетæ:
«сайтангун æй». 34 Æрцудæй Адæймаги Фурт, хуæруй
æма ниуазуй, æма Си зæгъетæ: «Мæнæ аци адæймаг,
хуæрун æма сæнæ ниуазун ка уарзуй, – хъалонесгутæ

[a] Кæсæ дзурдуати «Æгъдауи лæг».

æма тæрегъæдгунти лимæн». 35 Фал уæлзунди сувæл-
лæнттæ æнцæ уæлзундæн æ рæстдзийнадæ æвдесæг.

## Тæрегъæдгун силгоймаг байсарста Йесой

36 Фарисейтæй еу кадæр Йесой сæхемæ фæххудта
рæфтад искæнунмæ. Йесо бацудæй фарисейи хæ-
дзарæмæ æма фингæбæл æрбадтæй. 37 Еци сахари еу
тæрегъæдгун силгоймаг базудта, Йесо фарисейи хæ-
дзари фингæбæл ке бадуй, уой, æма æрхаста хуæрз-
дæфагæ сойнæй идзаг хъазар æрмæгæй конд гъосин.
38 Æрлæудтæй Æ фæсте, Æ къæхти рази, æма кæугæй
райдæдта Йесой къæхтæбæл æ цæстисуг æгъзалун,
сæрфта сæ æ дзиккотæй, батæ Ин кодта Æ къæхтæн
æма сæ исарста хуæрздæфагæй. 39 Йесой бахонæг
фарисей уой ку фæууидта, уæд рагъуди кодта: – А
пахампар ку уайдæ, уæд Ибæл ка æмбæлуй, циуавæр
силгоймаг æй, уой зонидæ, уомæн æма аци силгоймаг
тæрегъæдгун æй.

40 Йесо ин, дзуапп дæтгæй, загъта:

– Симон, еу дзурд дин ку зæгъинæ, е Мæ фæндуй.

Е дзуапп равардта:

– Зæгъæ ’й, Ахургæнæг.

41 Йесо загъта:

– Еу æфстаудæдтæгæн адтæй дууæ ихæсгини: еу
си дардта фондзсæдæ динари, иннæ ба – фæндзай,
42 фал сæ, цæмæй бафистайуонцæ, е сæмæ н’ адтæй,
æма дууемæн дæр ниххатир кодта. Зæгъай, уонæй æй
кæци фулдæр бауарздзæнæй?

43 Симон дзуапп равардта:

– Мæнмæ гæсгæ, фулдæр кæмæн нихxатир кодта, е.

Йесо ин загъта:

– Раст гъуди кæнис.

44 Йесо разилдæй силгоймагмæ æма Симонæн загъта:

– Уинис аци силгоймаги? Æз æрбацудтæн дæ хæдза-
рæмæ, æма Мин ду Мæ къæхтæ нихснунæн дон дæр

нæ равардтай, е ба Мин æ цæстисугтæй æрæвгъазта
Мæ къæхтæ æма сæ ниссæрфта æ дзиккотæй; 45 ду
Мин нæ раба кодтай, е ба Мин, ку æрбацудтæн, уæ-
дæй ардæмæ Мæ къæхтæн батæ кæнунæй не ’нцайуй;
46 ду Мин Мæ сæр сойнæй[а] нæ байсарстай, е ба Мин
Мæ къæхтæ хуæрздæфагæй байсарста. 47 Уомæ гæсгæ,
дин зæгъун: берæ ке бауарзта, уой туххæй ин барст
цæунцæ æ берæ тæрегъæдтæ. Минкъий барст кæмæн
æй, уомæн ба æ уарзт дæр минкъий æй.
48 Силгоймагæн ба загъта:
– Барст дин æнцæ дæ тæрегъæдтæ.
49 Йесой хæццæ фингæбæл ка бадтæй, етæ райдæд-
тонцæ дзорун:
– Е ка Æй, сауæнгæ тæрегъæдтæ дæр ка хатир кæ-
нуй?
50 Йесо ба силгоймагæн загъта:
– Дæ æууæндундзийнадæ дæ фæййервæзун кодта;
цо æма фæндараст уо.

### Силгоймæгтæ лæггадæ кæнунцæ Йесойæн

8 1 Уой фæсте Йесо зилдæй сахартæ ’ма гъæутæбæл,
игъосун кодта фарни уац Хуцауи Паддзахади тух-
хæй, Æ хæццæ адтæнцæ Æ дууадæс ахургæнуйнаги,
2 уæдта, дæлуймонти кæмæй расурдта æма незтæй ке
исдзæбæх кодта, еци силгоймæгтæ: Марийæ, Магда-
линæ ке худтонцæ, авд дæлуймони кæмæй рацудæй,
е, 3 уæдта Ироди хæдзарæн унаффæгæнæг ка адтæй,
еци Хузи уосæ Иоаннæ, уæдта Сусаннæ, уæдта берæ
æндæртæ – сæ еугур дæр Йесойæн сæ мулкæй лæг-
гадæ кодтонцæ.

---

[а] 7.46 *Сойнæй сæр исæрдун*– Хуцауи Ковæндони аргъуд сугъ-
дæг хуæздæфагæ сойнæй байсæрдиуонцæ адæймаги сæр, цæ-
мæй ибæл Хуцауи арфæ æрцудайдæ.

## Æмбесонд итауæги туххæй

4 Адæм фулдæрæй-фулдæр кодтонцæ, цудæнцæ Имæ
æгас сахартæй дæр. Йесо син радзурдта æмбесонд:
5 – Рацудæй итауæг æ нæмгутæ итаунмæ. Итаугæ-
итаун еугай нæмгутæ æрхаудтæнцæ надгæрон, къæхти
буни фæцæнцæ, æма сæ уæлæрвон мæргътæ рауигъ-
тонцæ; 6 иннетæ си æрхаудтæнцæ доргун рауæнмæ
æма, ку равзурстæнцæ, уæд ниссор æнцæ, уомæн æма
син дон н' адтæй; 7 иннетæ ба æрхаудтæнцæ синдзити
æхсæнмæ, æма и синдзæ райрæзтæй ама сæ никхорх
кодта; 8 иннетæ ба си бæзгæ мæрæмæ æрхаудтæнцæ, ис-
задæнцæ æма равардтонцæ сæдæ хатти фулдæр тиллæг.
Уой радзоруни фæсте Йесо гъæрæй загъта:
– Гъостæ кæбæл ес, е игъосæд!

9 Æ ахургæнуйнæгтæ 'Й бафарстонцæ:
– Ци амонуй аци æмбесонд?
10 Йесо син загъта:
– Сумахæн Хуцауи Паддзахади сосæгдзийнæдтæ
зонун лæвæрд æй, иннетæн ба сæ æмбесонди хузи
амонунцæ уотæ, æма кæсгæй нæ уинунцæ, игъосгæй
ба нæ лæдæрунцæ.
11 Мæнæ ци амонуй аци æмбесонд: Хуцауи дзурд нæ-
муг æй; 12 надгæрон ка 'рхаудтæй, етæ ба уæхæн адæм
æнцæ: дзурд фегъосунцæ, фал сæмæ фæстæдæр æрцæ-
уй сайтан æма син и дзурд сæ зæрдæй байсуй, цæмæй
си ма баруагæс уа, æма ма фæййервæзонцæ; 13 доргун
рауæн ка 'рхаудтæй, етæ ба уæхæн æнцæ: дзурд ку фе-
гъосунцæ, уæд æй цийнæгæнгæ сæ зæрдæмæ райсунцæ,
фал æнæуедагæ 'нцæ – æуууæндунцæ рæстæгмæ, фæл-
варæнти ку бахаунцæ, уæдта бабæй ниууадзунцæ сæ
æуууæндундзийнадæ; 14 синдзити æхсæн ка 'рхаудтæй,
етæ ба уæхæн æнцæ: дзурд фегъосунцæ, фал син фæстæ-
дæр царди мæтæ, мулк æма зæнхон хейерхæфсæнтæ сæ
хорхбæл никхуæцунцæ, æма не 'сцæттæ унцæ; 15 бæзгæ

мæрæмæ ка ’рхаудтæй, етæ ба уæхæн æнцæ: фегъосунцæ дзурд, дарунцæ ’й сæ фæлмæн æма кæдзос зæрди, æма, фæразон ке ’нцæ, уой фæрци син берæ бантæсуй.

Уой радзоруни фæсте Йесо гъæрæй загъта:

– Гъостæ кæбæл ес, е игъосæд!

## Æмбесонд цирагъи туххæй

[16] – Цирагъ ка иссодзуй, е æй гъосини буни нæ ба-
нимæхсуй, кенæ ’й хуссæни буни нæ ниввæруй, фал
æй исæвæруй цирагъдарæнбæл, цæугутæ рохс куд уи-
нонцæ, уотæ. [17] Уомæн æма, ци нæ раргон уа, уæхæн
сосæггаг нæййес, æма ке нæ базундæуа, бони рохсмæ
ка нæ раргон уа, уæхæн сосæгдзийнадæ нæ фæууй.
[18] Мадта, цид, лæмбунæг уотæ, куд игъосетæ æма лæ-
дæретæ, уомæ: уомæн æма кæмæ ес, уомæн лæвæрд
æрцæудзæнæй, кæмæ нæййес, уомæй ба ист æрцæу-
дзæнæй, ес мæмæ, зæгъгæ, цæмæй æнгъæл æй, е дæр.

## Йесой Мадæ æма æнсувæртæ

[19] Йесомæ æрцудæнцæ Æ Мадæ æма Е ’нсувæртæ,
æма син берæ адæмæй Имæ нæ бантæстæй бацæун.
[20] Æма Ин балæдæрун кодтонцæ:

– Дæ Мадæ æма Де ’нсувæртæ æндегæй лæуунцæ æма сæ Дæ фæууинун фæндуй.

[21] Йесо син дзуапп равардта:

– Хуцауи дзурдмæ ка игъосуй, æма ’й ка æнхæст кæнуй, етæ ’нцæ Мæ Мадæ ’ма Ме ’нсувæртæ.

## Карз думгæ байгъуста Йесомæ

[22] Еухатт Йесо Æ ахургæнуйнæгти хæццæ бæлæгъмæ
бахизтæй æма син загъта:

– Бахезæн цади иннæ фарсмæ.

Æма рараст æнцæ. [23] Сæ над дардтонцæ, æма Йесо
рафунæй æй. Цади ба исистадæй тухгин уадæ, дон
бæлæгъмæ калдæй, æма адтæнцæ тæссаг уавæри. [24] Уæд

ахургæнуйнæгтæ Йесомæ бацудæнцæ, райгъал Æй кодтонцæ æма Ин загътонцæ:

– Зундамонæг! Зундамонæг, исæфæн!

Æма Йесо исистадæй, бардзурд равардта уадæ æма уолæнтæн; етæ банцадæнцæ, æма сæ фалæнбулай нис-
сабур æй. [25] Йесо Æ ахургæнуйнæгтæн загъта:

– Уæ æууæндундзийнадæ кæми 'й?

Етæ фæттарстæнцæ æма десгæнгæ кæрæдземæн дзурдтонцæ:

– А Ка уа, æма уадæ æма донæн бардзурд Ка дæдтуй, æма етæ Ке коммæ кæсунцæ?

## Йесо исдзæбæх кодта сайтангуни

[26] Бахъæрттæнцæ, Галилейи бакомкоммæ цади æндаг
фарс ка ес, еци гадарийаг бæстæмæ. [27] Йесо билæмæ
ку рахизтæй, уæд Ибæл исæмбалдæй, раздæр хæстæг
сахари ка цардæй, уæхæн сайтангун лæг. Е рагæй дæр
дарæс нæ дардта, цардæй хæдзари нæ, фал зæппæдзти.
[28] Йесой ку фæууидта, уæд нигъгъæр кодта, æрхаудтæй
Æ рази æма гъæрæй загъта:

– Ци Дæ гъæуй мæнæй, Йесо, Дуйнейдарæг Хуцауи Фурт? Лигъстæ Дин кæнун, гъезæмарæй мæ ма марæ!

[29] Уомæн æма Йесо дæлуймонæн равардта еци адæй-
магæй рацæуни бардзурд. Дæлуймон уой рагæй гъезæ-
марæй мардта. Гъæуай кæнгæй, æй исбæдтиуонцæ рæ-
хистæ 'ма хъадаматæй, фал æ бæттæнтæ рарæдовидæ,
æма 'й дæлуймон фæттæридæ æдзæрæг рауæнтæмæ.
[30] Йесо æй бафарста:

– Дæ ном куд æй?

Е загъта:

– Легион[a], – уомæн æма си берæ дæлуймонтæ бацудæй.

---

[a] 8.30 *Легион*– римаг æфсади хай. Рагон дзаманти легиони уидæ 3000 æфсæддони, Римаг империй доги ба – 6000 гæрзефтонг æфсæддоней бæрцæ. Легионæн разамунд лæвардта легат. Дзурд «легиони» рахаст нисанеуæг æй «егъау æфсад».

31 Æма дæлуймонтæ курдтонцæ Йесойæй, цæмæй
сæ æнæбун арфмæ ма рарвета.

32 Уоми хонхбæл хизтæй хути стур æрдонг, æма дæ-
луймонтæ Йесойæй курдтонцæ хути бацæуни барæ. Йе-
со син барæ равардта. 33 Дæлуймонтæ, еци адæймагæй
рацæугæй, хути бацудæнцæ, æма æрдонг къæхæнæй
æхе фехста цадæмæ æма ниннихъхъулдæй.

34 Ци ’рцудæй, уой хугæстæ ку фæууидтонцæ, уæд
ралигъдæнцæ æма хабар радзурдтонцæ сахар æма гъæу-
ти. 35 Æма, ци ’рцудæй, уой фæууинунмæ рацудæн-
цæ адæм. Æрбацудæнцæ Йесомæ æма, дæлуймонтæ
кæмæй рацудæнцæ, еци лæги фæууидтонцæ Йесой
къæхтæмæ бадгæ, æ дарæси, æ зунд æхемæ, уотемæй,
æма истарстæнцæ. 36 Ци ’рцудæй, уой фæууинæг адæм
син радзурдтонцæ, сайтангун куд исдзæбæх æй, уой
туххæй. 37 Æма Гадари зæнхи фалæнбулай еугур цæр-
гути дæр стур тас ке бацудæй, уой туххæй Йесойæй
курдтонцæ, цæмæй уордиги рандæуа. Йесо бахизтæй
бæлæгъмæ æма фæстæмæ, цади иннæ билæмæ раз-
дахтæй. 38 Дæлуймонтæ кæмæй рацудæй, еци лæг Ин
лигъстæ кодта, цæмæй æй уадза Æ хæццæ. Фал æй
Йесо рарвиста æма ин загъта:

39 – Раздæхæ дæ хæдзарæмæ æма радзорæ, Хуцау
дин ци искодта, уой.

Лæг рандæ ’й, æма æгас сахари дæр радзурдта, Йесо
ин ци искодта, уой туххæй.

### Кизгæ райгас æй, силгоймаг исдзæбæх æй

40 Йесо ку раздахтæй, уæд Ибæл адæм æхцæуæнæй
исæмбалдæнцæ, уомæн æма Имæ сæ еугур дæр æн-
гъæлмæ кастæнцæ. 41 Æма Имæ мæнæ æрбацудæй еу
лæг, æ ном Иаир, синагоги хецау. Æхе æргæлста Йесой
къæхти бунмæ æма Ин лигъстæ кодта, æ хæдзарæмæ
ин цæмæй бацæуа, уой туххæй, 42 уомæн æма æ еу-
нæг кизгæ, цудайдæ ибæл дууадæс анзи, мæлгæ кодта.

Йесо ку фæццæйцудæй, уæд Æй адæм фæйнердиги
æлхъивтонцæ. 43 Еу силгоймагæн дууадæс анзи æ тог
цæунæй не ’нцадæй. Æ еугур мулк дæр дохтиртæбæл
бахарз кодта, фал æ исдзæбæх кæнун неке бон бацæй.
44 Силгоймаг фæстæрдиги бацудæй Йесомæ, бамбал-
дæй Ин Æ пæлæзи думæггагбæл, æма æ тог æ цæунæй
банцадæй. 45 Уæд Йесо загъта:

– Ка Мæбæл æрбамбалдæй?

Æма сæ еугур дæр «нæ» ку дзурдтонцæ, уæд Ин
Петр загъта:

– Зундамонæг! Адæм Дæбæл æрæмбурд æнцæ æма
дæ æлхъевунцæ, Ду ба зæгъис: ка Мæбæл æрбамбалдæй.

46 Фал Йесо загъта:

– Кадæр Мæбæл æрбамбалдæй, уомæн æма Ми ци
тухæ рацудæй, уой Æз балæдæрдтæн.

47 Силгоймаг, æ гъуддаг ке раргон æй, уой ку базудта,
уæд Имæ тæрсгæ-резгæй бацудæй æма Ин æ къæхтæ-
мæ æхе æргæлста. Цæй туххæй Ибæл бамбалдæй æма
уайтагъд куд исдзæбæх æй, уой радзурдта æгас адæми
рази. 48 Йесо ин загъта:

– Мæ кизгæ, дæ æуулæндундзийнадæ дæ исдзæбæх
кодта; фарни хæццæ рафæндараст уо.

49 Йесо æ дзубанди нæма фæцæй, уотемæй синагоги
хецаумæ еу кадæр æрцудæй æ хæдзарæй æма ин загъта:

– Дæ кизгæ рамардæй. Ахургæнæги мабал тухсун
кæнæ.

50 Фал Йесо уой ку фегъуста, уæд синагоги хецауæн
загъта:

– Ма тæрсæ, æрмæст æууæндæ, æма фæййервæз-
дзæнæй.

51 Æма ин æ хæдзарæмæ ку æрцудæй, уæд Петр, Ио-
анн æма Иакови, уæдта сабий фидæ æма мадæй æндæр
неке бауагъта Æ хæццæ медæмæ бацæун. 52 Адæм еугу-
рæй дæр кудтæнцæ æма гъарæнгæ кодтонцæ кизгæбæл.
Фал син Йесо загъта:

– Ма котæ; мæлгæ нæ ракодта, фунæй æй.
53 Æма Ибæл худтæнцæ, уомæн æма, ке рамардæй,
уой зудтонцæ. 54 Фал ин Йесо, еугурей дæр æндæмæ
ратæргæй, ниххуæстæй æ къохбæл æма имæ гъæр ис-
дзурдта:
– Кизгæ, рабадæ!
55 Кизгæмæ æриздахтæй æ уод, æма уоййадæбæл ра-
бадтæй. Йесо кизгæн хуæруйнаг радтун кодта. 56 Кизги
нийиергутæ деси бацудæнцæ, фал син Йесо бафæдзахста,
цæмæй, ци æрцудæй, уой туххæй макæмæн радзоронцæ.

## Йесо рарвиста дууадæс ахургæнуйнаги

9 1 Йесо фæдздзурдта æ дууадæс ахургæнуйнагемæ
æма син тухæ равардта, цæмæй сæ барæ цæуа еугур
дæлуймонтæбæл дæр, æма адæми дзæбæх кæнонцæ сæ
незтæй, 2 æма сæ рарвиста Хуцауи Паддзахади туххæй
уац хæссунмæ æма сæйгити дзæбæх кæнунмæ. 3 Æма
син Йесо загъта:
– Маци райсетæ фæндагмæ: нæдæр лæдзæг, нæдæр
хурдзин, нæдæр хуаллаг, нæдæр æхца, нæдæр æййевæн
дарæс, 4 кæцифæнди хæдзарæмæ дæр ку бацæуайтæ, уæд
си байзайетæ, æма, цид, уордиги рацотæ уæ балци. 5 Еске
уæ ку нæ исиуазæг кæна, уæдта, уомæн æвдесæйнагæн,
еци сахарæй рацæугæй, æрцæгъдетæ уæ къæхти ругæ.
6 Ахургæнуйнæгтæ рандæ ’нцæ æма зилдæнцæ гъæу-
тæбæл, алли рауæн дæр игъосун кодтонцæ фарни уац
æма дзæбæх кодтонцæ сæйгити.

## Иროди фæндуй Йесой фæууинун

7 Еугур еци цаути туххæй фегъуста тетрарх Ирод æма
гузавæ кодта, уомæн æма еуетæ дзурдтонцæ, е Иоанн
райгас æй мæрдтæй, зæгъгæ; 8 иннетæ: Илиа, дан, æр-
цудæй; иннетæ дзурдтонцæ, рагон пахампартæй, дан,
кадæр райгас æй. 9 Фал Ирод загъта:

– Иоаннæн æз æ сæр ку ракъуæрдтон, уæд, уони-
ти Ке туххæй игъосун, Е ка æй? Æма ’й фæндадтæй
Йесой фæууинун.

### Йесо бафсаста фондз мин лæги

10 Амистолтæ ку æрбаздахтæнцæ, уæд Йесойæн ра-
дзурдтонцæ, ци искодтонцæ, уонити. Йесо сæ Æ хæц-
цæ рахудта, æма хебарæй рандæнцæ ревæд рауæнмæ,
Вифсаидæ ке худтонцæ, еци сахарæрдæмæ. 11 Фал
адæм уой ку базудтонцæ, уæд Æ фæдбæл рацудæн-
цæ. Йесо сæ рахудта Æ хæццæ, дзурдта син Хуцауи
Паддзахади туххæй æма дзæбæх кодта, дзæбæх кæ-
нун ке гъудæй, уони. 12 Бон изæр кæнун райдæдта.
Æрбацудæнцæ Имæ дууадæс ахургæнуйнаги æма Ин
загътонцæ:

– Адæми рауадзæ фалæнбулай гъæутæмæ æхсæвеуат
æркæнунмæ æма сæхецæн хуаллаг исамал кæнунмæ.
Уомæн æма ами фæсвæд рауæн ан. 13 Фал син Йесо
загъта:

– Сумах син раттетæ хуæруйнаг.

Етæ дзуапп равардтонцæ:

– Махмæ фондз дзоли æма дууæ кæсалгемæй æндæр
неци ес. Æма нин аци адæми фагæ хуаллаг æлхæнун-
мæ цæугæ ’й?

14 Уомæн æма си фондз мин лæгей бæрцæ адтæй.
Фал Йесо Æ ахургæнуйнæгтæн загъта:

– Æрбадун сæ кæнетæ къуæрттæ-къуæрттæй, къуари
фæндзай лæги куд уа, уотæ.

15 Еугурей дæр æрбадун кодтонцæ, загъд син, куд
адтæй, уотæ. 16 Йесо райста фондз дзоли æма дууæ
кæсалги, искастæй уæларвмæ, Хуцауæн арфæ ракодта,
расаста сæ æма сæ ахургæнуйнæгтæмæ равардта адæ-
мæн байуарунмæ. 17 Бахуардтонцæ еугурæй дæр æма
бафсастæнцæ. Æма ма ци кæрститæ байзадæй, уонæй
ба байдзаг æй дууадæс бæтмани.

## Петр Йесой исхудта Киристе

18 Еу хатт Йесо кувта хебарæй, æма Æ ахургæнуй-
нæгтæ дæр Æ хæццæ адтæнцæ. Йесо сæ бафарста:
– Кæбæл Мæ нимайунцæ адæм? 19 Етæ дзуапп ра-
вардтонцæ:
– Еуетæ – Аргъауæг Иоаннбæл, иннетæ – Илиа-
бæл; аннетæ ба зæгъунцæ, рагон пахампартæй кадæр
райгас æй, зæгъгæ.
20 Йесо сæ бафарста:
– Сумах ба Мæ кæбæл нимайетæ?
Петр Ин дзуапп равардта:
– Хуцауи Киристебæл[a].
21 Æма син Йесо хъæбæр бафæдзахста, цæмæй уой
туххæй макæмæн дзоронцæ.
22 Загъта ма син:
– Адæймаги Фурт гъæуама бавзара берæ гъезæмæрт-
тæ: адæми хестæртæ, кохентæн сæ сæйрагдæртæ æма
'Й динамонгутæ бафхуæрдзæнæнцæ, рамардзæнæнцæ
'Й, æртиккаг бон ба райгас уодзæнæй.

## Куд цæугæ 'й Йесой фæдбæл

23 Сæ еугуремæн ба загъта:
– Мæн фæсте цæун ке фæндуй, е æхе феронх кæ-
нæд, алли бон дæр, цид, райсæд æ дзиуарæ[b] æма цæуæд
Мæ фæдбæл. 24 Уомæн æма, æ уод багъæуай кæнун ке
фæндуй, е сæрисæфт фæуудзæнæй, æ уод Мæн сæр-
бæл ка фесафа, е ба æй багъæуай кæндзæнæй.
25 – Мадта адæймаг æгас дуйне æхе ку бакæна, æхе
ба ку бабун кæна, кенæ сæрисæфт ку фæууа, уæд ин
е ци пайда æй? 26 Мæнæй æма мæ дзубандитæй ка

[a] 9.20 *Киристе* – рагон бердзейнаг æвзагæй «исæрст». Кæсæ дзурдуатон уацгъуди «Киристе».

[b] 9.23 Дзиуарæ æй киристон дини символ æма æй табуйаг. Киристон дини ахуради æвдесуй, Киристе адæми сæрбæл Æхе нивондæн ке æрхаста, уой.

фефсæрми уа, уомæй фефсæрми уодзæнæй Адæйма-
ги Фурт дæр, Æхе, Æ Фиди æма Æ Сугъдæг Изæдти
Кади хæццæ ку æрцæуа, уæд. 27 Æцæгæй уин зæгъун:
ами ка лæууй, уонæй еуæй-еуетæ нæ рамæлдзæнæнцæ,
цалинмæ Хуцауи Паддзахадæ фæууинонцæ, уæдмæ.

**Йесо Æ ахургæнуйнæгтæн равдиста Æ Кадæ**

28 Еци дзубандитæбæл аст боней бæрцæ ку рацудæй,
уæд Йесо Æ хæццæ Петр, Иоанн æма Иакови рахудта
æма хонхмæ иссудæй баковунмæ. 29 Ку кувта, уæд Æ
цæсгони хузæ райййивта, Æ дарæс ба иссæй сæнтуорс
æма тæмæнтæ калдта. 30 Æма дин мæнæ дууæ лæги дзу-
банди кæнунцæ Æ хæццæ, етæ адтæнцæ Моисей æма
Илиа; 31 фæззиндтæнцæ уæлæрвон намуси хæццæ æма
дзурдтонцæ Йесой рандæуни туххæй – Е Иерусалими ци
искæндзæнæй, уобæл. 32 Петр æма е ’мбæлццæнттæбæл
ба хуссæг фæттухгин æй; ку райгъал æнцæ, уæд фæууид-
тонцæ Йесой намус æма дууæ лæги Æ хæццæ лæугæ.
33 Æма етæ Йесойæй ку цудæнцæ, уæд Ин Петр загъта:

– Зундамонæг, ами нин ци хуарз æй! Искæнæн æртæ
уосонги: еу Дæуæн, еу Моисейæн æма еу Илиайæн.

Ци дзурдта, уой æхуæдæг дæр нæ лæдæрдтæй. 34 Петр
æ дзубанди нæма фæцæй, уотæ мегъæ фæззиндтæй
æма сæ æримбарзта. Мегъи ку ранигъулдæнцæ, уæд
фæттарстæнцæ. 35 Æма мегъæй райгъустæй гъæлæс:

– Айæ, Ке исæвзурстон, Мæ еци Фурт æй. Игъо-
сетæ Имæ.

36 Гъæлæс ку райгъустæй, уæд Йесой хæццæ некебал
адтæй. Ахургæнуйнæгтæ ци фæууидтонцæ, уой басосæг
кодтонцæ æма ’й уæд некæмæн радзурдтонцæ.

**Æнагъон сайтангун исдзæбæх æй**

37 Дуккаг бон, хонхæй ку æрцудæнцæ, уæд Йесой
размæ рацудæй берæ адæм. 38 Адæми разæй кадæр
нигъгъæр кодта:

– Ахургæнæг, корун Дæ, æма мин мæ фуртмæ æркæ-
сæ, еунæг бæдолæ мин æй. 39 Дæлуймон æй ниййахæссуй,
бицщеу æваст нигъгъæр кæнуй, æ гæндзæхтæ ниццæгъ-
дуй, æма æ комæй финкæ ракæлуй. Дæлуймон æй
гъезæмарæй фæммаруй, æма ма ’й туххæйти исуадзуй.
40 Æз курдтон Дæ ахургæнуйнæгтæй, цæмæй дæлуй-
мони расоронцæ, фал сæ бон нæ бацæй.

41 Йесо дзуапп равардта:

– Æнæуууæндагæ æма ихæлд фæлтæр! Кæдмæ уæ
хæццæ уодзæнæн æма уин кæдмæ бухсдзæнæн? Æр-
бакæнæ ардæмæ дæ фурти.

42 Бицщеу Йесомæ нæма æрбахъæрттæй, уотемæй
æй дæлуймон ниццавта, æма æ гæндзæхтæ цагъта.
Фал Йесо бардзурд равардта дæлуймонæн, исдзæбæх
кодта бицщеуи æма ’й равардта æ фидæн.

### Йесо зæгъуй Æ мæлæт æма Æ райгаси туххæй

43 Адæм еугурæй дæр деси бацудæнцæ, Хуцауи бон
алци дæр куд æй, уобæл. Йесо цидæриддæр кодта,
уобæл еугур дæр дес ку кодтонцæ, уæд Æ ахургæнуй-
нæгтæн загъта: 44 Нуртæккæ ци зæгъдзæнæн, уомæ
лæмбунæг байгъосетæ:

– Адæймаги Фурт лæвæрд æрцæудзæнæй адæми
къохтæмæ.

45 Фал етæ еци дзубандитæ нæ лæдæрдтæнцæ, æргон
син н’ адтæнцæ æма сæмæ нæ багъардтонцæ – еци
дзубандитæбæл Æй бафæрсун ба тæрсгæ кодтонцæ.

### Ка ’й уæлдæр?

46 Ахургæнуйнæгтæмæ буцæу рауадæй, уæлдæр си
ка ’й, уой туххæй. 47 Йесо син зудта сæ медгъуди æма
сувæллон æрбахудта, Æ фарсмæ ’й æрлæууун кодта
48 æма син загъта:

– Аци сувæллонбæл зæрдиуагон ка уа Мæн туххæй,
е Мæнбæл æй зæрдиуагон; Мæнбæл зæрдиуагон ка уа,

е Мæ Рарветæгбæл æй зæрдиуагон. Уæ еугурей æхсæн
æгасемæй ниллæгдæр ка ’й, цитгин е уодзæнæй.

### Уæ нихмæ ка нæ ’й, е уæ фарс æй

49 Уæд Ин Иоанн загъта:

– Бардар, Дæ номæй дæлуймонти ка соруй, уæхæн адæймаги фæууидтан æма ин соруни барæ нæ равардтан, уомæн æма нæ хæццæ нæ цæуй.

50 Йесо ин загъта:

– Ма ’й гъигæ даретæ, уомæн æма уæ нихмæ ка нæ ’й, е уæ фарс æй.

51 Уæлæрвтæмæ Æ исесуни рæстæг ку æрхæстæг æй,
уæд Йесо исфæндæ кодта Иерусалиммæ фæццæун;
52 Æ разæй рарвиста минæвæрттæ, æма етæ бацудæнцæ самарийаг гъæумæ, цæмæй еугур дæр æрцæттæ
кæнонцæ Йесой æрцудмæ; 53 фал Æй нæ исиуазæг
кодтонцæ, Иерусалиммæ ке цудæй, уой туххæй. 54 Æ
ахургæнуйнæгтæ Иаков æма Иоанн уой ку фæууидтонцæ, уæд загътонцæ:

– Бардар Хуцау, фæндуй Дæ, уæд зæгъæн, æма уæларвæй æрцæуа арт æма сæ фесафа, Илиа куд бакодта, уотæ?

55 Фал сæмæ Йесо е ’ргон разилдта æма син бауайдзæф кодта. Загъта син:

– Циуавæр уод ес уæ медæгæ, уой нæ зонетæ; 56 уо-
мæн æма Адæймаги Фурт адæми исафунмæ не ’рцудæй, фал сæ фæййервæзун кæнунмæ.

Æма æндæр гъæумæ рандæ ’нцæ.

57 Надбæл ку адтæнцæ, уæд Йесойæн кадæр загъта:

– Ду кумæ цæуай, уордæмæ æз дæр фæццæудзæнæн Дæ фæдбæл.

58 Йесо ин дзуапп равардта:

– Робæстæн ес сæхе цъæстæ, уæлæрвон мæргътæн – астъæнттæ. Адæймаги Фуртæн ба, Æ сæр кæми æркъолæ кæна, уæхæн дæр нæййес.

59 Иннемæн Йесо загъта:

– Рацо мæ фæдбæл.

Е Ин дзуапп равардта:

– Бардар, мæ фиди банигæнунмæ бал мæ рауадзæ.

60 Фал ин Йесо загъта:

Мæрдтæ сæхуæдтæ банигæнæнтæ сæ мæрдти. Ду
ба цо æма игъосун кæнæ Хуцауи Паддзахади туххæй.

61 Иннæ ба Ин загъта:

– Бардар, æз фæццæудзæнæн дæ фæдбæл, фал бал
мæ рауадзæ мæ бинонтæн хуæрзбон зæгъунмæ.

62 Фал ин Йесо дзуапп равардта:

– Готонбæл хуæцгæй, фæстæмæ ка кæсуй, е Хуцауи
Паддзахадæн нæ бæззуй.

## Йесо æрветуй Æ ахургæнуйнæгти адæмæн лæггадæ кæнунмæ

**10** 1 Уой фæсте Бардар Хуцау равзурста иннæ æв-
дай ахургæнуйнаги æма сæ дугæйттæй Æ разæй
рарвиста алли сахартæ æма бунæттæмæ, Æхуæдæг цæ-
уйнаг кумæ адтæй, уордæмæ, 2 æма син загъта:

– Кæрдуйнаг берæ, кæрдгутæ ба нæ фагæ кæнуй.
Мадта коретæ хуми хецауæй, цæмæй рарвета кæрдгутæ
Æ кæрдуйнагмæ.

3 – Цотæ! Мæнæ уæ Æз æрветун, уæрикkитæ бе-
рæгъти æхсæнмæ æрветæгау. 4 Уæ хæццæ ма хæссетæ
нæдæр æхцай дзæкъолæ, нæдæр хурдзин, нæдæр æй-
йевæн дзабуртæ, уæдта надбæл салан дæр макæмæн
дæттетæ. 5 Ци хæдзарæмæ бацæуайтæ, уоми ба фиццаг
зæгъетæ: «Фарнæ аци хæдзари»; 6 æма уоми фарни ак-
каг адæймаг ку уа, уæд ибæл уæ арфæ æрцæудзæнæй;
ку нæ си уа, уæд уæ арфæ уæхебæл æрцæудзæнæй.
7 Байзайетæ еци хæдзари, хуæретæ ’ма ниуазетæ, ци
сæмæ уа, уой. Уомæн æма фæллойнæгæнæг æ кустæн
хуæрзеуæг райсуни аккаг æй. Хæдзарæй хæдзарæмæ
ма цотæ.

8 Ци сахармæ бацæуайтæ, уоми уæ ку исиуазæг кæ-
нонцæ, уæд хуæретæ, ци уин æривæронцæ, уой, 9 уоми
ци сæйгитæ уа, уони дзæбæх кæнетæ æма адæмæн
дзоретæ: «Æрхæстæг уæмæ ’й Хуцауи Паддзахадæ».
10 Ескæеци сахармæ ку бацæуайтæ, æма уæ ку нæ иси-
уазæг кæнонцæ, уæд, гъæунгæмæ рацæугæй, зæгъе-
тæ: 11 «Уæ сахари нæбæл ци ругæ æрбадтæй, уой дæр
нæ къæхтæй цæгъдæн, уæхецæн уин æй уадзæн. Фал
зонетæ, Хуцауи Паддзахадæ ке æрхæстæг æй, уой».
12 Зæгъун уин, тæрхони бон Содомæн[a] еци сахарæй
æнцондæр уодзæнæй.

13 – Мæгур дæ бон, Хоразин! Мæгур дæ бон, Ви-
фсаидæ! Уомæн æма сумахмæ ке равдистонцæ, еци
дессæгтæ Тир æма Сидони ку равдистайуонцæ, уæд
еци сахартæ, бузуртæ искæнгæй æма фунуки исбадгæй,
раги æрфæсмон кодтайуонцæ; 14 фал Тир æма Сидо-
нæн тæрхони бон сумахæй æнцондæр уодзæнæй. 15 Ду
дæр, Капернаум*, уæларвмæ дæ сæр исæргъувтай æма
зиндонæмæ ниххаудзæнæ.

16 Сумахмæ ка игъосуй, е Мæнмæ игъосуй, æма сумах
ка æндæ кæнуй, е Мæн æндæ кæнуй. Мæн ка æндæ
кæнуй, е ба Мæ Рарветæги æндæ кæнуй.

### Ахургæнуйнæгтæ æрбаздахтæнцæ

17 Æвдай ахургæнуйнаги цийнæгæнгæ æриздахтæн-
цæ æма дзурдтонцæ:

– Бардар, Дæ номæй дæлуймонтæ дæр кæсунцæ
нæ коммæ.

18 Йесо син загъта:

– Æз фæууидтон сайтани уæларвæй арвæрттивдау
æрхаугæ; 19 уомæ гæсгæ, ба уин дæдтун кæлмитæ æма

---

[a] 10.12 *Тир æма Содом* – Хуцау сæ цæргути тæрегъæддзийнæд-
ти туххæй уæларвæй рарветгæ зингæй ке басугъта, Хананаани
еци рагон сахартæ.

маргæйдзаг хелгути уæ къæхти буни æнсæндуни барæ,
знаги еугур тухтæбæл уæлахези хъаурæ, æма уин неци
æрхæсдзæнæй зиан, [20] Монтæ уæ коммæ ке кæсун-
цæ, уобæл ма цийнæ кæнетæ, фал цийнæ кæнетæ, уæ
нæмттæ уæлæрвти финст ке æнцæ, уобæл.
[21] – Уайтæккæ Ин Сугъдæг Уод æрхаста цийнæ,
æма Йесо загъта:

– Стаун Дæ, Мæ Фидæ, арв æма зæнхи Бардар Хуцау, Ду анити зундгинтæ æма лæдæргитæй ке басосæг кодтай æма сæ сувæллæнттæн ке раргон кодтай, уой туххæй. Æцæгæйдæр, о Мæ Фидæ, Дæу уотæ бафæндадтæй.

[22] Æма, Æ ахургæнуйнæгтæмæ Æхе рахатгæй, загъта:

– Мæ Фидæй Мин лæвæрд æй алци дæр. Фурт ка æй, уой неке зонуй, Фидæй æндæр; Фидæ ка æй, уой дæр неке зонуй – зонуй æй æрмæстдæр Фурт; уæдта, Фурти æ Фиди раргон кæнун кæмæн фæндуй, етæ.

[23] Йесо æхе разилдта æ ахургæнуйнæгтæмæ æма син сæрмагондæй загъта:

– Амондгун æнцæ, сумах ке уинетæ, уой уинæг цæс-
титæ, [24] уомæн æма уин зæгъун: берæ пахампартæ æма
паддзæхти фæндадтæй, сумах ци уинетæ, уой фæууи-
нун, фал æй нæ фæууидтонцæ; сумах ци игъосетæ,
уой фегъосун, фал æй нæ фегъустонцæ.

**Æмбесонд удибæстгин самарийаги туххæй**

[25] Исистадæй еу динамонæг æма, Йесой æвзаргæй, загъта:

– Æноси цард райсуни туххæй мæ ци бакæнун гъæуй?

[26] Йесо æй бафарста:

– Моисейи Æгъдауи ци финст ес? Уоми ци аргъауис?

[27] Е Ин дзуапп равардта:

– Бауарзæ дæ Бардар Хуцауи еугур зæрдæй, еугур уодæй, еугур хъаурæй, еугур зундæй, уæдта дæ хеуони уарзæ, дæхе куд уарзис, уотæ.

28 Йесо ин загъта:

– Раст дзуапп равардтай. Кæнæ уотæ æма цæрдзæнæ.

29 Фал е, æхе сраст кæнунбæл архайгæй, загъта Йесойæн:

– Æма мæ хеуонбæл ба ке нимайон?

30 Йесо ин уобæл дзуапп равардта:

– Еу адæймаг фæццæйцудæй Иерусалимæй Иерихонмæ. Надбæл æй абæргутæ ниййахæстонцæ, исбæгънæг
æй кодтонцæ, фур надæй æй æрдæгмард бакодтонцæ
æма рандæ 'нцæ. 31 Уотæ рауадæй, æма еци надбæл
фæццæйцудæй еу кохен, и лæги ку рауидта, уæдта нади
иннæ фæрсти райевгъудæй. 32 Уотæ еу левит* дæр еци
рауæнмæ бахъæрттæй, цæф адæймаг фæуидта æма
надæн æ иннæ фæрсти райевгъудæй. 33 Еу самарийаг
бæлццон ба, уобæлти фæццæйцæугæй, и лæг хъан кæми адтæй, еци рауæнмæ бацудæй. И мæгури ку фæууидта, уæд ин фæттæрегъæд кодта; 34 бацудæй имæ, æ
гъæдгинтæ ин сойнæ æма сæнæй æрæхснадта æма ин
сæ ниббаста. Уой фæсте ба и цæф лæги æ хæрæгбæл
исæвардта, фусунуатмæ 'й æрбаласта, æма имæ уоми



*Левит исасугъта, авд сойнин цирагъи кæбæл адтæй, уæхæн рохсгæнæн*

дæр ма базилдæй; 35 иннæ бон ба æ нæхстæрбæл фу-
сунуати хецауæн дууæ динари равардта æма ин загъта:
– Фæккæсæ имæ, æма ма, уæлæнхасæй ци бахарз
кæнай, уой ба дин бафеддзæнæн, фæстæмæ ку раз-
дæхон, уæд.
36 Аци æртемæй, дæумæ гæсгæ, абæргути къохмæ ка
бахаудтæй, уомæн хеуон ка разиндтæй?
37 Е дзуапп равардта:
– Ка ин батæрегъæд кодта, е.
Уæд ин Йесо загъта:
– Цо æма ду дæр уотæ кæнæ.

### Марфæ æма Марийи хæдзари

38 Надбæл ку адтæнцæ, уæд Йесо бацудæй еу гъæу-
мæ. Уоми Æй еу силгоймаг, æ ном Марфæ, бахудта æ
хæдзарæмæ; 39 Марфæн адтæй хуæрæ, хундтæй Мари-
йæ. Марийæ сбадтæй Бардари къæхти рази æма Ин
Æ дзубандимæ игъуста. 40 Марфæн ба æ мæтæ æгасæй
дæр адтæй стур хинсти фæдбæл. Бацудæй Йесомæ æма
Ин загъта:
– Бардар, хуарз дæмæ кæсуй, мæ хуæрæ мæ еунæ-
гæй лæггадæ кæнгæ ке ниууагъта, е? Зæгъæ ин, æма
мин фенхус кæна.
41 Йесо ин дзуапп равардта:
– Марфæ! Марфæ! Ду мæтæ кæнис æма тухсис бе-
рæ гъуддæгтæбæл, 42 гъæугæ ба æрмæст еунæг гъуддаг
кæнуй; Марийæ хуæздæр хай равзурста, æма ин æй
неке байсдзæнæй.

### Ковуни туххæй

**11** 1 Еу хатт Йесо еу рауæн ку кувта æма кувд ку
фæцæй, уæд Ин Æ ахургæнуйнæгтæй еу загъта:
– Бардар Хуцау, исахур нæ кæнæ ковун, Иоанн æ
ахургæнуйнæгти куд исахур кодта, уотæ.
2 Йесо син загъта:

– Ку фæкковетæ, уæд, цид, дзоретæ:
«Нæ уæлæрвон Фидæ, Сугъдæг уæд Дæ ном. Æрцæуæд Дæ Паддзахадæ. Уæлæрвти куд, уотæ зæнхæбæл дæр уæд Дæ фæндон;
3 алли бон дæр нин дæттæ цæрунвагæ къæбæр;
4 нихxатир нин кæнæ нæ тæрегъæдтæ, мах нæ алли ихæсгинæн дæр куд хатир кæнæн, уотæ. Æма нæ монцти фæдбæл ма бафтауæ, фудæвзарæнтæй нæ бахезæ».

**Фæсномуг дзубанди еузæрдиуон лимæни тухxæй**

5 Йесо син загъта:
– Зæгъæн, сумахæй еске æ лимæнмæ æмбесæхсæви ку бацæуидæ æма ин ку зæгъидæ: «Мæ лимæн, раттай мин æфстау æртæ дзоли,
6 уомæн æма мæмæ мæ лимæн фездахтæй, æма ’й цæмæй исиуазæг кæнон, е мæмæ нæййес»;
7 æма имæ е ба медæгæй ку радзоридæ: «Ма мæ гъигæ дарæ, мæ дуар нур æхгæд æй, мæ сувæллæнттæ дæр хуссæни мæ хæццæ ’нцæ. Мæ бон нæ ’й исистун æма дин радтун».
8 Зæгъун уин: е сæ хæлардзийнади тухxæй ку нæ исиста æма ин ку нæ радта, фал æй уæддæр æ лимæн ку нæбал ниууадза, уæд исистдзæнæй æма ин ратдзæнæй, цæйбæрцæ кора, уойбæрцæ.
9 Мадта уин Æз дæр зæгъун: коретæ æма райсдзинайтæ, агоретæ æма иссердзинайтæ, хуайетæ, æма уин райгон киндæуодзæнæй,
10 уомæн æма алли корæг дæр райсуй, агорæг иссеруй, хуайæгæн дуар райгон кæнунцæ.
11 Кæци фидæ уи, æ фурт си дзол ку кора, уæд ин дор ратдзæнæй? Кенæ кæсалгæ ку кора, уæд ин кæсалги бæсти хелагæ ратдзæнæй?
12 Кенæ, айкæ ку кора, уæд ин маргæйдзаг бурæг бадæтдзæнæй?
13 Мадта сумах, фудзæрдæ уогæй, уæддæр уæ зæнæгæн дзæбæх гъуддæгтæ кæнун ку арæхсетæ, уæд Уæлæрвон Фидæ куд нæ ратдзæнæй Сугъдæг Уод, ка Си кора, уонæн!

## Ӕгомуг сайтангун исдзæбæх æй

14 Еухатт Йесо еу адæймагæй расурдта къуæттигæ-
нæг дæлуймони. Дæлуймон ку рацудæй, уæд къуæтти
дзорун райдæдта, æма адæм деси бацудæнцæ. 15 Еуæй-
еуетæ ба загътонцæ:
– Е дæлуймонти соруй дæлуймонти æлдар Веелзе-
вули хъаурæй.
16 Иннетæ ба Йесойæй, бавзаруни туххæй, курдтон-
цæ уæларвæй æвдесæйнаг равдесун. 17 Фал син Йесо
зудта сæ гъудитæ æма син загъта:
– Алли паддзахадæ дæр ку ниххæйттæ уа æхеми,
уæд федзæрæг уодзæнæй, æма хæдзарæ æ медæгæ ку
ниххæйттæ уа, уæд никкæлдзæнæй; 18 уæд кæд сай-
тан æхе нихмæ тох кæнуй, уæд æ паддзахадæ æгасæй
куд байзайдзæнæй? Сумах ба уотæ дзоретæ, цума Ӕз
Веелзевули хъаурæй сорун дæлуймонти; 19 æма кæд
Ӕз Веелзевули хъаурæй сорун дæлуймонти, уæд сæ
уæ фурттæ ба ке хъаурæй сорунцæ? Уомæ гæсгæ, уин
етæ уодзæнæнцæ тæрхонгæнгутæ. 20 Фал кæд Хуцауи
хъаурæй сорун дæлуймонти, уæд уæмæ æнæмæнгæ æр-
хъæрттæй Хуцауи Паддзахадæ. 21 Тухгин адæймаг æ хæ-
дзарæ æд тохæнгарз ку гъæуай кæна, уæд æ циййесæн
тас нæ 'й; 22 фал имæ æхецæй тухгиндæр ку бампурса
æма ибæл ку фæуæлахез уа, уæд ин байсдзæнæй, æ
зæрдæ ци тохæнгæрзтæбæл дардта, уони, æма си, ци
радава, уой байуардзæнæй.
23 – Мæ хæццæ ка нæ 'й, е Мæ нихмæ 'й; æма Мæ
хæццæ ка не 'мбурд кæнуй, е сатар кæнуй. Дæлуймон
æрбаздæхуй æ раздæри бунатмæ.
24 – Дæлуймон адæймагæй ку рацæуй, уæд æнцойнæ
агорæг фæххæтуй æнæдон рауæнти æма ку не ссеруй,
уæд фæззæгъуй: «Раздæхон, ци хæдзарæй рацудтæн,
уордæмæ». 25 Ӕма ку æрцæуй, уæд æй æрийййафуй
сæрфт æма æфснайдæй; 26 уæд рандæуй æма æ хæццæ
æркæнуй авд дæлуймони, æхецæй фуддæрти, бацæунцæ

уордæмæ æма си æрцæрунцæ; æма еци адæймаг бахауй фиццагæй лæгъуздæр уавæри.

### Æцæг амонд

27 Йесо уой ку дзурдта, уæд Ин адæми æхсæн еу силгоймаг гъæрæй загъта:

– Амондгун æнцæ, Дæу ка хаста, еци губун æма Ду ке дадтай, еци реутæ!

28 Æма Йесо загъта:

– Амондгун æнцæ, Хуцауи дзурдмæ ка игъосуй æма ’й ка æнхæст кæнуй, етæ!

### Йесойæй корунцæ æвдесæйнаг

29 Адæм фулдæрæй-фулдæр ку кодтонцæ, уæд Йесо райдæдта дзорун:

– Аци фæлтæр ихæлд фæлтæр æй. Æвдесæйнаг агоруй, фал ин пахампар Иони дессагæй æндæр нæ
рардæуодзæнæй, 30 уомæн æма Ионæ ниневийæгтæн
æвдесæйнаг куд адтæй, аци фæлтæрæн дæр Адæймаги
Фурт уотæ уодзæнæй. 31 Хонсари уосæ-паддзах тæрхони
бон рацæудзæнæй аци адæми нихмæ æма сæ фæффудгин кæндзæнæй, уомæн æма зæнхи кæронæй æрцудæй Соломони зундгин дзубандитæмæ байгъосунмæ; нур ба ами ес, Соломонæй уæлдæр Ка ’й, Е. 32 Ниневийæгтæ
тæрхони бон рацæудзæнæнцæ аци фæлтæри нихмæ æма ’й фæффудгин кæндзæнæнцæ, уомæн æма етæ Иони дзубандийæй æрфæсмон кодтонцæ; нур ба ами ес, Ионæй уæлдæр Ка ’й, Е.

### Æмбесонд цирагъи туххæй

33 Цирагъ ка иссодзуй, е æй хебарæ къуми нæ ниввæруй, нæдæр гъосини буни, фал æй ниввæруй цирагъдарæнбæл, æрбацæугутæ рохс куд уинонцæ, уотæ.

34 Бауæрæн æ рохсгæнæн æй цæстæ. Æма дæ цæстæ кæдзос ку уа, уæд дæ бауæр æгасæй дæр кæдзос

уодзæнæй. Нама дæ цæстæ цъумур ку уа, уæд дæ бауæр
дæр тар уодзæнæй. 35 Мадта дæхемæ кæсæ: ци рохс ди
ес, е талингæ нæ ’й? 36 Кæд æма дæ бауæр æгасæй дæр
рохс æй, еунæг талингæ иуонг дæр ибæл нæййес, уæд
æгасæй дæр уодзæнæй рохс, рохсгæнæн дæ, цума, рохс
кæнуй, уотæ».

## Йесо бафудгин кодта фарисейтæ æма динамонгути

37 Йесо æ дзубанди ку фæцæй, уæд Æй еу фарисей
бахудта сæхемæ ræфтад кæнунмæ. Йесо бацудæй æма
æрбадтæй фингæбæл. 38 Ræфтади агъоммæ Йесо Æ
къохтæ ке нæ нихснадта, уой фарисей ку фæууидта,
уæд деси бацудæй. 39 Фал ин Бардар Хуцау загъта:
– Нур сумах, фарисейтæ, къос æма тæбæгъ æндегæй
кæдзос кæнетæ, медæгæй ба хæран æма мæнгардæй
идзаг айтæ. 40 Æнæзундтæ! Æндегæй дæр æма медæгæй
дæр ци айтæ, уой еци-еу Скæнæг не скодта? 41 Ци уæ-
мæ ес, уомæй мæгургортæн дæр фæххай кæнетæ, æма
уæд уæ алли алци дæр уодзæнæй кæдзос.
42 Фал мæгур уæ бон, фарисейтæ! Моисейи Æгъдаумæ
гæсгæ, сауæнгæ бетъина, рутæ[a] æма аллихузи халсар-
ти дæсæймаг хай дæттетæ, Хуцауи растдзийнадæ æма
уарзт ба нецæмæ даретæ. Сумахæн æмбалдæй анити
еугурæй дæр кæнун æма уонити дæр иронхуати нæ
уадзун. 43 Мæгур уæ бон, фарисейтæ! Сумах уарзетæ
синагогити раззаг бунæтти бадун æма сахарти фæзти
адæми æмбурдти арфитæмæ игъосун. 44 Мæгур уæ бон,
динамонгутæ æма фарисейтæ! Фæливдтитæ! Сумах
айтæ, бæрæг ка нæбал æй, æма, уой нæ зонгæй, адæм
кæбæл хæтунцæ, еци ингæнти хузæн».
45 Уæд Йесойæн еу динамонæг загъта:

---

[a] 11.42 *Рутæ* – еудадзуг цъæх ка фæууй, уæхæн хуæрздæфагæ кæрдæг, кенæ къотæр, павзæ.

– Ахургæнæг! Ду уотæ ке зæгъис, уомæй мах дæр
æфхуæрис.
46 Йесо дзуапп равардта:
– Мæгур уæ бон сумахæн дæр, динамонгутæ! Адæм-
бæл æвæретæ зинхæссæн уæргътæ, уæхуæдтæ ба сæбæл
уе 'нгулдзæй дæр не 'мбæлетæ. 47 Мæгур уæ бон, уомæн
æма, уæ фиддæлтæ ци пахампарти фæццагътонцæ,
уонæн кæнетæ зæппæдзтæ – 48 уомæй æвдесетæ, уæ
фиддæлти гъуддæгтæ растбæл ке нимайетæ, уой. Етæ
сæ фæццагътонцæ, сумах ба син зæппæдзтæ кæнетæ.
49 Уомæ гæсгæ, Хуцауи Уæлзунд загъта «Рарветдзæнæн
сæмæ пахампартæ æма Амистолти, æма си кедæр-
ти рамардзæнæнцæ, кедæрти ба фæссордзæнæнцæ».
50 Мадта аци фæлтæрæн феддуйнаг æй, дуйне исфæлде-
сунæй нурмæ ци пахампарти тог никкалдæй, е: 51 Аве-
ли тогæй, нивондхæссæн æма Ковæндони æхсæн ке
рамардтонцæ, еци Захарий тоги уæнгæ. Гъе, зæгъун
уин æй, е аци фæлтæрæн феддуйнаг æй. 52 Мæгур уæ
бон, динамонгутæ! Сумах байстайтæ лæдæрундзийнади
дæгъæл; уæхуæдтæ дæр нæ бацудайтæ æма, бацæун ке
фæндадтæй, уони дæр нæ бауагътайтæ.
53 Йесо син уой ку дзурдта, уæд динамонгутæ æма
фарисейтæ хъæбæр исмæстгун æнцæ Йесомæ æма си
агурдтонцæ сæ берæ фæрститæн дзуæппитæ – 54 ар-
хайдтонцæ Йесойæй ести фегъосун, цæмæй Ин Æ
дзубандитæ Æхе нихмæ фæккæнонцæ.

## Йесой фæдзæхст ахургæнуйнæгтæн

12 1 Уæдмæ æримбурд æй хъæбæр берæ адæм æма
кæрæдзей æлхъивтонцæ. Йесо бал дзорун рай-
дæдта фиццагидæр Æ ахургæнуйнæгтæн:
– Уæхе хезетæ фарисейти æнгъезæнæй, козбаудзий-
надæй. 2 Ци нæ раргон уа, уæхæн сосæггаг нæййес, æма
ци нæ базононцæ, уæхæн сосæгдзийнадæ нæ фæууй.

[3] Уомæ гæсгæ, талинги ци загътайтæ, е бонирохси рай-
гъусдзæнæй; æма хæдзари еске гъоси ци дзурдтайтæ,
уой æргонæй хæдзæртти сæртæй дзордзæнæнцæ.

[4] Зæгъун сумахæн, Мæ лимæнтæн: ма тæрсетæ, бауæр
ка маруй æма уомæй идарддæр ке бон неци æй, уо-
нæй. [5] Фал уин зæгъдзæнæн, кæмæй уæ тæрсун гъæуй,
уой: тæрсетæ, рамаруни фæсте зиндони ниггæлдзун
Ке бон æй, уомæй. Гъо, зæгъун уин, уомæй тæрсетæ.
[6] Фондз тæхгæцъеуи дууæ ассарибæл[a] ку уæйæ кин-
дæуй, фал си еу дæр иронх нæ 'й Хуцауæй. [7] Сумахæн
ба уæ сæригъунтæ дæр æрдой уæнгæ нимад æнцæ.
Мадта ма тæрсетæ: сумах фулдæр тæхгæцъеутæй дæр
хъазардæр айтæ.

## Киристебæл æргонæй æууæндуни туххæй

[8] – Зæгъун уин: Мæнбæл ке æууæндуй, уой тух-
хæй адæмæн æргонæй ка зæгъа, уой Адæймаги Фурт
дæр æхеуонбæл банимайдзæнæй Хуцауи Изæдти рази;
[9] æма адæми рази Мæбæл æхе ка фæттегъæ кæна, е
ба хъодигонд уодзæнæй Хуцауи Изæдти рази. [10] Æма
Адæймаги Фурти кадæриддæр рафауа, уомæн уодзæ-
нæй хатир, фал Сугъдæг Уоди ка рафауа, уомæн хатир
нæ уодзæнæй.

[11] Ку уæ æркæнонцæ синагогитæмæ хецæуттæ æма
æлдареуæггæнгутæмæ, уæд, цид, ма мæтæ кæнетæ, куд,
кенæ циуавæр дзуапп ратдзинайтæ, кенæ ци зæгъдзи-
найтæ, уобæл; [12] уомæн æма уин уайсахат Сугъдæг Уод
байамондзæнæй, хецæутти размæ ци зæгъун гъæуй, уой».

## Æмбесонд æнæзунд гъæздуги туххæй

[13] Адæмæй кадæр Йесомæ æхе бахатта:

– Ахургæнæг, зæгъай ме 'нсувæрæн, æма нæ фиди
бунтæй мæнæн дæр бахай кæна.

---

[a] 12.6 *Ассари* – римаг листæг æрхий æхца, динарий 1/16-аг хай.

14 Йесо еци адæймагæн дзуапп равардта:

– Ка Мæ исæвардта сумахæн тæрхонгæнæгæй, кенæ гъаст æртасæгæй?

15 Æма ма син загъта:

– Кæсетæ, уæхе бахезетæ зудæ æма гъæздугдзийнадæ уарзунæй, уомæн æма адæймаги царди æ берæ мулк сæйрагдæр нæ ’й.

16 Уæд син радзурдта æмбесонд:

– Еу гъæздуг лæгæн будури æрзадæй берæ хуар,
17 æма гъуди кодта: «Ци кæнон? Мæ хуар кæми бафснайон, уæхæн бунат мин нæййес». 18 Уæд загъта:
«Бакæнон уотæ. Баздæхон æма фехалон мæ хуардæнттæ, искæнон стурдæртæ æма уоми бафснайдзæнæн мæ еугур хуар дæр æма мæ еугур мулк дæр
19 æма зæгъдзæнæн мæ уодæн: „Мæ уод, берæ ’нзти фагæ дæмæ ес мулк. Цæрæ æнцад-æнцойнæй, хуæрæ, ниуазæ, цийнæ кæнæ“. 20 Фал ин Хуцау загъта:
„Æнæзунд, а ’хсæви дин дæ уод байстæуодзæнæй. Дæхецæн ци æрцæттæ кодтай, е ба уæд кæмæн байзайдзæнæй?“»

21 – Уотæ рауайуй, Хуцауæн нæ, фæл æхецæн хæзнатæ ка æмбурд кæнуй, уони гъуддаг.

### Аллибони мæтæ

22 Æма Æ ахургæнуйнæгтæн загъта:

– Уомæ гæсгæ, уин зæгъун: ма мæтæ кæнетæ нæдæр уæ уодæн уæ ци хуаллаг гъæуй, уобæл, нæдæр уæ буаæри дарæсбæл: 23 уод хуаллагæй стурдæр æй, буаæр
ба – дарæсæй. 24 Ракæсайтæ халæнттæмæ: етæ нæдæр итаугæ кæнунцæ, нæдæр кæрдгæ, нæдæр син гомтæ æма хуардæнттæ ес, æма сæ Хуцау хæссуй. Сумах ба цæйбæрцæ хъазардæр айтæ мæргътæй! 25 Уæдта уи
æ мæтæй æ цардбæл берæ нæ, фал еу сахат бафтаун дæр ке бон бауодзæнæй? 26 Мадта кæд минкъий ести

уæ бон искæнун нæ ’й, уæд æндæр гъуддæгтæбæл ба
ци тухсетæ?
[27] – Ракæсайтæ, дидингутæ куд ирæзунцæ, уомæ:
нæдæр косгæ кæнунцæ, нæдæр æлвесгæ. Зæгъун уин:
сауæнгæ Соломон æ еугур кади хæццæ уонæй еуей ху-
зæн дæр æхе нæ аразта. [28] Абони ка ’й, исон ба пеци
гæлст ка æрцæудзæнæй, еци будуйраг кæрдæги Хуцау
уотæ кæми истахуй, уоми сумах ба цæйбæрцæ рæ-
сугъддæр истахдзæнæй, лæмæгъ æууæндгутæ! [29] Мадта
ци бахуæрайтæ ’ма ци баниуазайтæ, уой ма агоретæ,
ма ибæл мæтæ кæнетæ æма ма тухсетæ, [30] уомæн æма
уони æгасæй дæр аци дуйней муртактæ агорунцæ,
сумахæн ба уæ Фидæ зонуй, етæ уæ ке гъæунцæ, уой;
[31] фиццагидæр агоретæ Хуцауи Паддзахадæ, æма уин
лæвæрд æрцæудзæнæнцæ етæ дæр.
[32] – Ма тæрсæ, минкъий дзогæ! Уæ Фиди фæндон
æй сумахæн Паддзахадæ радтун. [33] Уæйæ кæнетæ уæ
мулк æма ’й мæгуртæн дæттетæ. Уæхецæн искæнетæ,
лæгъуз ка нæ кæнуй, уæхæн æвæрæнтæ. Æримбурд
кæнетæ æнæфехсуйгæ хæзнатæ уæлæрвти – давæг
кумæ нæ хæстæг кæнуй, æма румпæг кæми нæ хуæ-
руй, [34] уомæн æма уæ хæзна кæми ес, уоми уодзæнæй
уæ зæрдæ дæр.

### Еузæрдиуон цагъартæ

[35] Цæттæ уотæ алцæмæй дæр – уæ астæутæ ронæ-
лвæст уæнтæ, рохсгæнæнтæ ба цæфсæнтæ. [36] Уæдта,
киндзæхсæвæрæй сæ хецауи æрцудмæ ка æнгъæл кæ-
суй, еци адæми хузæн уотæ – хецау ку æрцæуа æма
ку æрбахуайа, уæд ин уайтæккæ дуар байгон кæнетæ.
[37] Амондгун æнцæ, хæдзари хецау ку æрцæуа æма фу-
нæййæй ке нæ æрийййафа, еци цагъартæ. Æцæг уин
зæгъун, æ астæу бабæтдзæнæй, фингæмæ сæ бахон-
дзæнæй æма син райдайдзæнæй кæстæреуæг кæнун.
[38] Сауæнгæ æмбесæхсæвæ, кенæ фæсæмбесæхсæвæ

ку æруа, æма сæ фунæййæй ку не ’риййафæ, уæд еци
цагъартæ уодзæнæнцæ амондгун. [39] Сумахæн зундгонд
æй, давæг кæци сахат æрбалæбордзæнæй, уой хæдзари
хецау ку зудтайдæ, уæд сæ æ хæдзарæмæ бацæун нæ
бауагътайдæ. [40] Æма сумах дæр цæттæ уотæ, уомæн
æма, Адæймаги Фурт, æнгъæл ку нæ уайтæ, уæд æр-
цæудзæнæй».

### Æмбесонд зундгин хæдзаргæси туххæй

[41] Уæд Петр загъта:
– Бардар Хуцау, махæн дзорис аци æмбесонд æви
æгасемæн дæр?
[42] Бардар Хуцау ба загъта:
– Хæдзари хецау æ цагъартæн сæ дзоли хай афой-
надæбæл дæдтуни туххæй ке ниввардта, еци еузæр-
диуон æма зундгин хæдзаргæс ка ’й? [43] Нивгун æй
еци цагъар, æ хецау, æрцæугæй, ке байиафдзæнæй
уотæ кæнгæ. [44] Æцæг уин зæгъун, æ цийиес бакæн-
дзæнæй уой барæ. [45] Фал еци цагъар æхенимæр уотæ
ку зæгъа: «Мæ хецау рæхги не ’рцæудзæнæй» æма
фæсдзæуийнæ нæлгоймæгтæ æма силгоймæгти ку
райдайа нæмун, уæдта хуæрун æма ниуазун æма
расуг кæнун, – [46] уæд еци цагъарæн æ хецау æрцæу-
дзæнæй, æнгъæлмæ имæ ку нæ кæса, еци бон, æма,
æнгъæл кæд нæ уа, еци сахат, æма æй æнæхатирæй,
е ’ууæнкæ ка бахуардта æма ин еузæрдиуон кæ нæ
разиндтæй, уони хузæн бафхуæрдзæнæй. [47] Æ хецауи
фæндæ ка зудта, уотемæй цæттæ ка нæ разиндтæй
æма ин æ фæндон ка нæ исæнхæст кодта, еци ца-
гъар иссердзæнæй хъæбæр над, [48] æ хецауи фæндæ
ка нæ зудта, уотемæй нади аккаг миутæ ка бакодта,
е ба иссердзæнæй минкъийдæр над. Берæ лæвæрд
кæмæн æй, уомæй берæ агурд цæудзæнæй, æма æ
бæрнæхсти берæ кæмæн ес, уомæй фулдæр æрагор-
дзæнæнцæ.

## Еу инней нихмæ

[49] – Æз æрцудтæн, цæмæй арт зæнхæмæ æрхæссон,
æма Мæ куд хъæбæр фæндуй, цæмæй нур иссодза!
[50] Донæй Аргъудæй Мæбæл гъæуама исаргъудæуа, æма
куд уотæхсæн кæнун, цалинмæ е æрцæуа, уæдмæ!
[51] Сумах уотæ æнгъæл айтæ, æма зæнхæмæ сабурдзий-
надæ æрхæссунмæ æрцудтæн? Уой нæ, зæгъун уин,
фал хецæн кæнунмæ. [52] Уомæн æма нурæй фæстæмæ
еу хæдзари фондз адæймаги фæххецæнтæ уодзæнæн-
цæ: æртемæй – дууей нихмæ, дууемæй – æртей них-
мæ. [53] Фидæ уодзæнæй æ фурти нихмæ, фурт фиди
нихмæ, мадæ æ кизги нихмæ, кизгæ æ мади нихмæ,
æфсийнæ æ киндзи нихмæ, киндзæ е 'фсийни нихмæ.

## Рæстæги минеугути лæдæрундзийнадæ

[54] Йесо ма адæмæн дæр загъта:
– Нигулæнæй мегъæ иссæугæ ку фæуунетæ, уæд
уайтæккæ дæр фæззæгъетæ «уодзæнæй уарун», æма
уотæ фæууй; [55] хонсарæй ку фæддумгæ кæнуй, уæд
фæззæгъетæ «æнхъуæт уодзæнæй», æма фæууй уотæ.
[56] Фæливдтитæ, зæнхæбæл æма арвбæл ци уинетæ, уой
æртасун ку зонетæ, уæд аци сахати минеугутæ рартасун
уæ бон цæмæннæ 'й?
[57] – Уæхемæ гæсгæ, цæмæннæ зонетæ, ци гъæуама
уа, уой? [58] Дæ нихмæлæуузæги хæццæ тæрхондонæмæ
ку цæуай, уæд архайæ надбæл æ хæццæ балимæн ун,
цæмæй дæ ма бакæна тæрхонгæнæгмæ, тæрхонгæнæг
ба дæ ма радта ахæстони косæгæн, æма дæ е ба ма ба-
гæлдза ахæстони. [59] Зæгъун дин: ци дæ радтун гъæуй,
уой цалинмæ фæстаг лепти[a] уæнгæ дæр радтай, уæдмæ
нæ рацæудзæнæ уордигæй.

---

[a] 12.59 *Лептæ* – тæккæ листæгдæр æрхий æхца, æй кодранти
æрдæг, кенæ динарий 1/128-аг хай.

## Йесо зæгъуй: «Æрфæсмон кæнетæ!»

13 1 Еци рæстæг æрцудæнцæ Йесомæ æма Ин ра-
дзурдтонцæ, нивондхæссæн рæстæги Пилат
рамардта цалдæр галилейаг лæги æма син сæ тог сæ
нивонд косæрттаги тоги хæццæ исхæлæмулæ кодта.
2 Йесо син загъта:
– Уотæ æнгъæл айтæ, æма еци галилейæгтæ ин-
нæ галилейæгтæй тæрегъæдгундæр адтæнцæ, æма
сæбæл уомæн уæхæн цау æрцудæй? 3 Зæгъун уин,
н' адтæнцæ. Фал ку не 'рфæсмон кæнайтæ, уæ еу-
гур дæр уотæ фесæфдзинайтæ. 4 Кенæ уотæ æнгъæл
айтæ, æма Силоами мæсуг кæбæл никкалдæй æма
ке ниммардта, еци æстдæс лæги Иерусалими æгас
цæргутæй фудгиндæр адтæнцæ? 5 Зæгъун уин, н' ад-
тæнцæ. Фал ку не 'рфæсмон кæнайтæ, уæд уæ еугур
дæр уотæ фесæфдзинайтæ.

### Æмбесонд æнæрæзæ легъонбæласи туххæй

6 Æма син радзурдта аци æмбесонд:
– Еу адæймагæн æ сæнæфсерæдони адтæй еу легъон-
бæласæ, æрцудæй имæ
рæзæ æртонунмæ,
фал ибæл нæ иссирд-
та 7 æма загъта сæнæ-
фсерæдони гæсæн:
«Æртиккаг анз æр-
цæун аци легъонбæ-
ласи рæзæмæ æма ибæл
нæ иссерун. Ракалæ 'й,
цæмæн ахæссуй зæнхæ дæр?»
8 Фал ин е дзуапп равардта:
«Бардар! Ниууадзæ ма 'й аци
анз. Æз ин æ фалдзостæ ис-
къахдзæнæн æма ибæл фагус



*Легъонбæласæ æма æ рæзæ*

никкæндзæнæн, 9 кæд ибæл иннæ анз рæзæ æрзайидæ;
кæд нæ, уæд æй ракалдзæнæ».

### Къæдзæ силгоймаг исдзæбæх æй

10 Сабати Йесо адæми ахур кодта синагогитæй еуе-
ми. 11 Уоми адтæй, хъаурæсæттæг дæлуймон æстдæс
анзей дæргъи уæгъдæ ке нæ уагъта, уæхæн силгоймаг;
е никъкъæдзæ ’й æма раст ислæуун æ бон нæбал ад-
тæй. 12 Йесо æй ку фæууидта, уæд имæ фæдздзурдта
æма ин загъта:
– Хуарз уосæ, дæ незæй сæребарæгонд цæуис.
13 Æривардта ибæл Æ къохтæ, силгоймаг уайтæккæ
раст ислæудтæй æма райдæдта Хуцауи стаун. 14 Уæд
синагоги хецау исмæстгун æй, Йесо силгоймаги сабати
ке исдзæбæх кодта, уой туххæй[а], æма адæмæн загъта:
– Гъуддаг кæнунæн ес æхсæз бони. Еци бæнтти цотæ
уæхе дзæбæх кæнунмæ, сабати ба ма цотæ.
15 Бардар Хуцау ин дзуапп равардта:
– Фæливд! Сумахæй алке дæр сабати æ гал, кенæ
æ хæрæги кæвдæсæй нæ исуадзуй æма ’й донмæ нæ
раскъæруй? 16 Мадта сайтан æстдæс анзей дæргъи бас-
тæй ке фæддардта, Авраами еци кизги æ бæттæнтæй
сабати исуæгъдæ кæнун не ’мбалдæй?
17 Йесо уой ку загъта, уæд Æ нихмæлæугутæ еугу-
рæй дæр фæкъкъæндзæстуг æнцæ; еугур адæмæн ба
Æ дессаги гъуддæгтæ цийнæ æрхастонцæ.

### Æмбесонд бæлтæрнай муггаги туххæй

18 Йесо ба загъта:
– Цæй хузæн æй Хуцауи Паддзахадæ, æма ’й цæбæл
рабарон? 19 Е æй, адæймаг æ дзæхæрадони ке байтудта,
еци бæлтæрнай муггаги хузæн. Нæмуг исзадæй, стур

[а] 13.14 Моисеи Æгъдаумæ гæсгæ, сабати косун не ’нгъизтæй,
фал æрмæст Хуцаумæ ковун.

бæласæ си рауадæй, æма ин уæлæрвон мæргътæ æ къалеути хурфи сæхе нимахстонцæ.

### Æмбесонд æнгъезæни туххæй

[20] Йесо никкидæр загъта:

– Цæбæл рабарон Хуцауи Паддзахадæ? [21] Е æй, силгоймаг инсади æртæ къосебæл ци æнгъезæн бафтудта, цæмæй къинсæ еугурæйдæр исæнгъеза, уой хузæн.

### Унгæг дуар

[22] Йесо зилдæй сахартæ æма гъæутæбæл, ахур кодта
адæми, Æ над Иерусалими æрдæмæ аразгæй. [23] Кадæр
Æй бафарста:

– Бардар Хуцау, ци минкъий æнцæ, фæййервæзунмæ ка гъавуй, етæ?

Йесо дзуапп равардта:

[24] Архайетæ унгæг дуарбæл бацæунбæл. Уомæн æма,
зæгъун уин: беретæ архайдзæнæнцæ бацæунбæл, фал
сæ бон нæ бауодзæнæй. [25] Хæдзари Бардар ку исиста
æма дуæрттæ ку нихгæна, уæд сумах, æндегæй лæугæй, райдайдзинайтæ дуæрттæ хуайун æма дзорун: «Бардар, Бардар, байгон нин кæнæ!» Фал уин Е дзуапп ратдзæнæй «Нæ уæ зонун, кæцæй айтæ». [26] Уæд
райдайдзинайтæ дзорун «Мах хуардтан æма ниуазтан
дæ рази, Ду нæ гъæунгти ахур кодтай адæми». [27] Фал
уин Е зæгъдзæнæй «зæгъун уин: нæ уæ зонун, кæцæй айтæ. Рандæ уотæ Мæ разæй, æнæраст гъуддæгтæ кæ кæнуй, етæ еугурдæр!»

[28] Уоми игъусдзæнæй кæун æма дæндæгти къæскъæс. Авраами, Исааки, Иакови æма æгас пахампарти фæууиндзинайтæ Хуцауи Паддзахади, уæхе ба уин æндæмæ рагæлдздзæнæнцæ. [29] Адæм æрцæудзæ-
нæнцæ скæсæн æма нигулæнæй, цæгат æма хонсарæй æма æрбаддзæнæнцæ Хуцауи Паддзахади фингæбæл. [30] Æма уотемæй абони фæстæгтæй беретæ

уодзæнæнцæ фиццæгтæ, фиццæгтæй ба беретæ
уодзæнæнцæ фæстæгтæ.

### Йесо кæуй Иерусалимбæл

31 Еци рæстæг фарисейтæй кадæртæ æрцудæнцæ
æма Йесойæн загътонцæ:
– Рацо æндæмæ æма рандæ Уо ардигæй æндæр ра-
уæнмæ, уомæн æма Дæ Ирод рамарунмæ гъавуй.
32 Йесо син загъта:
– Цотæ æма зæгъетæ еци робасæн: «Мæнæ абони
æма исон сорун дæлуймонти, дзæбæх кæнун сæйгити
æма æртиккаг бон фæууодзæнæн Мæ гъуддаг». 33 Ке-
нæ ба Æз абони дæр, исон дæр, иннæбон дæр надбæл
гъæуама Уон, уомæн æма пахампар Иерусалими нæ,
фал æндæр рауæн фæммард уа, уомæн уæн нæййес.
34 – Иерусалим, Иерусалим! Ду пахампарти нæмис
æма дæумæ æрвистити дортæй марис! Цал хатти Мæ
фæндадтæй, маргъ æ базурти буни æ цъеути куд бакæна
думгæй, уотæ дин дæ хъæболти æримбурд кæнун, фал
уæ нæ бафæндадтæй! 35 Нур уин уæ хæдзарæ ревæдæй,
æнæхецауæй уагъдæуй. Зæгъун уин, цалинмæ уотæ
зæгъайтæ «Арфæгонд уæд Хуцауи номæй Æрцæуæг!»,
уæдмæ Мæ нæбал фæууиндзинайтæ.

### Доннезæй сæйгæ исдзæбæх æй

14 1 Йесойæн сабати цæугæ рауадæй фарисейти
хестæртæй еуей хæдзарæмæ рæфтад кæнунмæ,
æма Имæ фарисейтæ ба сæ цæстæ дардтонцæ. 2 Уоми
Æ рази фæцæй, доннезæй ка садæй, уæхæн лæг. 3 Йесо
бафарста динамонгути æма фарисейти:
– Сабати дзæбæх кæнун фæткуй æви нæ?
4 Етæ неци дзурдтонцæ. Уæд Йесо бамбалдæй и сæй-
гæбæл, исдзæбæх æй кодта æма 'й рауагъта. 5 Уæдта
син загъта:

– Ескæмæн уи æ хæрæг, кенæ æ гал цъайи ку них-
хауа, уæд æй ецифæдбæл сабати дæр не сласдзæнæй?
6 Æма Ин уобæл дзуапп дæдтун сæ бон н' адтæй.

### Æмбесонд иуазгутæ æма фусунæн

7 Йесо бафеппайдта, хунд адæймæгтæ уæллæй ис-
бадунбæл куд архайдтонцæ, уой, æма син радзурдта
æмбесонд:
8 – Еске дæ æ киндзæхсæвæрмæ ку фæххона, уæд
уæллæй ма исбадæ, уотемæй иуазгути æхсæн дæуæй
кадгиндæр еске ку разинна, 9 уæд уæ дууей дæр ка æр-
худта, е дæмæ ма бацæуа æма дин ма зæгъа: «Раттæ ин
дæ бунат». Æма уæд къæндзæстугæй исбаддзæнæ фæс-
таг бунати. 10 Фал хунд ку уай, уæд, æрцæугæй, исбадæ
фæстаг бунати, цæмæй дæмæ фусун бацæуа æма дин
зæгъа: «Мæ лимæн, уæлдæр исбадæ». Уæд искадгин
уодзæнæ, дæ хæццæ ка бацудæй, уони цæсти, 11 уомæн
æма æхе ка бæрзонд кæнуй, е æрниллæг уодзæнæй,
æхе ка ниллæг кæнуй, е ба исбæрзонд уодзæнæй.
12 Ка 'Й æрхудта, уонæн ба Йесо загъта:
– Ræфтад, кенæ æхсæвæр ку кæнай, уæд дæ лимæн-
ти, де 'нсувæрти, дæ хæстæгути æма гъæздуг синхонти
ма 'рхонæ, кенæ ба дæ етæ дæр фæххондзæнæнцæ,
æма дин фист æрцæудзæнæй. 13 Фал, кувд ку кæнай,
уæд æрхонæ мæгурти, цæнкулти, къулухти, курмити
14 æма амондгун уодзæнæ, сæ бон дин æй бафедун ке
нæ 'й, уой туххæй, уомæн æма дин фист æрцæудзæ-
нæй рæстити райгаси бон.

### Æмбесонд стур кувди туххæй

15 Йесой хæццæ фингæбæл ка бадтæй, уонæй еу уой
ку фегъуста, уæд Ин загъта:
– Амондгун æй, Хуцауи Паддзахади къæбæр ка ба-
хуæра, е!
16 Йесо ин загъта:

– Еу адæймаг стур кувд искодта æма имæ байагурд-
та берæ адæм, [17] кувди рæстæг ку æрхъæрттæй, уæд æ
фæсдзæуийни рарвиста хунд адæмæн зæгъунмæ: «Ра-
цотæ, алцидæр нур цæттæ 'й». [18] Фал æгасæй дæр еу
инней фæсте хатир корун райдæдтонцæ. Фиццаг загъта:
«Æз хумзæнхæ балхæдтон, æма мæ уомæ æркæсунмæ
гъæуй цæун. Корун ди, бахатир мин кæнæ». [19] Дуккаг
загъта: «Æз дæс гали балхæдтон æма сæ бавзарун-
мæ цæун. Корун ди, бахатир мин кæнæ». [20] Æртиккаг
загъта: «Уосæ ракурдтон, æма уомæ гæсгæ мæ бон
нæ 'й æрбацæун». [21] Фæсдзæуийнæ æрбаздахтæй æма
алци дæр æ хецауæн радзурдта. Уæд хæдзари хецау
исмæстгун æй æма æ фæсдзæуийнæн загъта: «Цæугæ
тагъддæр сахари гъæутæ æма къумтæмæ æма мæгурти,
цæнкулти, курмити æма къулухти ардæмæ æрхонæ».
[22] «Бардар, – загъта фæсдзæуийнæ, – дæ бардзурд æн-
хæстгонд æй, бунæттæ дæр ма си ес». [23] Æма уæд хе-
цау æ фæсдзæуийнæн загъта: «Цæугæ фæндæгтæ æма
къахнæдтæмæ, æма дæбæл ка æмбæла, уони исарази
кæнæ кувдмæ æрцæун, цæмæй мæ хæдзарæ байдзаг уа.
[24] Æма уин зæгъун: фиццаг кæмæ фæдздзурдтон, уонæй
мæ кувдæй ке некебал исахуаддзæнæй, уомæн æма
хундтитæ берæ 'нцæ, æвзаргæ адæм ба – минкъий».



*Зæнхæ галтæй хумæ кæнун*

### Киристей ахургæнуйнаг куд исун æнгъезуй

25 Йесой хæццæ цудæй берæ адæм. Е ’ргон сæмæ
разилдта æма син загъта:
26 – Ка Мæмæ æрцæуа, е æ фиди, æ мади, æ уоси, æ
зæнæги, е ’нсувæртæ ’ма æ хуæрти, уæлдайдæр ба æ цард
Мæнæй фулдæр ку уарза, уæд æ бон нæ ’й Мæн ахургæ-
нуйнаг ун; 27 æ дзиуарæ ка нæ хæссуй æма уотемæй мæ
фæдбæл ка цæуй, уой бон нæ ’й Мæн ахургæнуйнаг ун.
28 – Сумахæй кедæр бафæндадтæй мæсуг исдасун. Æ
исцæттæ кæнунæн ци гъæуй, уони рагацау банимайуни
туххæй исбаддзæнæй æма æ хæрзтæ банимайдзæнæй.
29 Уомæн, æма ин бундор ку ниввæра æма ’й кæронмæ
исдасун ба ку нæ бафæраза, уæд æй ка уина, етæ ибæл
ма фæхходонцæ: 30 «Аци лæг дасун райдæдта, æма кæ-
ронмæ ба æ бон нæ бацæй».
31 – Кенæ кæци паддзах, иннæ паддзахи нихмæ тугъд-
мæ цæугæй, раздæр не ’рбаддзæнæй æма, инсæй миней
хæццæ æ размæ ка рацæуй, уой нихмæ дæс миней хæц-
цæ фæллæуун æ бон бауодзæнæй æви нæ, уой туххæй
рагацау нæ баунаффæ кæндзæнæй? 32 Æма æ бон ку нæ
уа, уæд, цалинмæ ма е идард уа, уæдмæ имæ бафедауни
туххæй минæвæрттæ рарветдзæнæй. 33 Мадта сумахæй
дæр Мæн ахургæнуйнаг ун неке бон исуодзæнæй, ци-
дæриддæр имæ ес, уой ку нæ ниууадза, уæд.
34 – Цæнхæ хуарз æй. Фал цæнхæн æ адæ ку фесæфа,
уæд ма ’й цæмæй исцæхгун кæндзæнæ? 35 Е сауæнгæ
зæнхæ ’ма фагусбæл никкæнунмæ дæр нæбал фæббæз-
зуй æма ’й рагæлдзунцæ. Игъосунмæ гъостæ кæбæл
ес, е игъосæд!

### Æмбесонд дзæгъæл фуси туххæй

15 1 Хъалонесгутæ æма тæрегъæдгунтæ еугурæй дæр
цудæнцæ Йесомæ байгъосунмæ. 2 Фарисейтæ æма
динамонгутæ хъур-хъур кодтонцæ æма дзурдтонцæ:

– Айæ тæрегъæдгунти исиуазæг кæнуй æма сæ хæц-
цæ хуæруй.
3 Уæд син Йесо радзурдта æмбесонд:
4 Сумахæй ескæмæ сæдæ фуси ку уайдæ, æма си еу
ку фесæфидæ, уæд æ науæдзæ фараст фуси æдзæрæг
рауæн нæ ниууадзидæ æма æ исæфт фус агорунмæ
нæ рандæ уидæ, цалинмæ ’й иссера, уæдмæ? 5 Æма
’й ку иссера, уæд æй цийнæгæнгæ исивæрдзæнæй æ
усхъитæбæл, 6 æма, хæдзарæмæ æрбацæугæй, æрба-
хондзæнæй лимæнтæ ’ма синхонти æма син зæгъдзæ-
нæй: «Цийнæ кæнетæ мæ хæццæ, æз мæ исæфт фус
иссирдтон».
7 – Зæгъун уин, фæсмони сæр ке нæ гъæуй, уæхæн
науæдзæ фараст рæстагемæй еу фæсмонгæнæг тæре-
гъæдгуни туххæй фулдæр цийнæ уодзæнæй уæлæрвти.

## Æмбесонд исæфт драхми туххæй

8 Кенæ силгоймагмæ дæс драхми ку уа, уæд ин си
еу ку фесæфа, уæд кæд цирæгътæ нæ иссодздзæнæй
æма нæ райдайдзæнæй хæдзарæ сæрфун æма æцæгæй
агорун, цалинмæ ’й не ссера, уæдмæ, 9 æма ’й ку иссе-
ра, уæд æримбурд кæндзæнæй æ лимæн æма синхон
силгоймæгти æма зæгъдзæнæй «Цийнæ кæнетæ мæ
хæццæ, мæ исæфт драхмæ иссирдтон». 10 Зæгъун уин,
уотæ цийнæ кæнунцæ Хуцауи Изæдтæ еу фæсмонгæ-
нæг тæрегъæдгуни туххæй».

## Æмбесонд исæфтдзаг фурти туххæй

11 Йесо дзурдта идарддæр:
– Еу лæгæн адтæй дууæ фурти; 12 æма сæ кæстæр æ
фидæн загъта: «Мæ фидæ, нæ есбонæй мин мæ хай
раттæ». Æма и фидæ æ фурттæбæл байурста æ есбон.
13 Еу къуар боней фæсте кæстæр фурт æрæмбурд код-
та, цидæриддæр имæ адтæй, уой æма рандæ ’й идард
бæстæмæ æма, уоми ихæлд цард кæнгæй, ци имæ

адтæй, уой еугурæй дæр бахуардта. 14 Æ мулк хуæрд
ку фæцæй, уæдта еци бæсти хъæбæр стонг дзаман ис-
кодта, æма гъæуагæ æййафун райдæдта; 15 уæд рандæ
'й æма еци бæсти цæргутæй еуемæ бацудæй, е ба 'й
æ будурти хутæ хезунмæ рарвиста; 16 æхе хути хуæ-
руйнагæй бæргæ бафсастайдæ, фал ин уой дæр неке
лæвардта. 17 Æхе ку 'рлæдæрдтæй, уæдта загъта: «Мæ
фидæмæ цал ихуæрсти ес, æма уонæн хуæруйнаг –
уæлдайгунтæй, æз ба ами стонгæй мæлун; 18 фестон,
мæ фидæмæ фæццæуон æма ин зæгъон: „Мæ фидæ!
Тæрегъæдгун дæн Хуцауи размæ дæр æма дæу размæ
дæр; 19 дæ фурти ном хæссуни аккаг нæбал дæн, æма
мæ дæ ихуæрститæй еу искæнæ“». 20 Фестадæй æма
æ фидæмæ рандæ 'й. Идард ма ку адтæй, уæд æй æ
фидæ фæууидта æма ин æртæрегъæд кодта. Æ раз-
мæ рауадæй, нихъхъури 'й кодта æма ин раба кодта.
21 Фурт ба ин загъта: «Мæ фидæ! Тæрегъæдгун дæн
арви размæ дæр æма дæу размæ дæр. Дæ фурти ном
хæссуни аккаг нæбал дæн». 22 И фидæ æ фæсдзæуинт-
тæн загъта: «Рахæссетæ хуæздæр дарæс æма ибæл сæ
искæнетæ. Æ къохбæл ин къохдарæн бакæнетæ, æ
къæхтæбæл ба – къахидарæс; 23 æрбакæнетæ хуæрз-
хаст иуонуг æма 'й равгæрдетæ; мийнасæ 'ма цийнæ
кæнæн; 24 уомæн æма мин аци фурт мард адтæй æма
æригас æй! Исæфт адтæй æма разиндтæй!» Æма ций-
нæ кæнун райдæдтонцæ.
25 Æ хестæр фурт ба адтæй будури. Æрбацæугæй,
хæдзарæмæ ку æрбахæстæг æй, уæд фегъуста уадиндзи
цагъд æма кафт. 26 Æма фæдздзурдта фæсдзæуинттæй
еуемæ, ба 'й фарста: «А ци æй?» 27 Е ин загъта: «Де
'нсувæр иссудæй, æма дæ фидæ хуæрзхаст иуонуг ра-
вгарста, дзæбæхæй ибæл ке исæмбалдæй, уой туххæй».
28 Е исмæстгун æй æма 'й нæ фæндадтæй медæмæ ба-
цæун. Æ фидæ рацудæй æма 'й медæмæ худта. 29 Фал
е æ фидæн загъта: «А цал-а уал анзи дин косун дæ

фæсдзæуийни хузæн, дæ дзурди сæрти дин некæд ра-
хизтæн, ду ба мин ме ’мбæлтти хæццæ байгъæлдзæг
кæнунмæ дæркъæ дæр некæд равардтай; 30 фал, ихæлд
силти хæццæ æ мулк ка бахуардта, дæ еци фурт ку фæз-
зиндтæй, уæдта ин хуæрзхаст иуонуг равгарстай!» 31 Е
ба ин загъта: «Мæ фурт, ду алкæддæр мæ хæццæ дæ,
æма мæн ка ’й, е дæу æй. 32 Цийнæ нин уобæл кæнгæ
’й, æма де ’нсувæр мард адтæй æма райгас æй, исæфт
адтæй æма разиндтæй!»

### Æмбесонд циргъзунд хæдзаргæси туххæй

**16** 1 Уæд Æ ахургæнуйнæгтæн Йесо загъта:
– Еу гъæздуг лæг æ мулкæн дардта хæдзаргæс,
æма ин загътонцæ, дæ мулк дин сатар кæнуй, зæгъгæ;
2 æма имæ фæдздзурдта, загъта ин: «Цитæ игъосун дæу
туххæй? Дæ бæрнæхсти ци адтæй, уой туххæй мин дзу-
апп раттæ, уомæн æма идарддæр унаффæ кæнунгъон
нæбал дæ». 3 Уæд хæдзаргæс æхенимæр загъта: «Ци
кæнон? Мæ хецау мæ хæдзаргæси бунатæй ку æндæ
кæнуй. Зæнхæ къахун мæ бон нæй, мæгургорæй цæрун
ба мæмæ ходуйнаг кæсуй; 4 зонун, ци бакæнун гъæуй,
цæмæй мæ, цид, адæм исиуазæг кæнонцæ, хæдзар-
гæси бунатæй еуварсгонд ку уон, уæд». 5 Æма æ хеца-
уæй ихæс ка дардта, уонæмæ хецæнтæй фæдздзурдта.
Фиццаги бафарста: «Мæ хецауæй цæйбæрцæ дарис?»
6 Е ин дзуапп равардта: «Сойни сæдæ барæни». Уæд
ин загъта «Райсæ дæ гæгъæди, сбадæ æма тагъддæр
ниффинсæ нæуæг: фæндзай». 7 Уойфæсте бафарста
инней: «Ду ба цæйбæрцæ дарис?» Е дзуапп равардта:
«Мæнæуи сæдæ барæни». Загъта ин: «Райсæ дæ гæ-
гъæди ’ма ниффинсæ: æстай».

8 Æма хецау растудта циргъзунд хæдзаргæси,
зундгин ке разиндтæй, уой туххæй; уомæн æма аци
доги бæдæлттæ сæхе хузæнтти хæццæ гъуддæгтæ ку

фæккæнунцæ, уæд рохси бæдæлттæй зундгиндæр фæуунцæ.

[9] – Æз дæр уин зæгъун: уæ æнæраст мулки фæрци
искæнетæ уæхецæн лимæнтæ, цæмæй, уæмæ мулк ку
нæбал уа, уæд уæ етæ сæ æносон цæрæнуæтти исиуазæг кæнонцæ.

[10] – Минкъий гъуддаги еузæрдиуон ка уа, е стури
дæр еузæрдиуон æй, минкъий гъуддаги мæнгæрд ка
уа, е ба стури дæр мæнгард æй. [11] Мадта, кæд æнæ-
раст мулкбæл еузæрдиуон нæ разиндзинайтæ, уæд уин
æцæг мулк уæ бæрнæхсти ка бакæндзæнæй? [12] Æма
кæд еске мулкбæл еузæрдиуон нæ разиндтайтæ, уæд
уин уæхе мулк ка ратдзæнæй? [13] Некæци цагъари бон
æй дууæ хецауемæн лæггадæ кæнун: сæ еу ин æнæуи-
нон уодзæнæй, инней ба уарздзæнæй, кенæ сæ еуебæл
еузæрдиуон уодзæнæй, инней ба нецæмæ дардзæнæй.
Уæ бон нæ бауодзæнæй Хуцауæн æма мулкæн лæггадæ кæнун.

## Моисейи Æгъдау æма Хуцауи Паддзахадæ

[14] Уонити еугурæй дæр фегъустонцæ æхцауарзагæ
фарисейтæ æма Ибæл худтæнцæ. [15] Йесо син загъта:

– Адæми рази уæхе рæстагтæй æвдесетæ, фал уин Хуцау уæ зæрдитæ зонуй. Уомæн æма адæммæ кадгин ци æй, е Хуцауи цæсти æлгъаг æй.

[16] – Моисейи Æгъдау æма пахампартæ Иоанни дза-
мани уæнгæ адтæнцæ. Уæдæй фæстæмæ игъустгонд
цæуй Хуцауи Паддзахади хуарз уац, æма имæ алке дæр
еугур хъауритæй бацæунбæл архайуй. [17] Фал Æгъдауæй
еу ханхæ фæгъгъæуни бæсти арв æма зæнхæ æнцондæрæй фесæфдзæнæнцæ.

[18] – Æ уосæ ка рауадза æма æндæр уосæ ка ракора,
е хæтгæ кæнуй; æ лæгæй хецæнгонд уоси ка ракора, е
дæр хæтгæ кæнуй.

## Ӕмбесонд гъæздуг лæг æма Лазæри туххæй

[19] – Адтæй еу гъæздуг лæг, æхе истахидæ хъазар
æма рæсугъд дарæси. Алли бон дæр цийнæ кодта,
хъал цард кæнгæй. [20] Ӕма адтæй еу фурмæгур, æ ном
Лазæр, æма хустæй æ колдуари рази, æ бауæр адтæй
еугур хуæлмаг, [21] æма бæлдтæй, гъæздуги фингæй ци
мортæ æрхауидæ, уонæй бафсæдунмæ; куйтæ имæ,
цид, æрбацудæнцæ æма ин æ хуæлмæгтæ стардтонцæ.
[22] И фурмæгур рамардæй, æма 'й Изæдтæ фæххастон-
цæ Авраами гъæбесмæ. Гъæздуг дæр рамардæй æма
'й банигæдтонцæ. [23] Зиндони гъезæмарæ кæнгæй,
уæлæмæ искастæй æма идарди фæууидта Авраами,
æ гъæбеси ба – Лазæри [24] æма нигъгъæр кодта: «Мæ
фиддæл Авраам! Батæрегъæд мин кæнæ æма мæ-
мæ Лазæри рарветæ, е 'нгулдзи кæрон дони ниттола
æма мин ме 'взаг расатæг кæна, уомæн æма æз гъе-
зæмарæ кæнун аци арти». [25] Фал ин Авраам загъта:
«Мæ бæдолæ, дæ зæрди æрифтауæ, ду дæ царди ке
райстай хуарзæнхæ, Лазæр ба – фудæнхæ, уой; нур
ба е ами рæвдуд æй, ду ба гъезæмарæ кæнис. [26] уæд-
та уой уæлæнхас ба мах æма сумах æхсæн ес стур
сæрисæфæн, æма сумахмæ бацæун ке фæндуй, уони
бон нæ 'й, уотæ уордиги дæр ардæмæ нæ цæунцæ».
[27] Уæд гъæздуг загъта: «Мадта дин лигъстæ кæнун,
мæ фиддæл, Лазæри рарветæ мæ фиди хæдзарæмæ,
[28] уомæн æма мин фондз æнсувæри ес, уадзæ, æма
син радзора, цæмæй етæ дæр гъезæмари бунатмæ ма
бахауонцæ». [29] Авраам ин загъта: «Уонæн ес Моисей
æма пахампартæ; игъосæнтæ сæмæ». [30] Е ин загъта:
«Нæ, мæ фиддæл Авраам! Мæрдтæй сæмæ еске ку
æрцæуа, уæд æрфæсмон кæндзæнæнцæ». [31] Авраам
ин дзуапп равардта: «Моисей æма пахампартæмæ
кæми нæ игъосунцæ, уоми мæрдтæй ка райгас уа, е
дæр сæ нæ бауæндун кæндзæнæй».

## Йесой дзубанди Æ ахургæнуйнæгти хæццæ

17 1 Йесо æ ахургæнуйнæгтæн никкидæр загъта:
– Тæрегъæдмæ мондаггæнæнтæ алкæддæр
фæуунцæ, фал мæгур æ бон, ке фудæй æрцæуонцæ,
уомæн; 2 аци кæстæртæй еуей тæрегъæди ка бафтауа,
уомæн уой бæсти æ хъурбæл куройни фид ку æрауигъ-
тайуонцæ æма ’й денгизи ку багæлстайуонцæ, уæд ин
хуæздæр адтайдæ. 3 Уæхемæ кæсетæ. Де ’нсувæр дæ
тæрегъæди ку бацæуа, уæд ин бауайдзæф кæнæ æма,
кæд æрфæсмон кæна, уæд ин ниххатир кæнæ; 4 бонæ
авд хатти дæ тæрегъæди ку бацæуа æма дæмæ бонæ авд
хатти æхе ку бахата æма ку зæгъа «Фæсмон кæнун»,
уæд ин ниххатир кæнæ.
5 Амистолтæ Йесойæн загътонцæ:
– Фæффулдæр нин кæнæ нæ æууæндундзийнадæ.
6 Йесо загъта:
– Бæлтæрнай нæмуги асæ уæмæ æууæндундзийна-
дæ ку уидæ, æма аци тутабæласæн[a] ку зæгъиайтæ «Æд
уедæгтæ дæхе исрæдовæ æма денгизи ниссæдзæ», уæд
уæмæ байгъустайдæ?
7 – Зæгъæн, сумахæй ескæмæн ес, хумæ ка кæнуй,
кенæ фонс ка хезуй, уæхæн цагъар, æма е будурæй
ку æрбацæуа, уæд ин сумахæй ка зæгъдзæнæй «рауай
тагъддæр, фингæбæл æрбадæ»? 8 Уотæ нæ, фал ин уотæ
нæ зæгъдзæнæй: «Исцæттæ мин кæнæ æхсæвæр, ра-
фестæг кæнæ дæхе æма, цалинмæ хуæрон æма ниуазон,
уæдмæ мин лæггадæ кæнæ, уой фæсте ба дæхуæдæг дæр
хуæрæ æма ниуазæ»? 9 Аци цагъарæн арфæ кæндзæ-
нæй, æ бардзурд ин ке исæнхæст кодта, уой туххæй?
Æнгъæл нæ дæн. 10 Уотæ сумах дæр – цидæриддæр уин
загъд адтæй, уой ку искæнайтæ, уæд зæгъетæ: «Ци нин
æмбалдæй, уой мах, нецæййаг цагъартæ, искодтан».

[a] 17.6 *Тутабæласæ* – стур бæласæ федар æма арф уедæгти хæццæ.

## Дæс хъотургини исдзæбæх æнцæ

[11] Йесо Иерусалиммæ ку цудæй, уæд Æ над адтæй
Самарийæ æма Галилейи æхсæн арæнбæл. [12] Æма еу
гъæумæ ку бацудæй, уæд Ибæл рамбалдæй дæс хъо-
тургин лæги, етæ идæрддзæф æрлæудтæнцæ [13] æма
гъæрæй дзурдтонцæ:
– Зундамонæг Йесо, батæрегъæд нин кæнæ!
[14] Йесо сæ ку фæууидта, уæд син загъта:
– Цотæ, уæхе фæууинун кæнетæ кохентæн.
Æма, надбæл цæугæй, искæдзос æнцæ. [15] Ке исдзæбæх
æй, уой сæ еу ку фæууидта, уæд раздахтæй æма æ гъæ-
лæсидзагæй табу кодта Хуцауæн, [16] æхе æргæлста Йесой
къæхтæмæ æма Ин арфæ кодта. Е адтæй самарийаг.
[17] Уæд Йесо загъта:
– Дæсемæй не скæдзос æнцæ? Кæми æнцæ иннæ
фараст ба? [18] Аци æндæрбæстаг адæймагæй æндæр,
етæ куд нæ раздахтæнцæ Хуцауæн арфæ кæнунмæ?
[19] Æма ин загъта:
– Исистæ æма цо, дæ æууæндундзийнадæ дæ фæй-
йервæзун кодта.

## Хуцауи Паддзахади æрцуди туххæй

[20] Еу хатт фарисейтæ Йесой бафарстонцæ, Хуцауи
Паддзахадæ кæд æрцæудзæнæй, зæгъгæ. Е син дзуапп
равардта:
– Хуцауи Паддзахади æрцуд, бæрæг хузи нæ уодзæнæй,
[21] æма нæ зæгъдзæнæнцæ «Мæнæ ами æй», кенæ «Уæртæ
уоми æй». Уомæн æма Хуцауи Паддзахадæ уæхеми æй.
[22] Æ ахургæнуйнæгтæн дæр загъта:
– Æрцæудзæнæй уæхæн рæстæг, æма уæ бафæнддзæ-
нæй Адæймаги Фурти бæнттæй еу уæддæр фæууинун,
фал æй нæ фæууиндзинайтæ; [23] уæд уин зæгъдзæнæн-
цæ «мæнæ ами æй, кенæ уæртæ уоми æй». Уордæмæ
ма цотæ, ма ледзетæ сæ фæдбæл, [24] уомæн æма арвæ-
рттивд еу кæронæй иннæ кæронмæ куд ниррохс кæнуй

арв, – уотæ уодзæнæй Адæймаги Фурт Æ бони. 25 Фал
гъæуама бавзара бал берæ гъезæмæрттæ, æма Ибæл аци
фæлтæр хъоди бакæндзæнæнцæ. 26 Æма Нойи бæнтти
куд адтæй, уотæ уодзæнæй Адæймаги Фурти æрцуд
дæр: 27 хуардтонцæ, ниуазтонцæ, уоститæ худтонцæ,
лæгтæмæ цудæнцæ, цалинмæ еу бони сæри Ной на-
уæмæ нæ бацудæй, æма иннети сæ еугурей дæр дони
ахæр нæ фесафта, уæдмæ.
28 – Уотæ адтæй Лоти бæнтти дæр: хуардтонцæ, ни-
уазтонцæ, æлхæдтонцæ, уæйæ кодтонцæ, итудтонцæ
хумтæ, аразтонцæ, 29 фал Лот Содомæй ку рацудæй,
еци бон уæларвæй æруардта арт сæуæндони хæццæ
æма иннети еугурей дæр ниццагъта; 30 уотæ уодзæ-
нæй, Адæймаги Фурт ку æрцæуа, еци бон дæр. 31 Еци
бон хæдзари сæрбæл ка уа, е ма ’рхезæд уордигæй æ
дзаумæуттæ рахæссунмæ; æма будури ка уа, е дæр ма
раздæхæд. 32 Уæ зæрдæбæл даретæ Лоти уоси. 33 Æ уод
æгасæй багъæуай кæнунмæ ка бæллуй, е æй фесаф-
дзæнæй; ка ’й фесафа, е ба ’й багъæуай кæндзæнæй.
34 Зæгъун уин: еци æхсæвæ дууæ уодзæнæнцæ еу хуссæ-
ни – сæ еу ист æрцæудзæнæй, иннæ ба байзайдзæнæй;
35 дууæ силгоймаги еумæ инсдзæнæнцæ хуар – сæ еу
ист æрцæудзæнæй, иннæ ба байзайдзæнæй; 36 дууæ
лæги уодзæнæнцæ будури – сæ еу ист æрцæудзæнæй,
иннæ ба байзайдзæнæй. 37 Уæд Æй бафарстонцæ:

– Е кæми уодзæнæй, Бардар?

Йесо син загъта:

– Хуæдмæл кæми уа, хъæрццигъатæ дæр уоми æри-
мбурд уодзæнæнцæ.

### Æмбесонд æнæраст тæрхонгæнæги туххæй

18 1 Еудадзуг ковун ке гъæуй æма гъенцъун кæнун
ке нæ гъæуй, уой туххæй син Йесо радзурдта
æмбесонд:

[2] – Еу сахари адтæй, Хуцауæй ка нæ тарстæй æма
адæмæй æфсæрми ка нæ кодта, уæхæн тæрхонгæ-
нæг. [3] Еци сахари адтæй еу седзæргæс уосæ. Е, цид,
арæх æрцудæй тæрхонгæнæгмæ æма ин дзурдта: «Мæ
нихмæлæуууæгæй мæ тæрхони багъæуай кæнæ». [4] Фал
тæрхонгæнæги берæ рæстæг нæ фæндадтæй. Æп-
пунфæстаг æхецæн загъта: «Бæргæ, Хуцауæй дæр нæ
тæрсун æма адæмæй дæр не ’фсæрми кæнун, [5] фал
мæ аци идæдзæ уосæ æнцад нæбал уадзуй, æма ин
банхус кæнон, цæмæй мæмæ мабал цæуа, мабал мæ
тухсун кæна».
[6] Йесо загъта:
– Игъосетæ, æнæраст тæрхонгæнæг ци зæгъуй, уой?
[7] Мадта Хуцауæн æхсæвæй-бонæй лигъстæ ка кæнуй,
Æ еци æвзурст адæми нæ багъæуай кæндзæнæй, кæд
тагъд нæ кæнуй, уæддæр? [8] Зæгъун уин, рæхги син
банхус кæндзæнæй. Фал Адæймаги Фурт ку æрцæуа,
уæд ма, цума, зæнхæбæл æуууæндундзийнадæ иссер-
дзæнæй?

### Æмбесонд фарисей æма хъалонесæги туххæй

[9] Æхе рæстагбæл ка нимадта, иннети ба нецæмæ ка
дардта, уонæн дæр Йесо радзурдта ауæхæн æмбесонд:
[10] – Дууæ адæймаги бацудæнцæ Хуцауи Ковæндо-
нæмæ баковунмæ: еу адтæй фарисей, иннæ ба – хъа-
лонесæг. [11] Фарисей, ислæугæй, æхенимæр уотæ кувта:
«Хуцау, арфæ Дин кæнун, æз иннæ адæми, давгути, са-
йæгойти, хъахбайти, кенæ аци хъалонесæги хузæн ке нæ
дæн; [12] къуæре дууæ хатти ком дарун æма мæ цифæнди
пайдайæй дæр æ дæсæймаг хай радтун». [13] Хъалонесæг
ба, идæрддзæф лæугæй, уæларвмæ æ цæстæй скæсун
дæр не ’ндиудта, фал, æ реу хуайгæй, дзурдта: «Хуцау,
ниххатир мин кæнæ, тæрегъæдгун дæн».
[14] – Зæгъун уин: айæ, иннемæй уæлдай, хатиргондæй
рандæ ’й æ хæдзарæмæ, уомæн æма æхе уæлдæр ка

кæнуй, е æрниллæг уодзæнæй, æхе ниллæг ка кæнуй, е ба исуæлдæр уодзæнæй.

### Йесо Æ арфæ æфтауй сувæллæнттæбæл

15 Йесомæ худтонцæ сабийти дæр, цæмæй сæбæл бамбæла, фал ахургæнуйнæгтæ уой ку фæууидтонцæ, уæд сæ нæ уагътонцæ. 16 Йесо фæдздзурдта сабийтæмæ æма загъта:

– Æрбауагътæ мæмæ сувæллæнтти, ма сæ хъор кæнетæ, уомæн æма Хуцауи Паддзахадæ уони хузæнтти æй. 17 Æцæгæй уин зæгъун, Хуцауи Паддзахадæ сувæллонау æ зæрдæмæ хæстæг ка нæ райса, е имæ нæ бацæудзæнæй.

### Гъæздуг хецау

18 Хецæуттæй еу Йесой бафарста:

– Фæрнуг Ахургæнæг, æносон цард* райсунæн ци искæнон?

19 Йесо ин дзуапп равардта:

– Цæмæн Мæ хони «фæрнуг»? Фæрнуг неке æй, æрмæст еунæг Хуцау. 20 Фæдзæхститæ зонис: «ма хæтæ», «ма марæ», «ма давæ», «мæнгæвдесæн ма ниллæууæ», «нимайæ дæ фидæ æма дæ мади»?

21 Е Йесойæн загъта:

– Уони еугурæй дæр мæ æригони бонтæй нурмæ æнхæст кæнун.

22 Йесо уой ку фегъуста, уæд ин загъта:

– Еу бакæнуйнаг ма дин байзадæй: цидæриддæр дæмæ ес, уой рауæйæ кæнæ, байуарæ ’й мæгуртæн æма уæлæрвти иссердзæнæ хæзна, уæдта раздæхæ æма Мæ фæсте цо.

23 Е, еци дзубандитæ фегъосгæй, æринкъард æй, уомæн æма хъæбæр гъæздуг адтæй.

24 Ке æринкъард æй, уой Йесо ку фæууидта, уæд загъта:

– Мадта, гъæздугутæн куд зин æй Хуцауи Паддзахадæмæ бацæун! [25] уомæн æма гъæздугæн Хуцауи Паддзахадæмæ бацæунæй теуайæн содзийни буни иннердæмæ рахезун æнцондæр æй.

[26] Аци дзубандитæ ка фегъуста, етæ загътонцæ: Мадта ке бон бауодзæнæй фæйййервæзун?

[27] Йесо син загъта:

– Адæми бон ци нæ ’й, е Хуцауи бон æй.

[28] Уæд Петр загъта:

– Мæнæ мах ниууагътан алци дæр æма Дæ фæсте рацудан.

[29] Йесо дзуапп равардта:

– Æцæгæй уин зæгъун: еунæг уæхæн дæр нæййес,
æма Хуцауи Паддзахади сæрбæл æ хæдзарæ, кенæ æ
ниййергути, кенæ е ’нсувæрти, кенæ æ хуæрти, ке-
нæ æ уоси, кенæ æ сувæллæнтти ка ниууадза, [30] æма
дзæвгарæ фулдæр ка нæ райса аци рæстæги дæр æма
æрцæуйнаг æносон царди доги дæр.

## Йесо æртиккаг хатт зæгъуй Æ мæлæт æма Æ райгаси туххæй

[31] Йесо фæдздзурдта Æ дууадæс ахургæнуйнагемæ
æма син загъта:

– Нур мах цæуæн Иерусалиммæ, æма, Адæймаги
Фурти туххæй пахампартæ цидæриддæр ниффин-
стонцæ, е исæнхæст уодзæнæй. [32] Уомæн æма Адæй-
маги Фурт лæвæрд æрцæудзæнæй муртактæн, æма
си фæггириз кæндзæнæнцæ, бафхуæрдзæнæнцæ ’Й,
фæттутæ Ибæл кæндзæнæнцæ, [33] æма ’Й нæмдзæ-
нæнцæ, æма ’Й рамардзæнæнцæ, æма æртиккаг бон
райгас уодзæнæй.

[34] Фал Ин Æ дзубандитæн неци балæдæрдтæнцæ. Æ
дзурд син байзадæй нимæхстæй. Æ дзубандиаги гъуди
Ин нæ базудтонцæ.

### Курмæ æ цæстæй ракастæй Иерихони рази

[35] Йесо Иерихонмæ ку бахæстæг æй, уæд еу курмæ
мæгургор бадтæй надгæрон [36] æма, æ рæзти адæм ке
фæццæйцæунцæ, уой ку фегъуста, уæд бафарста:

– Ци хабар æй?

[37] Загътонцæ ин:

– Назаретаг Йесо æрбацæуй.

[38] Уæд е нигъгъæр кодта:

– Йесо, Дауити Фурт, батæрегъæд мин кæнæ!

[39] Разæй цæугутæ 'й гъос кодтонцæ, фал е ба никки
хъæбæрдæр гъæр кодта:

– Дауити Фурт, батæрегъæд мин кæнæ!

[40] Йесо æрлæудтæй æма загъта, цæмæй Имæ 'й æрбакæнонцæ; æма Имæ ку æрбацудæй, уæд æй Йесо бафарста:

[41] – Ци дæ фæндуй æма дин ци скæнон?

Е загъта:

– Мæн фæндуй мæ цæститæй ракæсун.

[42] Йесо ин загъта:

– Ракæсæ! Дæ æуууæндундзийнадæ дæ фæййервæзун кодта.

[43] Курмæ уайтæккæ дæр ракастæй æ цæститæй æма
Æ фæсте рандæ 'й, Хуцауи стаугæ; æма еугур адæм
уой ку фæуудтонцæ, уæд истабу кодтонцæ Хуцауæн.

### Хъалонесæг Закхей

19 [1] Уой фæсте Йесо бацудæй Иерихонмæ æма фæццæйцудæй гъæунги. [2] Уоми адтæй еу адæймаг,
æ ном Закхей – хъалонесгути хецау æма гъæздуг лæг,
[3] агурдта Йесой фæууинунмæ, фал Æй адæми фæстейæй нæ уидта, уомæн æма ниллæг адтæй. [4] Размæ
ралигъдæй, исхизтæй сикоморæ бæласæмæ[a], уомæн

[a] 19.4 *Сикоморæ бæласæ* – бæрзонд бæласæ, ес ин ставд къалеутæ æма фæтæн сифтæр.


*Закхей сикоморæ бæласæбæл*

æма Йесойæн еци бæла-
си рæзти цæугæ адтæй.
5 Йесо уордæмæ ку ба-
хъæрттæй, уæд уæлæмæ
скастæй, фæууидта æй
æма ин загъта:
– Закхей, æрхезæ
тагъддæр, уомæн æма
Мæн абони дæ хæдзари
ун гъæуй.
6 Закхей тагъдгомау
æрхизтæй æма ’Й ций-
нæгæнгæ исиуазæг кодта. 7 Æма адæм уой ку фæууид-
тонцæ, уæд еугурæй дæр хъур-хъур кæнун райдæдтон-
цæ æма дзурдтонцæ, Йесо тæрегъæдгун адæймагмæ
ке бацудæй, уой; 8 Закхей ба исистадæй æма загъта
Йесойæн:
– Бардар! Мæ мулкæн е ’мбес ратдзæнæн мæгуртæн,
æма, кæд еске зæрдæ естæмæй фæхходун кодтон, уæд
ин æй цуппар уæхæнемæй бафеддзæнæн.
9 Йесо ин загъта:
– Аци хæдзарæмæ абони ервæзундзийнадæ æрцу-
дæй, уомæн æма аци адæймаг дæр Авраами байзæддаг
æй, 10 Адæймаги Фурт ба исæфт байагорунмæ æма æ
фæййервæзун кæнунмæ æрцудæй.

**Æмбесонд дæс мини туххæй**

11 Адæм Йесомæ ку игъустонцæ, уæдта ма син ибæл
бафтудта æмбесонд, уомæн æма хæстæг адтæй Иеру-
салиммæ, æма адæм æнгъæл адтæнцæ, Хуцауи Пад-
дзахадæ рæхги байгон уодзæнæй, зæгъгæ. 12 Уотемæй
загъта:
– Еу лæг, уæздан муггагæй, цудæй идард бæстæмæ,
цæмæй æй уоми паддзахæй ниввæронцæ æма раздæха
фæстæмæ; 13 фæдздзурдта æ дæс цагъаремæ, равардта

син дæс мини[a] æма син загъта: «Пайда си кæнетæ ме
’рцудмæ, цæмæй си æфтауцæ райсайтæ». 14 Фал е ’мбæс-
тæгтæн æнæуинон ке адтæй, уомæ гæсгæ ин æ фæсте
минæвæрттæ рарвистонцæ зæгъунмæ: «Мах нæ фæн-
дуй, цæмæй нин е паддзахеуæг кæна». 15 Паддзахæй æй
ниввæруни фæсте ку æриздахтæй, уæд, ка цæйбæрцæ
æфтауцæ райста, уой базонуни туххæй фæдздзурдта,
æвзестæ кæмæн равардта, еци цагъартæмæ. 16 Фиц-
цаг æрбацудæй æма загъта: «Бардар, дæ минæ дæс
мини æфтауцæ æрхаста». 17 Хецау ин загъта: «Хуарз,
мæ дзæбæх цагъар! Минкъий гъуддаги еузæрдиуон ке
адтæ, уомæ гæсгæ дæ æвæрун дæс сахарæн хецауæй».
18 Æрбацудæй дуккаг æма загъта: «Бардар, дæ минæ
фондз мини æфтауцæ æрхаста». 19 Уомæн дæр загъта:
«Дæу ба æвæрун фондз сахарæн хецауæй». 20 Æрбацу-
дæй æртиккаг æма загъта: «Бардар, мæнæ дæ минæ,
æз æй къохмæрзæни тухтæй фæддардтон де ’рбацудмæ,
21 тæрсгæ ди кодтон, уомæн æма æнæхатир адæймаг дæ:
ци нæ ниввардтай, уой райсис, ци нæ байтудтай, уой
ба æркæрдис». 22 Хецау ин загъта: «Дæхе дзубандитæй
дин тæрхон кæндзæнæн, сайæгой цагъар! Æз æнæха-
тир адæймаг ке дæн, æма, ци нæ ниввардтон, уой ке
райсун, ци нæ байтудтон, уой ке æркæрдун, уой ку
зудтай, 23 уæд мин ме ’хца цæмæннæ равардтай пайда
си искæнунмæ, ку ’рцудайнæ, уæд æй æфтауци хæццæ
куд райстайнæ, уотæ?» 24 Æма уоми ка лæудтæй, уонæн
загъта: «Райсетæ ин æ минæ æма ’й раттетæ, дæс мини
кæмæ ес, уомæн». 25 Етæ ин загътонцæ: «Бардар, уомæ
дæс мини ес». 26 Хецау дзуапп равардта: «Зæгъун уин,
кæмæ ес, уомæн рардæуодзæнæй; кæмæ нæййес, уо-
мæй ба ист æрцæудзæнæй, ци имæ ес, е дæр; 27 паддзах
син уон, е ке на фæндадтæй, мæ еци знæгти ба ардæмæ
æрбакæнетæ æма сæ мæ рази рамаретæ».

a 19.13 *Минæ*– килограмми æрдæг æвзестæ.

## Йесо ӕрбацудӕй Иерусалиммӕ

28 Уой зӕгъуни фӕсте Йесо рараст ӕй идарддӕр,
Иерусалиммӕ цӕугӕй. 29 Елеойнаг ци хонх худтонцӕ,
уой фахсбӕл ка ес, еци Виффаги ӕма Вифанимӕ ку
бахӕстӕг ӕй, уӕд рарвиста Ӕ ахургӕнуйнӕгтӕй дууей
30 ӕма син загъта:

– Цотӕ, уӕ комкоммӕ ци гъӕу ес, уордӕмӕ; ку
бацӕуайтӕ, уӕд си иссердзинайтӕ, адӕймаг кӕбӕл
некӕдма бадтӕй, уӕхӕн къӕлӕу бастӕй; исӕй уӕгъ-
дӕ кӕнетӕ ӕма ’й ӕркӕнетӕ. 31 Еске уӕ ку бафӕрса:
«Цӕмӕн ӕй уӕгъдӕ кӕнетӕ?», уӕд ин уотӕ зӕгъетӕ:
«Бардари гъӕуй».

32 Ахургӕнуйнӕгтӕ рандӕ ’нцӕ ӕма еугур дӕр, Йе-
со син куд загъта, уотӕ иссирдтонцӕ. 33 Къӕлӕуи ку
уӕгъдӕ кодтонцӕ, уӕд син ӕ хецӕуттӕ загътонцӕ:

– Цӕмӕн уӕгъдӕ кӕнетӕ къӕлӕуи?

34 Етӕ дзуапп равардтонцӕ:

– Бардари гъӕуй.

35 Ӕма къӕлӕуи ӕркодтонцӕ Йесомӕ, ӕритудтонцӕ
ибӕл сӕ дарӕстӕ ӕма ибӕл Йесой исбадун кодтонцӕ.
36 Йесо ку фӕццӕйцудӕй, уӕд Ин Ӕ ахургӕнуйнӕгтӕ
сӕ дарӕстӕ ӕ надбӕл итудтонцӕ.

37 Елеони хонхи ӕруайӕнмӕ ку бахӕстӕг ӕй, уӕд Ӕ
берӕ ахургӕнуйнӕгтӕ еугурӕй дӕр гъӕрӕй цийнӕ-
гӕнгӕ райдӕдтонцӕ Хуцауи стаун, ке фӕууидтонцӕ,
еци дессӕгти туххӕй; 38 дзурдтонцӕ:

– Арфӕгонд уӕд Паддзах, Хуцауи номӕй ӕрцӕуӕг!
Фарнӕ уӕлӕрвти ӕма Кадӕ бӕрзӕндти!

39 Адӕми хӕццӕ ка адтӕй, еци фарисейтӕй Ин ка-
дӕртӕ загътонцӕ:

– Ахургӕнӕг, нигъгъос кӕнӕ Дӕ ахургӕнуйнӕгти.

40 Фал син Йесо дзуапп равардта:

– Зӕгъун уин: етӕ ку нигъгъос уонцӕ, уӕд дортӕ
нигъгъӕр кӕндзӕнӕнцӕ.

## Йесо кæуй Иерусалимбæл

41 Йесо сахармæ ку бахæстæг æй æма ’й ку фæууидта,
уæд ибæл никкудтæй 42 æма загъта:
– Бæргæ, ду дæр дæ абони ку базонисæ, фарни хуа-
сæ дин ци æй, уой! Фал дин нур е нимæхст æй, 43 уо-
мæн æма дæбæл искæндзæнæй уæхæн бæнттæ, æма
де ’знæгтæ дæ фалдзости алкæми сикъитæй фæрстæ
искæндзæнæнцæ æма дæбæл æртумугъ уодзæнæнцæ,
æма дæ алли ’рдиги нилхъевдзæнæнцæ. 44 Фæйнердæ-
мæ дæ фæххæсдзæнæнцæ, дæ сувæллæнтти дин дæхе
медæгæ фæннæмдзæнæнцæ, æма ди дор дорбæл нæ-
бал ниууадздзæнæнцæ, Хуцау дæмæ ку æрцудæй, еци
афонæ ке нæ базудтай, уой туххæй.

## Йесо Хуцауи Ковæндонæ кæдзос кæнуй

45 Йесо Хуцауи Ковæндонæмæ бацудæй æма уоми
ка адтæй, еци уæйæгæнгути æма æлхæнгути уордигæй
тæрун райдæдта, 46 дзурдта син:
– Финст æй: «Мæ Хæдзарæ ковæн хæдзарæ уодзæ-
нæй», сумах ба си абæргути лæгæт исаразтайтæ.
47 Йесо алли бон дæр адæми ахур кодта Ковæндони.
Кохентæн сæ сæйрагдæртæ, динамонгутæ æма ’Й адæ-
ми сæргълæугутæ гъавтонцæ рамарунмæ, 48 фал Ин еци
гъуддаг ци амалæй бакодтайуонцæ, уой нæ зудтонцæ, уо-
мæн æма Имæ еугур адæм дæр еудадзугæй игъустонцæ.



*Хуцауи Ковæндонæ Иерусалими*

## Йесойæн уæхæн барæ ка равардта

**20** [1] Йесо еу хатт Ковæндони ахур кодта адæми
æма син игъосун кодта фарни уац. Бацудæнцæ
Имæ кохенти сæйрагдæртæ æма динамонгутæ адæми
сæргълæугути хæццæ. [2] Æма 'Й бафарстонцæ:
– Зæгъай нин, циуавæр хъаурæй кæнис еугур гъуд-
дæгтæ, кенæ Дин ка равардта еци барæ?
[3] Йесо син дзуапп равардта:
– Æз дæр уæ бафæрсдзæнæн
цæмæйдæр. Зæгъетæ Мин,
[4] Иоанн ци аргъудæй аргъудта,
е уæларвæй адтæй æви адæ-
мæй?
[5] Етæ тæрхæнттæ кодтонцæ:
– «Уæларвæй» ку зæгъæн,
уæд бафæрсдзæнæй «Мадта
цæмæннæ бауæндтайтæ Ио-
аннбæл?» [6] «Адæмæй» ку зæ-
гъæн, уæдта нæ адæм дортæй
рамардзæнæнцæ, уомæн æма
сæ еугуремæй дæр æруагæс кæ-
нуй, Иоанн пахампар ке æй, е.
[7] Æма дзуапп равардтонцæ:
– Кæцæй æй, уой нæ зонæн.
[8] Йесо син дзуапп равардта:
– Мадта уин Æз дæр нæ зæгъдзæнæн, циуавæр хъау-
рæй сæ кæнун, уой.



*Саугинти хестæр хуæрздæфаги хæццæ*

## Æмбесонд фудзæрдæ ихуæрстти туххæй

[9] Æма Йесо адæмæн дзорун райдæдта уæхæн æм-
бесонд:
– Еу адæймаг искодта сæнæфсерæдонæ, уæдта 'й
сæнæфсерæдони косгути барæ бакодта æма æ хæ-
дзарæй рандæ 'й дæргъвæтин рæстæгмæ; [10] афонæ ку
æрхъæрттæй, уæд сæнæфсерæдони косгутæмæ рарвиста

æ цагъари, цæмæй ин æ сæнæфсерæй æ хай радтонцæ.
Фал сæнæфсерæдони косгутæ фæннадтонцæ и цагъари
æма ’й ревæдæй рарвистонцæ. [11] Рарвиста сæмæ æн-
дæр цагъари, æма уой дæр фæннадтонцæ, фæггириз
си кодтонцæ æма ’й ревæдæй рарвистонцæ. [12] Рарвиста
сæмæ æртиккаги дæр, фал уой дæр фæццæфтæ код-
тонцæ æма ’й ратардтонцæ. [13] Уæд сæнæфсерæдони
хецау загъта: «Ци кæнон? Рарветон мæ уарзон фурти,
кæд уомæй фефсæрми уонцæ». [14] Фал æй сæнæфсе-
рæдони косгутæ ку фæууидтонцæ, уæд кæрæдземæн
дзурдтонцæ: «А æ бундар æй, рамарæн æй, æма æ
бунтæ мах бауодзæнæнцæ». [15] Сæнæфсерæдонæй æй
æндæмæ ракодтонцæ æма ’й рамардтонцæ. Ци син
бакæндзæнæй сæнæфсерæдони хецау? [16] Æрцæудзæ-
нæй, рамардзæнæй еци косгути æма сæнæфсерæдонæ
æндæртæн ратдзæнæй.

Уой ка фегъуста, етæ загътонцæ:

– Уотæ ма уæд!

[17] Йесо сæмæ бакастæй æма загъта:

– Мадта Сугъдæг Финсти аци дзурдтæ ци амонунцæ
«Хæдзарæ дасгутæ ци дорбæл нæ банвæрстæнцæ, е ис-
сæй сæрæвæрæн»? [18] Еци дорбæл кадæриддæр æрхауа,
е ниппурх уодзæнæй, æхуæдæг кæбæл æрхауа, уой ба
ниллицъæ кæндзæнæй.

[19] Йесо æмбесонд уони тухххæй ке загъта, уой ба-
лæдæрдтæнцæ динамонгутæ æма кохенти хестæртæ,
æма ’Й гъавтонцæ ецифæдæй ниййахæссунмæ, фал
адæмæй нæ бандиудтонцæ.

## Хъалон кесæрæн

[20] Уæд, Йесомæ сæ цæстæ даргæй, барвистонцæ, сæхе
Имæ рæстагæй ка æвдиста, уæхæн лæгти. Сæ нисан
адтæй Æ ракъахун æма Ин Æ дзубандитæ Æхе нихмæ
фæккæнун, бæсти хецауи къохтæмæ Ин радтæн куд
адтайдæ, уотæ. [21] Æма ’Й етæ бафарстонцæ:

– Ахургæнæг, мах зонæн, Ду раст дзорис æма ахур
кæнис, неке гъолон кæнис, уотемæй æцæг Хуцауи
над амонис. 22 Кесæрæн нин хъалон федун æнгъезуй
æви нæ?
23 Йесо син балæдæрдтæй сæ хийнæ фæндæ æма
загъта:
– Ци Мæ къахетæ? 24 Равдесетæ Мæмæ динар: ке
хузæ æма ибæл ке ном ес?
Етæ дзуапп равардтонцæ:
– Кесæри.
25 Уæд син загъта:
– Мадта кесæри ци æй, уой дæттетæ кесæрæн, Ху-
цауи ци æй, уой ба – Хуцауæн.
26 Æма син адæми рази Æ дзурдтæ Æхе нихмæ фæк-
кæнун нæ бантæстæй. Æ дзуапп сæ деси бафтудта,
æма нигъгъос æнцæ.

**Мæрдти райгаси туххæй**

27 Уæд саддукейтæй* кадæртæ æрбацудæнцæ (сад-
дукейтæ дзорунцæ, мæрдтæ нæ райгас уодзæнæнцæ,
зæгъгæ) æма ’Й бафарстонцæ:
28 – Ахургæнæг, Моисей махæн ниффинста: «Ес-
кæмæн æ уосгин æнсувæр æнæзæнæгæй ку рамæ-
ла, уæд ин æ идæдзи ракорæд æма цæуæт рауадзæд е
’нсувæрæн». 29 Адтæй авд æнсувæри. Хестæр æрхудта
уосæ æма æнæзæнæгæй рамардæй; 30 еци уоси ракурдта
дуккаг æнсувæр, æма е дæр æнæзæнæгæй рамардæй;
31 ракурдта æй æртиккаг; уæдта уотæ иннæ авд, æма сæ
еугур дæр рамардæнцæ, зæнæг ба нæ ниууагътонцæ;
32 сæ еугурей фæсте уосæ дæр рамардæй; 33 нур мæрдтæ
ку райгас уонцæ, уæд си ке уосæ уодзæнæй? Сæ авдей
уосæ дæр ку адтæй.
34 Йесо син дзуапп равардта:
– Аци дуйней адæм уосæ корунцæ æма лæгмæ цæ-
унцæ; 35 федæни цард кæмæн рардæуа æма мæрдтæй

ка райгас уа, етæ ба нæдæр уосæ кордзæнæнцæ, нæ-
дæр лæгмæ цæуудзæнæнцæ, 36 мæлæт дæр син нæ уо-
дзæнæй, фал исуодзæнæнцæ Изæдти хузæн, Хуца-
уи бæдæлттæ, уомæн æма сæ Хуцау райгас кодта.
37 Мæрдтæ ке райгас уодзæнæнцæ, уой ба Моисей
равдиста, содзгæ синдзæ къотæри туххæй ку дзурдта,
Бардари «Авраами Хуцау, Исааки Хуцау æма Иакови
Хуцау» ку исхудта, уæд. 38 Хуцау ба мæрдти Хуцау нæ,
фал уодæгæсти Хуцау æй, уомæн æма ин еугур дæр
уодæгас æнцæ.

39 Уой туххæй Йесойæн динамонгутæй кадæртæ загъ-
тонцæ:

– Ахургæнæг, Ду хуарз загътай.

40 Естæбæл бафæрсунмæ Имæ сæ нифс нæбал ба-
хастонцæ.

## Ке байзæддаг æй Киристе?

41 Йесо ба син загъта:

– Куд зæгъунцæ Киристейæй, Дауити байзæддаг
æй, зæгъгæ? 42 Дауит æхуæдæг псаломти* киунуги ку
дзоруй:

> «Загъта Дуйнейдарæг мæ Бардарæн: исбадæ мæ
> рахес фарс, 43 цалинмæ Дин Де ’знæгти Дæ къæх-
> ти буни æривæрон, уæдмæ».

44 Мадта кæд Дауит Киристей Бардар хонуй, уæд
Киристе Дауити байзæддаг куд æй?

45 Еугур адæм Йесомæ ку игъустонцæ, уæд Æ ахур-
гæнуйнæгтæн загъта:

46 – Уæхе хезетæ динамонгутæй. Етæ уарзунцæ даргъ
дарæс дарун æма сахарти фæзти адæми арфитæмæ
игъосун; уарзунцæ синагогити раззаг бунæтти æма
мийнаси фингитæбæл уæллæй бадун; 47 байсунцæ се-
дзæргæсти хæдзæрттæ, цæстæмæ берæ ковунцæ. Етæ
баййафдзæнæнцæ карз æфхуæрд.

## Седзæргæс уоси лæвар

21 1 Йесо ракастæй æма фæууидта, Хуцауи номбæл
лæвæрттæ Ковæндони хæзнадони ка æвардта,
еци гъæздугути; 2 уæдта фæууидта, дууæ лепти ка нив-
вардта, еци мæгур седзæргæс уоси дæр 3 æма загъта:
– Æцæг уин зæгъун: аци мæгур уосæ еугуремæй дæр
фулдæр ниввардта; 4 уомæн æма иннетæ еугур дæр сæ
лæвар Хуцауæн сæ мулки уæлдаййæй ниввардтонцæ,
аци мæгур силгоймаг ба æ фур мæгурæй, æ хуæруйнаги
аргъ, цидæриддæр имæ адтæй, уой ниввардта.

## Бæллæхтæ æма æвзарæнтæ

5 Еуæй-еуетæ уотæ ку дзурдтонцæ, Хуцауи Ковæн-
донæ хъазар дортæй æма, Хуцауæн ци æрхастонцæ,
уонæй фæлуст æй, зæгъгæ, уæд Йесо загъта:
6 – Ралæудзæнæй рæстæг, æма, ами ци уинетæ, етæ
уотæ ниппурх уодзæнæнцæ, æма си дор дорбæл нæбал
байзайдзæнæй.
7 Уæд Æй бафарстонцæ:
– Ахургæнæг, е кæд уодзæнæй, æма еци хабæрттæн
се ’рцуди афонæ цæмæй бæрæг уодзæнæй?
8 Йесо син загъта:
– Уæхе хезетæ, цæмæй уæ ма басайуонцæ. Уомæн
æма беретæ æрцæудзæнæнцæ æма дзордзæнæнцæ «Æз
Киристе дæн» æма «Рæстæг æрхъæрттæй». Сæ фæсте
ма рацотæ. 9 Тугъдтитæ æма æзмæнстити туххæй ку
фегъосайтæ, уæд ма фæттæрсетæ – фиццаг бал етæ
сæ еугур дæр гъæуама æрцæуонцæ, фал е уæд кæрон
нæма уодзæнæй.
10 Загъта ма син:
– Исистдзæнæнцæ адæм адæми нихмæ æма пад-
дзахадæ паддзахади нихмæ; 11 уодзæнæй стур зæн-
хæнкъуститæ, рауæнæй-рауæнти – стонг æма еминæ;
уодзæнæй æверхъау цаутæ æма стур æвдесæйнæгтæ
уæларвæй.

[12] – Уонæн сæ еугурей разæй ба сумах ахæсдзæнæн-
цæ, тæрдзæнæнцæ уæ, кæндзæнæнцæ уæ синагогитæ
æма ахæстæнттæмæ; Мæ номи туххæй уæ æрлæуун
кæндзæнæнцæ паддзæхтæ æма хецæутти рази; [13] е уин
уодзæнæй Мæн туххæй æвдесæн лæууни фадуат. [14] Мад-
та уæ зæрдæбæл даретæ, ци зæгъдзинайтæ, уобæл уæ
рагацау гъуди кæнун ке нæ гъæуй, уой, [15] уомæн æма
уин æз ратдзæнæн, уæ нихмæлæугутæ сæ еугур дæр
ке нихмæ фæллæуун æма ке нихмæ исдзорун нæ ба-
фæраздзæнæнцæ, уæхæн æвзаг æма зунд. [16] Гадзира-
хаттæй уæбæл рацæудзæнæнцæ уæ ниййергутæ дæр,
уе ’нсувæртæ, уæ хæстæгутæ, уе ’мбæлттæ, кедæрти ба
уи маргæ дæр ракæндзæнæнцæ, [17] мæ номи туххæй ба
алкæмæн дæр уодзинайтæ æнæуинон, [18] фал уæ сæрæй
еу æрдо дæр нæ фæгъгъæудзæнæй, – [19] уæ фæразон-
дзийнадæй уæ уодтæ ервæзун кæнетæ.

### Разуац Иерусалими ихæлди туххæй

[20] – Иерусалимбæл æфсæдтæ ке æртеголæ æнцæ, уой
ку фæууинайтæ, уæд, цид, зонетæ, рæхги ке низзæууат
уодзæнæй, уой: [21] уæд, Иудейи ка уа, етæ хуæнхтæмæ ле-
дзæнтæ; Иерусалими ка уа, етæ дæр уордиги ледзæнтæ;
æ фалæнбулай ка уа, етæ ба имæ ма бацæуæнтæ, [22] уо-
мæн æма еци бæнттæ мастесæн бæнттæ æнцæ, цæмæй
исæнхæст уа, Сугъдæг Финст ци зæгъуй, е еугурæй дæр.
[23] Уæд тухст уавæри уодзæнæнцæ æнгъæлдзау уоститæ
æма, дзедзе ка даруй, етæ. Стур бæллæх æрцæудзæнæй
аци зæнхæмæ, æма Хуцауи фудæнхæ аци адæми æгасей
дæр баййафдзæнæй: [24] æма цагъди фæууодзæнæнцæ
карди комæй, æма сæ уацари фæккæндзæнæнцæ алли
адæмтæмæ. Иерусалим æнсæнддзæнæнцæ муртактæ,
цалинмæ муртакти рæстæг фæууа, уæдмæ.

[25] – Уодзæнæй æвдесæйнæгтæ хорбæл, мæйæбæл
æма стъалутæбæл; зæнхæбæл ба адæмбæл сау катай
бафтуйдзæнæй, денгизи унæр æма фæйлауæнтæ ба

игъусдзӕнӕнцӕ; [26] адӕм фуртӕссӕй, дуйнебӕл гъӕ-
уама ци бӕллӕхтӕ ӕрцӕуа, уонӕмӕ ӕнгъӕл кӕсгӕй,
зӕрддзӕф кӕндзӕнӕнцӕ, уомӕн ӕма уӕлӕрвон тухтӕ
исӕнкъусдзӕнӕнцӕ, [27] ӕма уӕд фӕууиндзӕнӕнцӕ
Адӕймаги Фурти стур тухӕ ӕма кади хӕццӕ ӕврагъи
сӕрбӕл ӕрцӕйцӕугӕ. [28] Етӕ ӕнхӕст кӕнун ку райдай-
уонцӕ, уӕд, цид, урдуг ислӕууетӕ ӕма уӕ сӕртӕбӕл
хӕрдмӕ исхуӕцетӕ, уомӕн ӕма уӕ ервӕзундзийнади
рӕстӕг ӕрхӕстӕг ӕй.

### Ӕмбесонд легъонбӕласи туххӕй

[29] Ӕма син Йесо радзурдта ӕмбесонд:
– Ракӕсайтӕ легъон бӕласӕмӕ ӕма иннӕ бӕлӕс-
тӕмӕ: [30] уони сифӕ кӕнгӕ ку фӕууинетӕ, уӕд ӕй уӕ-
хуӕдтӕ фӕззонетӕ, сӕрдӕ ке ӕрхӕстӕг ӕй. [31] Мадта
сумах уони еугурӕй ӕнхӕстгӕнгӕ ку фӕууинайтӕ,
уӕд зонетӕ, Хуцауи Паддзахадӕ ке ӕрхӕстӕг ӕй, уой.
[32] Ӕцӕгӕй уин зӕгъун: аци фӕлтӕр нӕма райевгъуй-
дзӕнӕй, уӕдмӕ етӕ еугурӕй дӕр ӕрцӕудзӕнӕнцӕ;
[33] арв ӕма зӕнхӕ нӕбал уодзӕнӕнцӕ, мӕ дзубандитӕ
ба сӕ тухи уодзӕнӕнцӕ.

### Еудадзуг цӕттӕ уотӕ

[34] – Кӕсетӕ уӕхемӕ, цӕмӕй уӕ зӕрдитӕ ма исуӕз-
зау уонцӕ фурхуӕрд ӕма фурниуӕзтӕй, ӕма царди
мӕтӕй, ӕма уӕ еци бон ӕнӕнгъӕлти ма ӕрӕййафа.
[35] Ӕма архъани хузӕн ниййахӕсдзӕнӕй еугур зӕнхон
цӕргути дӕр ӕгас зӕнхи цъарӕбӕл; [36] мадта еудадзуг
цӕттӕ уотӕ ӕма коветӕ, цӕмӕй уӕ бон бауа еци ӕр-
цӕуйнаг бӕллӕхтӕн сӕ еугурей сӕрти дӕр рахезун
ӕма Адӕймаги Фурти рази ӕрлӕуун.
[37] Бонӕй Йесо адӕми ахур кодта Хуцауи Ковӕндо-
ни, изӕрӕй ба, цид, рандӕ ’й ӕма е ’хсӕвӕ рарвиста,
Елеон ке худтонцӕ, еци хонхбӕл. [38] Ӕма Имӕ еугур
адӕм сӕумӕй цудӕнцӕ Ковӕндонӕмӕ байгъосунмӕ.

## Сосæг фæндæ Йесой нихмæ

22 1 Ærхæстæг æй къæхигæнæ дзолти бæрæгбон*,
Песах ке хонунцæ, е; 2 алкертæ æма динамон-
гутæ агурдтонцæ, цæсти сæ ка нæ бафтауа, Йесой
рамаруни уæхæн фадуат, уомæн æма адæмæй тæрсгæ
кодтонцæ.

3 Уæд Сайтан бацудæй, Искариот ке худтонцæ, еци
Иуди медæгæ – дууадæс ахургæнуйнагемæй еуеми,
4 æма Иудæ рандæ ’й æма дзубанди кодта алкертæ æма
Ковæндонæ гъæуайгæнгути хецæутти хæццæ, цæмæй
син Йесой сæ къохти бафтуйун кæна. 5 Етæ бацийнæ
кодтонцæ æма исарази æнцæ Иудæн æхца радтун;
6 Иудæ син зæрдæ байвардта æма агурдта, Йесо адæ-
ми хæццæ куд нæ уа, уотемæй син Æй сæ къохтæмæ
радтуни фадуат.

## Комуадзæни æхсæвæр

7 Ærхъæрттæй къæхигæнæ дзолти бæрæгбон, Ком-
уадзæни далис æвгæрдуни бон, 8 æма Йесо рарвиста
Петр æма Иоанни, загъта син:

– Цотæ æма нин æривæретæ Комуадзæни фингæ.

9 Етæ ’Й бафарстонцæ:

– Куд Дæ фæндуй, кæми æй æрцæттæ кæнæн?

10 Е син загъта:

– Сахармæ ку бацæуайтæ, уæд уæбæл рамбæлдзæ-
нæй еу адæймаг дони гъосини хæццæ. Ци хæдзарæ-
мæ бацæуа, уордæмæ, цид, бацотæ æ фæсте 11 æма
хæдзари хецауæн зæгъетæ: «Ахургæнæг дин зæгъуй:
Мæ ахургæнуйнæгти хæццæ Комуадзæни фингæбæл
кæми æрбадон, еци уат кæми æй?» 12 Æма уин е уæллаг
уæладзуги фæууинун кæндзæнæй стур æфснайд уат:
уоми æрцæттæ кæнетæ.

13 Етæ рандæ ’нцæ æма еугур дæр иссирдтонцæ, Йесо
син куд загъта, уотæ; æма æрцæттæ кодтонцæ Ком-
уадзæни фингæ.

[14] Рæстæг ку æрхъæрттæй, уæд Йесо æма дууадæс
Амистоли æрбадтæнцæ фингæбæл, [15] æма син Йесо
загъта:
– Мæ гъезæмари размæ Мæ хъæбæр фæндадтæй аци
Комуадзæни фингæбæл уæ хæццæ бабадун, [16] уомæн
æма уин зæгъун: нæбал исбаддзæнæн Комуадзæни
фингæбæл, цалинмæ е Хуцауи Паддзахади æвæрд æр-
цæуа, уæдмæ.
[17] Райста сæни къос, Хуцауæн арфæ ракодта æма
загъта:
– Райсетæ 'й, æма си алке дæр баниуазæд, [18] уомæн
æма уин зæгъун, нæбал баниуаздзæнæн сæнæфсери
сæнæй, цалинмæ Хуцауи Паддзахадæ æрцæуа, уæдмæ.
[19] Уой фæсте райста дзол, Хуцауæн арфæ ракодта,
расаста æй, равардта сæмæ 'й æма загъта:
– Айæ Мæ Бауæр æй æма уæ сæрбæл нивондæн лæ-
вæрд цæуй мæлæтмæ. Уотæ кæнетæ Мæ æримисунæн.
[20] Æхсæвæри фæсте райста сæни къос æма загъта:
– Аци къос æй Нæуæг Фæдзæхст. Нæуæг Фæдзæхст
федаргонд цæуй, сумах сæрбæл ка ракæлдзæнæй, Мæ
еци Тогæй. [21] Фал Мæ уæйæгæнæги къох Мæ хæццæ еу
фингæбæл æй; [22] фал Адæймаги Фурт цæуй, нисангонд
Ин ци над ес, уобæл. Фал сар æ сæр, гадзирахаттæй
Ибæл ка рацæуа, уомæн.
[23] Æма райдæдтонцæ кæрæдзей фæрсун, кæци æй,
уой ка бакæндзæнæй, е.

### Уæлдæрбæл нимад ка 'й

[24] Рауадæй сæмæ буцæу дæр, уæлдæрбæл нимад си
ка гъæуама уа, уобæл. [25] Йесо син загъта:
– Паддзæхтæ хецауеуæг кæнунцæ адæмтæн æма,
адæмтæбæл сæ барæ кæмæн цæуй, уони хуæрзгæнгутæ
хундæуй; [26] сумах ба уотæ н' айтæ: уе 'хсæн уæлдæр ка
'й, е уин уæд кæстæрæн, сæргълæууæг ба – куд лæг-
гадæгæнæг. [27] Уомæн æма ка 'й уæлдæр – фингæбæл

бадæг æви лæггадæгæнæг? Фингæбæл бадæг уæлдæр
нæ ’й? Æз ба уин дæн куд лæггадæгæнæг.
[28] Сумах Мæ æвзарæнти Мæ хæццæ адтайтæ, [29] æма
Мин Мæ Фидæ Паддзахадæ куд равардта, уотæ уин æй
Æз дæр дæдтун, [30] цæмæй Мæ Паддзахади хуæрайтæ
æма ниуазайтæ Мæ фингæбæл. Æма исбаддзинайтæ
уæллæй Израили дууадæс хæдзарвæндагæн[a] тæрхон
кæнунмæ.

### Йесо Петри туххæй

[31] Æма Бардар Йесо загъта:
– Симон, Симон, сайтан курдта, цæмæй уæ мæ-
нæуау ниттегъонцæ, [32] фал Æз кувтон дæу туххæй,
цæмæй дæ æууæндундзийнадæ ма ислæмæгъ уа. Æма
Мæмæ ку раздæхай, уæд исфедар кæнæ де ’нсувæрти
æууæндундзийнадæ.
[33] Петр Ин дзуапп равардта:
– Æз цæттæ дæн Дæ хæццæ цæунмæ ахæстонæмæ
дæр, мæлæтмæ дæр.
[34] Фал Йесо загъта:
– Зæгъун дин, Петр, а ’хсæви уасæнгæ нæма ниууас-
дзæнæй, уотæ Мæнæй æртæ хатти дæхе рахатдзæнæ,
æз Æй нæ зонун, зæгъгæ.

[35] Йесо сæ бафарста:
– Æз уæ æнæ хурдзинæй, æнæ æхцайæй, æнæ æййе-
вæн дзабуртæй ку æрвистон, уæд естæбæл тухстайтæ?
Етæ дзуапп равардтонцæ:
– Нецæбæл.
[36] Уæд син загъта:
– Нур ба æхцай дзæкъолæ кæмæ ес, е æй райсæд æ
хæццæ, уотæ æ хурдзин дæр. Æхца кæмæ нæййес, е
ба æ пæлæз рауæйæ кæнæд æма æхсаргард балхæнæд.

---

[a] 22.30 Кæсæ «Израиль».

[37] Зæгъун уин, Сугъдæг Финст ци зæгъуй, е Мæбæл гъæуама æрцæуа «Фудгæнгути нимæдзæмæ 'Й бахастонцæ». Мæн туххæй финст ци ес, е рæхги исæнхæст уодзæнæй.

[38]. Етæ загътонцæ:

– Мæнæ ами ес дууæ æхсаргарди.

Е син загъта:

– Фагæ 'й.

## Йесо ковуй Елеони хонхбæл

[39] Йесо рацудæй æма, иннæ хæттити хузæн, рараст æй Елеони хонхмæ, Æ ахургæнуйнæгтæ дæр рацудæнцæ æ
фæсте. [40] Бунатмæ ку бахъæрттæнцæ, уæд син загъта:
– Коветæ, цæмæй фудæвзарæнти ма бахауайтæ.

[41] Дор кумæти фехсæн ес, уойбæрцæ Йесо фæххебарæ 'й, æ уæрагисæртæбæл æрбадтæй æма кувта:

[42] – Мæ Фидæ, кæд Дæ фæндон уа, уæд Мин аци гъезæмæртти къос ма бадарæ. Фал Мæн куд фæндуй, уотæ нæ, фал Дæу куд фæндуй, уотæ фæуурæд.

[43] Уæд Имæ уæларвæй æрцудæй Изæд æма 'Й уодфедар кодта. [44] Уотæхсæн кæнгæй, Йесо зæрддагондæрæй
кувта, æма Æ хед тоги æртæхтау зæнхæмæ тагъдæй.
[45] Кувд ку фæцæй, уæд бацудæй Æ ахургæнуйнæгтæмæ æма сæ фунæййæй баййафта, уомæн æма фур сагъæсæй сæ тухæ басастæй.

[46] Йесо син загъта:

– Цæмæн хуссетæ? Исистетæ æма коветæ, цæмæй монцти ма бахауайтæ.

## Йесой ниййахæстонцæ

[47] Йесо Æ дзубанди нæма фæцæй, уотæ адæм фæззиндтæнцæ; дууадæс ахургæнуйнагемæй еу, Иудæ, цудæй сæ разæй. Е бацудæй Йесомæ раба Ин кæнунмæ. Уомæн æма, ке хæеццæ адтæй, уонæн уотæ байамудта: Кæмæн раба кæнон, Е æй.

**48** Йесо ин загъта:
– Иудæ, байæй гадзирахаттæй цæуис Адæймаги
Фуртбæл?
**49** Гъуддаг цæмæ цæуй, Йесой ахургæнуйнæгтæ уой
ку фæууидтонцæ, уæд Ин загътонцæ:
– Бардар Хуцау, æхсаргардæй цæвæн?
**50** Æма сæ еу æхсаргардæй ниццавта кохенти сæй-
рагдæри цагъари æма ин æ рахес гъос рахаун кодта.
**51** Уæд Йесо загъта:
– Е фæгæ ’й.
Бавналдта цагъари гъосмæ æма ин æй исдзæбæх
кодта. **52** Æ ниййахæссунмæ æрцæуæг кохенти сæйраг-
дæртæн, Ковæндонæ гъæуайгæнгути хецæуттæн æма
адæми сæргълæугутæн Йесо загъта:
– Цума абæреги ахæссетæ, уоййау Мæмæ æхсар-
гæрдтæ æма гъелти хæццæ ку рацудайтæ. **53** Алли бон
Хуцауи Ковæндони уæ хæццæ ку адтæн, æма Мæмæ
уæ къох ку нæ исистайтæ, нур ба уæ рæстæг æрцу-
дæй – талингæдзийнадæ хецауеуæг кæнуй.

### Петр æхе фæттегъæ кодта Йесобæл

**54** Уæд Йесой ниййахæстонцæ æма ’Й æркодтонцæ
кохентæн сæ сæйрагдæри хæдзарæмæ. Петр идæрддзæф
сæ фæсте цудæй. **55** Тургъи астæу арт ку скодтонцæ æма
ку ’рбадтæнцæ, уæд Петр дæр сæ хæццæ исбадтæй.
**56** Еу лæггадæгæнæг силгоймаг Петри фæууидта арти
рохсмæ, æдзинæг имæ никкастæй æма загъта:
– Айæ дæр Æ хæццæ адтæй.
**57** Фал Ибæл Петр æхе фæттегъæ кодта:
– Хуарз уосæ, æз Æй нæ зонун.
**58** Минкъий фæстæдæр æй фæууидта æндæр кадæр
æма ин загъта:
– Ду дæр уонæй дæ.
Петр уомæн дæр загъта:
– Нæ дæн.

[59] Рацудæй сахатти бæрцæ, æма бабæй еу æндæр
адæймаг дæр федарæй дзурдта:
– Айæ дæр, æнæмæнгæ, Æ хæццæ адтæй, уомæн
æма галилейаг æй.
[60] Фал Петр уомæн дæр загъта:
– Ци дзорис, уомæн неци зонун.
Петр æ дзубанди нæма фæцæй, уотемæй уасæнгæ
ниуыуаста. [61] Уæд Бардар Хуцау Е ’ргон разилдта æма
бакастæй Петрмæ. Æма Петр æргъуди кодта, ци ин
загъта, уой: «А ’хсæви уасæнгæ нæма ниуыуасдзæнæй,
уотемæй Мæбæл æртæ хатти дæхе фæттегъæ кæндзæ-
нæ». [62] Петр рацудæй æндæмæ æма содзгæ цæстисуг-
тæй æркудтæй.

## Йесо синедриони рази

[63] Йесой ка гъæуай кодта, еци адæм си гириз кодтон-
цæ æма ’Й надтонцæ, [64] Æ цæститæ Ин нихгæнгæй,
Ин Æ цæсгон ниццæвиуонцæ æма ’Й бафæрсиуонцæ:
– Кæд Пахампар дæ, уæд Дæ ка ниццавта, уой базонæ.
[65] Æма Ин Æ нихмæ дзурдтонцæ берæ æндæр æф-
хуæрæн дзурдтæ.
[66] Æма ку æрбон æй, уæд æримбурд æнцæ адæми
хестæртæ, кохенти сæйрагдæртæ, динамонгутæ æма ’Й
бакодтонцæ сæ синедрионмæ, [67] æма ’Й бафарстонцæ:
– Зæгъай нин, КирисReferences Ду Дæ?
Е син загъта:
– Ку уин зæгъон, уæддæр уи нæ баруагæс уодзæнæй;
[68] ку уæ бафæрсон, уæддæр Мин дзуапп нæ ратдзинай-
тæ; [69] нурæй фæстæмæ Адæймаги Фурт æрбаддзæнæй
алцигъон Хуцауи рахес фарс.
[70] Уæд сæ еугур дæр загътонцæ:
– Мадта Ду Хуцауи Фурт Дæ?
Е син дзуапп равардта:
– Уæхуæдтæ ’й ку зæгъетæ, Æз Хуцауи Фурт ке
дæн, уой.

71 Етæ загътонцæ:
– Циуавæр æвдесæйнаг ма нæ гъæуй? Ӕхе цъухæй
Ин æй ку фегъустан!

### Йесо æма Пилат

23 1 Уæд сæ еугур дæр исистадæнцæ æма ’Й ракод-
тонцæ Пилатмæ, 2 æма ’Й райдæдтонцæ фудгин
кæнун:
– Мах исбæлвурд кодтан, Айæ нин ихалуй нæ адæ-
ми, кесæрæн хъалон федун нæ уадзуй æма Ӕхе хонуй
Киристе, гъома, Паддзах.
3 Пилат Ӕй бафарста:
– Ду дæ иудейаг* Паддзах?
Йесо ин дзуапп равардта:
– Дæхуæдæг æй зæгъис.
4 Пилат адæмæн æма алкертæн загъта:
– Ӕз аци Адæймагмæ неци азун ерун.
5 Фал етæ сæ фæндæбæл лæудтæнцæ, гъома, Ӕ аху-
радæй адæми змæнтуй, еугур Иудейæй – Галилейæй
райдайæ æма сауæнгæ мæнæ аци бунати уæнгæ.

### Йесо æма Ирод

6 Пилат уой ку фегъуста, уæд бафарста:
– Аци лæг галилейаг æй?
7 Ӕма Ироди дæлбарæ бæстæй ке æй, уой ку базудта,
уæд Йесой рарвиста Иродмæ – еци рæстæг Ирод дæр
Иерусалими адтæй. 8 Ирод Йесой ку фæууидта, уæд хъæ-
бæр бацийнæ кодта, уомæн æма ’й рагæй фæндадтæй
Ӕ фæууинун. Йесой туххæй берæ хæттити фегъуста,
уæдта Имæ æнгъæл кастæй ести дессаг равдесунмæ
9 æма ’Й фарста берæ цæмæйдæрти, фал ин Йесо неци
дзуапп равардта. 10 Кохенти сæйрагдæртæ æма дина-
монгутæ ба лæудтæнцæ уоми æма ’Й хъæбæр азунгин
кодтонцæ. 11 Ирод Ӕй бафхуардта е ’фсæддонти хæццæ,

фæггириз си кодтонцæ, хъазар дарæс ибæл скодтонцæ
æма ’Й фæстæмæ Пилатмæ рарвистонцæ. 12 Æма еци
бон Пилат æма Ирод балимæн æнцæ, раздæр ба кæ-
рæдземæ фудзæрдæ адтæнцæ.

## Маруни тæрхон

13 Пилат фæдздзурдта кохенти сæйрагдæртæмæ, хе-
цæуттæмæ æма адæммæ, 14 загъта син:

– Сумах мæмæ æркодтайтæ аци Лæги, адæми иха-
луй, зæгъгæ. Æз уæ рази равзурстон гъуддаг, æма аци
Лæги ци фудракæндти азун кæнетæ, уонæй Имæ неци
иссирдтон; 15 неци азун Имæ иссирдта Ирод дæр, мæ-
лæтмæ ’Й цæй туххæй рардæуа, уæхæнæй; 16 нур Æй
æхсæй фæннæмун кæндзæнæн æма ’Й рауадздзæнæн.

17 Пилати ба, бæрæгбонмæ гæсгæ, уонæн еу ахæсти
рауадзун гъудæй.

18 Фал адæм гъæр кæнун райдæдтонцæ:

– Рамарæ ’Й! Варавви нин рауадзæ!

19 Варавви ба ахæстонæмæ багæлстонцæ, сахари ци-
дæр æзмæнст ке исаразта æма лæг ке рамардта, уой
туххæй. 20 Пилат нæуæгæй адæми хæццæ райдæдта
дзорун – фæндадтæй æй Йесой рауадзун. 21 Фал етæ
гъæр кодтонцæ:

– Райтиндзæ ’Й! Райтиндзæ ’Й!

22 Пилат син æртиккаг хатт загъта:

– Уагæр лæгъузæй ци ракодта? Мæлæтмæ ’Й цæй
туххæй рардæуа, уæхæнæй Имæ неци иссирдтон. Гъе-
ма ’Й æхсæй фæннæмун кæндзæнæн æма ’Й рауадз-
дзæнæн.

23 Фал гъæрæй сæ фæндæ тардтонцæ – Йесой рай-
тиндзун – адæми гъæр æма алкерти гъæр басастон-
цæ Пилати. 24 Æма Пилат гъуддаг ниллух кодта, етæ
куд курдтонцæ, уотæ: 25 æзмæнсти æма лæг рамаруни
азунгондæй ахæстонæмæ ке багæлстонцæ, æма адæм
ке туххæй курдтонцæ, еци Варавви рауагъта, уæдта

бардзурд равардта, цæмæй Йесойæн, ци сæ фæндуй,
уой бакæнонцæ.

### Йесой байтигътонцæ

26 Æма ’Й ку ракодтонцæ, уæд, будурæй ка цудæй,
уæхæн киринейаг лæг Симони бауорæдтонцæ æма ин
æ рагъи исæвардтонцæ дзиуарæ, цæмæй æй Йесой
фæсте хастайдæ. 27 Йесой фæсте цудæй берæ адæм,
уæдта Ибæл ка кудтæй æма гъарæнгæ ка кодта, уæхæн
силгоймæгтæ. 28 Йесо сæмæ æхе бахатта æма син загъта:
– Иерусалими кизгуттæ, Мæнбæл ма кæуетæ, фал
кæуетæ уæхебæл æма уæ сувæллæнттæбæл. 29 уомæн æма
æрцæуй уæхæн рæстæг, æма дзордзæнæнцæ: «Амондгун
æнцæ æнæзæнæгтæ, ка нæ ниййирдта, еци губунтæ,
сувæллонæн æхсир ка нæ бадардта, еци реутæ!» 30 Уæд
райдайдзæнæнцæ хатун хуæнхтæмæ «Æркæлетæ нæ-
бæл!» æма къубуртæмæ «Банимæхсетæ нæ!» 31 Уомæн
æма кæд цъæхсифæ бæласæн уотæ кæнунцæ, уæд уагæр
хускъæ бæласæбæл ба ци æрцæудзæнæй?
32 Æ хæццæ ма Ин марунмæ кодтонцæ дууæ фудгæ-
нæги дæр. 33 Æма Бæрæг бунат ка хуннуй, уордæмæ
ку бахъæрттæнцæ, уæд Уоми Йесо æма фудгæнгути
дзиуарæбæл байтигътонцæ: еуей — рахесæрдигæй,
инней ба – галеуæрдигæй. 34 Йесо дзурдта:
– Мæ Фидæ, ниххатир син кæнæ, уомæн æма, ци
кæнунцæ, уой нæ лæдæрунцæ.
– Æ дарæсбæл Ин хæлттæ исгæлстонцæ æма ’й се
’хсæн байурстонцæ.
35 Адæм лæудтæнцæ æма кастæнцæ. Худтæнцæ Ибæл
хецæуттæ дæр:
– Иннети ервæзун кодта, нур ба Æхуæдæг Æхе фæй-
йервæзун кæнæд, кæд Хуцауи æвзурст Киристе æй, уæд.
36 Гириз Си кодтонцæ æфсæддонтæ дæр – бацудæн-
цæ, цид, Имæ, Æ цъухмæ Ин исхастонцæ тауæг сæнæ,
37 дзурдтонцæ:

– Кæд иудейаг Паддзах Дæ, уæд Дæхе фæйййервæзун кæнæ.

38 Æ сæрмæ бердзейнагау, ромагау æма дзиуиттагау
финст адтæй: «Айæ æй иудейаг Паддзах».

39 Итигъд фудгæнгутæй еу айуан кодта Йесобæл:

– Кæд Ду Киристе дæ, уæд фæйййервæзун кæнæ Дæхе дæр æма мах дæр.

40 Æма ин иннæ бауайдзæф кодта:

– Æви Хуцауæй нæ тæрсис, кæд æма Дæуæн дæр
уæхæн тæрхон рахастонцæ? 41 Махæн раст тæрхон ра-
хастонцæ – нæ гъуддæгтæмæ гæсгæ ’й райстан; Е ба лæгъузæй неци ракодта.

42 Æма загъта:

– Йесо, Дæ Паддзахадæмæ ку бацæуай, уæд мæ, цид, æримисæ!

43 Йесо ин загъта:

– Æцæгæй дин зæгъун, тæккæ абони Мæ хæццæ уодзæнæ дзенети.

**Йесой мæлæт**

44 Адтæй æхсæзæймаг сахатмæ хæстæг. Бæстæ еугу-
рæй дæр нитталингæ ’й, æма уотæ рахаста фарæстæй-
маг сахатти уæнгæ, 45 æма хор рохс нæбал кодта, æма
Ковæндони медæгæ æмбæрзæн раскъудæй сæрæй-бун-
мæ. 46 Йесо гъæрæй загъта:

– Мæ Фидæ, Дæ къохтæмæ Дин дæдтун Мæ уод.

Æма уотæ ку загъта, уой фæсте Æ уод исиста.

47 Ци æрцудæй, уой сæдихецау ку фæууидта, уæд
табу кодта Хуцауæн æма загъта:

– Аци Адæймаг, æнæмæнгæ, рæстаг адтæй.

48 Бакæсунмæ ци адæм æрбамбурд æнцæ, етæ хабар
ку фæууидтонцæ, уæд сæ реутæ хуайгæ, сæхемæ здах-
тæнцæ. 49 Йесой зонгитæ ба сæ еугур дæр, уæдта Æ
фæсте Галилейæй ка рацудæй, еци силгоймæгтæ дæр
идæрддзæф лæудтæнцæ æма кастæнцæ, ци цæуй, уомæ.

### Йесой банигæдтонцæ

[50] Адтæй еу лæг, æ ном Иосиф, синедриони иуонг,
хуарз æма раст адæймаг, [51] Иудейаг сахар Аримафе-
йæй; æнгъæл кастæй Хуцауи Паддзахадæмæ. Е арази
н' адтæй, синедрион ци унаффæ рахаста æма ци ба-
кодта, уой хæццæ. [52] Иосиф бацудæй Пилатмæ Йесой
мард ракорунмæ; [53] Æриста æй, ба 'й тухта æ пæлæзи
æма 'й байвардта къæдзæхи хурфи зæппадзи, уоми
æвæрд неке ма адтæй. [54] Еци бон адтæй майрæнбон,
сабатизæр. [55] Йесой хæццæ Галилейæй ци силгоймæг-
тæ рацудæй, етæ дæр рандæ 'нцæ æма фæууидтонцæ
зæппадзæ дæр æма Йесой мард дæр; [56] ку раздахтæн-
цæ, уæд æрцæттæ кодтонцæ хуæрздæфагитæ; сабати
ба син, фæдзæхстмæ гæсгæ, адтæй уолæфæн бон, æма
неци кæнун æнгъизтæй.

### Йесо Киристе райгас æй

**24** [1] Авдисæри ба, сæумæ раги еци силгоймæг-
тæ æрцудæнцæ зæппадзæмæ, рахастонцæ, ци
хуæрздæфагитæ æрцæттæ кодтонцæ, уони; [2] фал зæп-
падзи дор æрийййафтонцæ еуварсгондæй. [3] Бацудæнцæ
медæмæ, фал си Йесой мард не ссирдтонцæ. [4] Уобæл
дес ку кодтонцæ, уæд сæ рази æваст февзурстæнцæ ду-
уæ лæги æрттевгæ дарæсти. [5] Силгоймæгти тас бацудæй,
сæ сæртæ æруагътонцæ, фал син лæгтæ загътонцæ:

– Уодæгаси мæрдти хæццæ ци агоретæ? [6] Ами нæ
'Й, райгас æй. Галилейи ма ку адтæй, уæд уин ци
дзурдта, уой уæ зæрди æрифтауетæ: [7] «Адæймаги Фурт
гъæуама лæвæрд æрцæуа тæрегъæдгун адæми къох-
тæмæ, итигъд æрцæуа дзиуарæбæл æма æртиккаг бон
райгас уа».

[8] Уæд силгоймæгтæн сæ зæрди æрифтудæнцæ Йе-
сой дзурдтæ; [9] раздахтæнцæ зæппадзæй æма еугур дæр
радзурдтонцæ еуæндæс ахургæнуйнагемæн, уæдта

иннетæн дæр. [10] Еци силгоймæгтæ адтæнцæ Магда-
линæ Марийæ, Иоаннæ, Иакови мадæ Марийæ æма
иннетæ, сæ хæццæ ма ка адтæй, етæ хабар радзурдтон-
цæ Амистолтæн. [11] Фал сæмæ силгоймæгти дзубандитæ
дзæгъæлдзорæ фæккастæнцæ, æма сæбæл нæ бауæнд-
тæнцæ. [12] Фал Петр исистадæй æма фæууадæй зæппа-
дзæмæ, æргубур кодта æма си фæууидта æрмæстдæр
мæрддзæгтæ, æма фæстæмæ раздахтæй, ци 'рцудæй,
уобæл æ меднимæр дес кæнгæй.

### Эммаусмæ цæугæй

[13] Еци бон ахургæнуйнæгтæй дууæ фæццæйцудæн-
цæ, Иерусалимæй æртинсæй стадий[a] идæрддзæф ци
Эммауси гъæу адтæй, уордæмæ. [14] Дзубанди кодтон-
цæ, ци 'рцудæй, еци еугур цаутæбæл; [15] æма дзубанди
куд кодтонцæ æма сæ кæрæдземæн сæ гъудитæ куд
дзурдтонцæ, уотæ сæмæ Йесо Æхуæдæг бахæстæг æй
æма сæ хæццæ байеу æй. [16] Фал сæ цæститæй рæст-
мæ нæбал уинæгау фæцæнцæ æма 'Й нæ базудтонцæ.
[17] Йесо сæ бафарста:

– Цæбæл дзоретæ цæугæ-цæун?

Етæ æнкъардæй æрлæудтæнцæ. [18] Сæ еу, Клеопа,
дзуапп равардта Йесойæн:

– Иерусалиммæ æрцæугутæй, æвæццæгæн, еунæг Ду нæ зонис, аци бæнтти уоми ци 'рцудæй, уонити туххæй.

[19] Йесо сæ бафарста:

– Ци нæ зонун?

Етæ Ин загътонцæ, ци 'рцудæй Назаретаг Йесобæл: Е гъуддагæй дæр æма дзурдæй дæр тухгин Пахампар адтæй Хуцауи рази дæр æма еугур адæми рази дæр.
[20] Нæ кохенти сæйрагдæртæ æма Ибæл нæ хецæуттæ

---

[a] 24.13 Стади – 125 къахдзæфи, æй 184, 8 метри. 60 стадий æнцæ 11 километри.

гадзирахаттæй куд рацудæнцæ, мæлæти тæрхонмæ ’Й
куд равардтонцæ æма ’Й дзиуарæбæл куд байтигътон-
цæ. 21 Мах ба нæхецæн нифситæ æвардтан, Израили
Ка фæйййервæзун кæндзæнæй, Е æй, зæгъгæ. Уотемæй
Æ нийтиндзунбæл нур æртиккаг бон цæуй, 22 æма нæ
силгоймæгтæй кадæртæ мах деси бафтудтонцæ – сæ-
умæй адтæнцæ зæппадзи рази, 23 фал Ин Æ мард не
’ссирдтонцæ. Æрцудæнцæ æма радзурдтонцæ, Изæдтæ
сæмæ ке фæззиндтæнцæ æма син загътонцæ, Йесо
уодæгас æй, зæгъгæ. 24 Уæд махæй кадæртæ рандæ
’нцæ зæппадзæмæ æма алцидæр фæууидтонцæ, си-
лгоймæгтæ куд загътонцæ, уотемæй; Æхе ба Ин нæ
фæууидтонцæ». 25 Уæд син Йесо загъта:

– О, æнæлæдæргитæ æма дзæндæл зæрдитæ! Пахам-
партæ ци загътонцæ, уонæбæл ци зинтæй æууæндетæ!
26 Киристейæн уотæ фæгъгъезæмарæ кæнгæ адтæй æма
уотемæй Æ кадæмæ бацæун.

27 Æма син Моисейæй æма еугур пахампартæй рай-
дайгæй, балæдæрун кодта, æгас Сугъдæг Финсти Æхе
туххæй ци загъд ес, уонити еугурæй дæр.

28 Ци гъæумæ цудæнцæ, уомæ ку бахæстæг æнцæ, уæд
Йесо Æхе равдиста уотæ, цума идарддæр цæуйнаг ад-
тæй. 29 Фал Æй етæ урæдтонцæ, лигъстæ Ин кодтонцæ:

– Байзайæ нæ хæеццæ, бон изæрмæ æрхæстæг æй.

Уæд Йесо бацудæй гъæумæ æма сæ хæеццæ байза-
дæй. 30 Æма Йесо фингæбæл ку ’рбадтæй, уæд райста
дзол, Хуцауæн арфæ ракодта, расаста æй æма сæмæ ’й
равардта. 31 Уæд ракастæнцæ сæ цæститæй, базудтон-
цæ ’Й, фал сæмæ нæбал зиндтæй. 32 Уæд кæрæдземæн
загътонцæ:

– Надбæл нæ хæеццæ ку дзубанди кодта æма нин
Сугъдæг Финст ку амудта, уæд, цума, нæ реуи нæ
зæрдитæ нæ сугъдæнцæ?

33 Æма еци сахат исистадæнцæ æма раздахтæн-
цæ Иерусалиммæ, æма уоми баййафтонцæ еуæндæс

ахургæнуйнаги иннæ ахургæнуйнæгти хæццæ еумæ.
[34] Етæ дзурдтонцæ, æцæгæй ке райгас æй æма Æхе
Симонмæ ке равдиста. [35] Уæд син аци дууæ радзурдтон-
цæ, надбæл ци æрцудæй, уæдта Йесо дзол куд расаста,
уомæй Æй ке базудтонцæ, уонити туххæй.

## Йесо Æхе равдиста Æ ахургæнуйнæгтæмæ

[36] Уонити туххæй ку дзурдтонцæ, уæд Йесо æхуæдæг
æрлæудтæй се ’хсæн æма син загъта:

– Фæрнгун уотæ!

[37] Етæ фæкъкъех æнцæ, æма си тас бацудæй: уотæ
фенгъалдтонцæ, цума мон уинунцæ. [38] Фал син Йесо
загъта:

– Цæбæл искатай айтæ, æма уæ зæрди ауæхæн гъу-
дитæ цæмæн игуруй? [39] Фæууинетæ Мин Мæ къохтæ
æма Мæ къæхтæ: айæ Æз Мæхуæдæг дæн. Басгаретæ
Мæ æма исбæрæг кæнетæ: монæн фид æма истгутæ
нæййес, Мæнæн ба ес, куд уинетæ, уотемæй.

[40] Уой зæгъуни фæсте син фæууинун кодта Æ къохтæ
æма Æ къæхтæ. [41] Фур цийнæй си ку нæма æруагæс
кодта æма деси ку бацудæнцæ, уæд син загъта:

– Ами уæмæ хуæруйнаг ес?

[42] Равардтонцæ Ин фезонæггонд кæсалги карст æма
бедзæ муд. [43] Æма сæ райста, æма сæ сæ рази хуардта.

[44] Æма син загъта:

– Уæ хæццæ ма ку адтæн, уæд уин Æз уой туххæй
дзурдтон, Моисейи Æгъдауи, Пахампарти киунугути
æма псаломти* Мæн туххæй ци загъд ес, етæ еугур дæр
гъæуама æрцæуонцæ, зæгъгæ.

[45] Уæд син Сугъдæг Финст лæдæрунæн байгон кодта
сæ зунд. [46] Æма син загъта:

– Сугъдæг Финст уотæ зæгъуй, Киристе гъæуама
фæгъгъезæмарæ кодтайдæ æма æртиккаг бон мæрд-
тæй райгас адтайдæ; [47] æма, Иерусалимæй райдайгæй,
еугур адæмтæмæ Æ номæй фæдздзурдæуа, цæмæй

æрфæсмон кæнонцæ сæ тæрегъæдтæбæл, æма син сæ
ниххатир кæнонцæ. 48 Уомæн сумах айтæ æвдесæнтæ.
49 Æз уин рарветдзæнæн, Мæ Фидæ уин зæрдæ цæ-
мæй байвардта, уой. Æма бал байзайетæ аци сахари,
цалинмæ уæлæрвон тухæй исхайгин уайтæ, уæдмæ.

### Йесо рандæ ’й уæлæрвтæмæ

50 Æма сæ сахарæй рахудта Вифаний уæнгæ, Æ къох-
тæ уæлæмæ исиста æма сæбæл Æ арфæ бафтудта. 51 Æма
сæбæл арфæ ку æфтудта, уæд си идард кæнун райдæдта,
æма Æхе уæларвмæ исиста. 52 Етæ Имæ бакувтонцæ
æма стур цийни хæццæ раздахтæнцæ Иерусалиммæ.
53 Уæдæй фæстæмæ еудадзуг адтæнцæ Ковæндони æма
табу кодтонцæ Хуцауæн. Амменæ.

# ДЗУРДУАТ

## Сæрмагонд нæмттæ æма географион терминтæ

***Галилейæ*** – Израилæн æ цæгатæрдиги бæстæ. Вавилойнаг уацари дзамани (VI æнос, Киристей Райгурди агъоммæ) уоми ци дзиуиттæгтæ байзадæй, етæ æрледзæг муртакти хæццæ исхæлæмулæ æнцæ, фæстæдæр сæбæл бафтудæнцæ арамейаг, финикийаг æма бердзейнаг æрледзгутæ, æма уой туххæй аци зæнхи хай арæх муртакти худтонцæ. Йесо Киристе Æ зæнхон царди фулдæр хай, адæми ахургæнгæй, Галилейи рарвиста.

***Иерусалим*** – иудейаг хуæнхти конд сахар, Мард ке хонунцæ, еци денгизæн æ нигулæнæрдиги билæй 25 км бæрцæ идарддæр; паддзах Соломони дзамани иссæй Израили сæйраг сахар.

***Израиль*** – аци ном Хуцау равардта Иаковæн, Иаков Æ хæццæ Пенуэли ку тухтæй, уæд. Иакови байзайæггæгтæ дууадæс аули (фæлтæри) Зæронд Фæдзæхсти хуннунцæ Израили адæм. Паддзах Соломони фæсмæрдæ, цæгати ка цардæй, еци дæс аули рартæстæнцæ Иудæ æма Вениамини хонсайраг аултæй æма исаразтонцæ, Цæгаттаг ке хонунцæ, еци паддзахадæ. Цæгаттаг паддзахади адтæй æхе паддзæхтæ, фæстæдæр ба æхе сæйраг сахар – Самарийæ. Хонсайраг паддзахадæ хундтæй Иудейæ, æ сæйраг сахар ба – Иерусалим. Зæронд Фæдзæхсти еуæй-еу рауæнти дзурд «Израиль» хауй æрмæст цæгаттаг аултæмæ, кенæ Цæгаттаг паддзахадæмæ. Нæуæг Фæдзæхсти дзурд «Израиль» лæдæрунцæ куд «израилаг адæм, уæдта куд Израили зæнхæ – Палестинæ.

***Ирод Антиппæ*** – стур Ироди фурт: хецауеуæг кодта Галилейи Киристей Райгурди агъоммæ 4-аг анзæй 39-аг анзмæ. Æнæзакъон къаййадæ ке скодта, уой туххæй æй фудгин ка кодта, еци Донæй Аргъауæг Иоанни ниййахæссун æма уой рамаруни туххæй равардта бардзурд.

***Иудейæ, Иудейаг Паддзахадæ*** – дууæ иудейаг паддзахадемæй еу, фæззиндтæй Киристей Райгурди агъоммæ, X æноси. Кæсæ: «Израиль».

***Иудæ*** – **1.** Иакови дууадæс фуртемæй еу, уæдта Иуди ахилæн æ фиддæл. Æ байзайæггæгти худтонцæ иудейтæ. Иуди ахилæй адтæнцæ Израили стурдæр паддзах Давид æма æ фурт Соломон. Паддзах Соломони фæсмæрдæ цæгаттаг байзайæггæгтæ ку рахецæн æнцæ хонсайраг (Иудæ æма Вениамини) байзайæггæгтæй, уæд аци дууæ ахилемæй еумæ ци паддзахадæ равзурстæй, е æй Хонсайраг паддзахадæ, Иудейæ. Хонсайраг паддзахадæн адтæй æхе паддзæхтæ, Давиди байзайæггæгтæ, фал сæйраг сахар ба раздæрау адтæй Иерусалими. Нæуæг Фæдзæхсти догæмæ еугур дзиуиттæгти дæр райдæдтонцæ «иудейтæ» хонун. Йесо Киристе дæр Иуди ахилмæ хаудтæй æма, Давид куд, утæ райгурдæй иудейаг сахар Вифлееми.

**2.** «Иудæ», зæгъгæ, хундтæнцæ, Библий ке кой цæуй, уæхæн берæ æндæр адæм дæр. Сæрмагондæй, Иудæ Искариот æй, Киристей ка банимугъта, еци ахургæнуйнаг.

***Капернаум*** – Израилæн æ цæгатæрдиги минкъий сахар, Галилейи цади билæбæл.

***Моисей*** – Хуцауи æвзурст адæймаг Левий ахилæй, израилаг адæми Мисири (Египети) уацарæй ракодта.

Моисей уой фæсте, æдзæрæг бæсти цæугæй, иссæй сæ фæтæг дæр æма сæ пахампар дæр. Е равардта израилаг адæмæн, ке гъæуама æнхæст кодтайуонцæ, Хуцау ин ке равардта, еци Ægъдау. Аци Ægъдау финст æй, Моисейи киунугутæ ке хонунцæ, Моисейи Ægъдау, кенæ уотид Ægъдау (Торæ), Библий еци фиццаг фондз киунугеми. Кæсæ: "Ægъдау".

***Понтий Пилат*** – римаг хецау, Йесой рамаруни рæстæг Иудейи (Киристей Райгурди фæсте 26–36 æнзти) кодта хецауеуæг. Иннæ хецауеуæггæнæг уагдæнттæ еугурæй дæр адтæнцæ æ бæрнæхсти, æма æнæ уой фæндонæй еунæг мæлæти тæрхон дæр неке рахастайдæ.

## Сæйраг уацтæ

***Адæймаги Фурт*** – пахампар Даниил Адæймаги Фурт хонуй æрцæуйнаг Паддзах Мессийи, Хуцау Ке æносон бæрнæхсти бакæндзæнæй еугур адæмти, Уой. Евангелий киунугути Йесо Киристе арæх хонуй Æхе Адæймаги Фурт, цæветтонгæ, Даниили дзурдбæл æнцойнæгæнгæй.

***Амистол*** – рагон бердзейнаг æвзаги аци дзурди нисанеуæг æй «минæвар», «уацхæссæг». Евангелимæ гæсгæ, аци дзурди медес лæдæргæ ’й, ке исæвзурста æма ке рарвиста Фарни Уац адæмæн лæдæрун кæнунмæ, куд Йесо Киристей минæвар, уотæ. Фиццагидæр, уотæ хуннунцæ, Киристей хæццæ Æ зæнхон царди рæстæги ка цудæй, хæстæгдæр Имæ ка адтæй, еци дууадæс ахургæнуйнаги. Фæстæдæр Киристей фæдбæл цæуæг иннæ адæми æма Æ ахурадæ парахатгæнгути дæр райдæдтонцæ амистолтæ хонун.

***Амондгун*** – зæнхæбæл нуредæгæн, кенæ æрцæуйнаг æноси уодæнцойнæ кæмæн æй цæттæгонд, уæхæн адæймаг. Зæронд Фæдзæхсти мондидзаг лæдæрд æй куд царди хуарздзийнæдтæй арфæгонд, фал сæйрагдæр ба – Хуцауи хæццæ бастдзийнади фæдбæл цийнæ. Нæуæг Фæдзæхсти мондидзаг сæрмагондæй баст æй Хуцауи Паддзахади хæццæ, уæдта рæстæгмæ амонд нæ, фал æноси хуарзæнхæй зæрдæ æвæруни хæццæ.

***Арфæ кæнун, арфæгонд*** – ескæмæн хуарзæнхæ зæгъун. Хуцауи арфæ адæймагбæл ку исæмбæлуй, уæд ин ести хуарз радтуй, зæгъæн, æнтæститæ, сабурдзийнадæ, берæ цæуæт, хуарз цард. Еу адæймаг иннемæн арфæ ку фæккæнуй, уæд ин æ кувди æ зæрдæ хуарздзийнадæ зæгъуй. Адæймаг Хуцауæн табу ку фæккæнуй, уæд Ин арфæ фæккæнуй. Йесо сабийтæ æма Æ ахургæнуйнæгтæн арфæ кодта Æхе уæларвмæ исесуни разæй. Йесой ахургæнуйнæгтæ гъæуама Хуцауи арфæ парахат кæнонцæ; æзнæгтæмæ дæр æма сæ, соргæ ка кæнуй, уонæмæ дæр Хуцауи арфæ хъæртун кæнонцæ. Арфæ кæнун æй дзурд «æлгъетун»-и антоним.

***Æгъдауи лæг*** – Моисейи фæрци Хуцауи лæвар Æгъдау зонæг адæймаг. Е архайдта финсун, ахур кæнун, лæдæрун кæнун æма практикон хузи Æгъдауæй пайда кæнун, уæдта æй амудта адæмæн. Уæхæн адæм кадгин адтæнцæ дзиуиттаг æхсæнади, уæдта сæ бон адтæй хецауеуцæг кæнун. Фал, ци фæткæвæрд бацæттæ кодтонцæ фæдзæхститæ æнхæст кæнуни туххæй, е хумæтæг дзиуиттæгтæн практикон æгъдауæй иссæй хъæбæр уæззау уаргъ. Уой туххæй Йесо фудгин кодта Æгъдауи лæгти; динамонгутæ дæр, цæветтонгæ, уонæмæ хаудтæнцæ.

***Æносон цард*** – Библий уотæ хуннуй æносон зæнхон цард нæ, фал Хуцауи хæццæ æнзæрдæ ун, æноси Æ хæццæ еумæ ун, уомæн æма æносон царди игурæн æй Хуцау. Æносон цард лæваргонд цæуй адæймагæн æ æууæндундзийнадæмæ гæсгæ нуредæгæн аци дуйней, рамæлуни агъоммæ. Фал æносон цард æнхæстæй рардæуодзæнæй мæрдти райгаси, уæдта, Хуцау паддзахеуæг кæнун ку райдайа, уой фæсте.

***Бодæ*** – бæлæстæй æмбурдгонд экзотикон зайæгойи соргонд къеуæ, уой содзгæй си рацæуй хуæрздæфагæ хъуæцæ. Бодæ содзун адтæй Хуцауи Ковæндони Иерусалими нивонд хæссуни хузтæн сæ еу.

***Дауити Фурт*** – паддзах Дауити хæдзарвæндаги байзайæггаг. Дзиуиттæгтæ уотæ худтонцæ Мессийи (Киристей), уомæн æма æууæндтæнцæ, Мессийæ Паддзах Дауити аулæй ке уа гъæуама, уобæл.

***Донæй аргъуд*** – дини сæйрагдæр æгъдæуттæн сæ еу – дони бацуд; нисан кодта адæймаги искæдзос ун æма ’й Хуцауæн иснивонд кæнун. Нæуæг Фæдзæхсти дзурд цæуй донæй аргъуди дууæ хузей туххæй. Фиццаг Донæй Аргъауæг Иоанн донæй аргъудта, æ тæрегъæдтæбæл ка басастæй æма Хуцауи Дзурд æнхæст кæнуни зæрди ка адтæй, уæхæн адæмбæл. Уой фæсте Йесо Æхуæдæг донæй аргъуд райста Иоаннæй Иордани, æма Имæ Сугъдæг Уод уæларвæй æрцудæй. Аци рæстæгæй райдæдта Йесой мессион лæггадæ. Йесо Киристей мæлæт æма Æ райгаси фæсте донæй аргъуди медес никки арфдæр лæдæргæ иссæй: адæймаги æ раздæри тæрегъæдгун цардæй нæбал фæндуй цæрун, раст, цума, тæрегъæддзийнадæн рамæлуй, уотæ, æма Киристей хæццæ нæуæг цардæн райгас уй. Нæуæг Фæдзæхстæн æ рахæсгæ нисанеуæг æй: «Йесой донæй

аргъуд» куд адæймаги еузæрдиуондзийнадæ Йесой гъезæмæртти хæццæ, уæдта «донæй аргъуд» куд Сугъдæг Уоди æрцуд адæймагмæ.

***Дæлуймон, фудзæрдæ мон*** – Хецауеуæг кæмæн кæнуй сайтан, уæхæн мон. Адæм арæх тарстæнцæ дæлуймонтæй, уомæн æма уони бон адтæй аци дуйней сæ кæнон кæнун, зæгъæн, адæймаги бацæун æма ин хецауеуæг кæнун. Фал кæд æма æгас дуйней Хецау Хуцау æй уæлдæр, уæд Йесо Хуцауи хъаурæй адæми дæлуймонтæй иссæребарæ кæнидæ, уæдта еци ускурдиадæй фæххайгин кодта Æ ахургæнуйнæгти дæр.

***Зæронд Фæдзæхст*** – Хуцауи бадзурд Моисейи æнхусæй Израили адæми хæццæ; федаргонд æрцудæй Синайи хонхбæл Мисирæй дзиуиттæгти рацæуни фæсте. Æ сæйрагдæр хай – фиццаг фондз киунуги – хуннуй Æгъдау.

***Кесæр*** – римаг империй уæлдæр сæргълæууæг, æ бæрнæхсти адтæнцæ, хецæн облæсттæн разамунд ка лæвардта, уæхæн сæргълæугутæ æма паддзæхтæ (зæгъæн, Пилат æма Ирод). Уæхæн хецæутти кесæртæ худтонцæ, сæ аули бундорæвæрæг Юлий Цезæриноммæ гæсгæ – еци дзаманти ин æ ном уотæ дзурдтонцæ.

***Киристе, Мессийæ*** – дзиуиттаг æвзагæй («машиах»), рагон бердзейнаг æвзагæй ба Χριστός («христос»), æ нисанеуæг – «исæрст». Раги дзамани Израили легъони сойнæй исарстонцæ, Хуцау Æхуæдæг лæггадæ кæнунмæ ке исæвзаридæ, еци кохентæ, пахампартæ æма паддзæхти. Хуцау, пахампарти æнхусæй, зæрдæ байвардта израилаг адæмæн зæнхæмæ Мессийи рарветун – Израили адæм Ка фæййервæзун кæндзæнæй æма зæнхи цъарæбæл цæрæг еугур адæмæн æноси хецауеуæг Ка кæндзæнæй,

уæхæн Паддзах. Дзиуиттæгтæ Йесой рæстæги хъæбæр æнгъæл кастæнцæ, зæрдæ син Кæмæй æвæрд адтæй, еци Мессийи æрцудмæ. Етæ сæ зæрдæ дардтонцæ, Е сæ æцæгæлон тухæгæнæг адæми – римæгти – хецаудзийнадæй ке иссæребарæ кæндзæнæй æма Израили раздæри кадæ æ бунати ке исбадун кæндзæнæй. Фал зæнхæмæ æрцæуæг Ервæзунгæнæг Мессийæ, Йесо Киристе, искодта дзæвгарæ фулдæр. Е фæййервæзун кодта зæнхон адæми тæрегъæд æма мæлæти цагъайрадæй, æма Æ фæрци Хуцау адæми хæццæ исфедар кодта Нæуæг, æносон Фæдзæхст. Никки ма Йесо Киристе Æхе хонуй Хуцауи Фурт.

***Ковæндонæ*** – Библий дзурд «Ковæндонæ» лæдæрд æй куд Иерусалими Ковæндонæ – е адтæй паддзах Соломони догæй ардæмæ Хуцаумæ ковуни сæйраг бунат Израили. Киристей Райгурди агъоммæ 586-аг анзи Соломони Ковæндонæ ниппурх кодтонцæ Вавилони цæргутæ; етæ си Вавилонмæ рахастонцæ æгас зинаргъ дзаумæттæ дæр. Ковæндонæ адтæй Израили цæргутæн сæ царди сæйраг бунат: айдагъдæр ами, цид, æрхæссиуонцæ нивонд, ардæмæ еугур бæстæй дæр æма фæсарæнтæй дæр æрцæуиуонцæ дзиуиттæгтæ сæ дини ахсгиагдæр бæрæгбæнттæ кæнунмæ: Песах, Фæндзайæймаг бон, Кущи бæрæгбон (кущæ – бæласи къалеутæй конд уосонгæ).

***Кохен*** – Хуцауи Ковæндони Иерусалими дини æгъдау кæнун æма лæггадæ кæнуни барæ кæмæ ес, уæхæн адæймæгти къуар дзиуиттаг æхсæнади. Хестæр кохен разамунд лæвардта дини æгъдау æнхæст кæнунæн, аци барæ лæвæрд цудæй фидæй-фуртмæ.

***Къæхигæнæ дзолти бæрæгбон*** – аци бæрæгбон райдайидæ Песахи фæсте. Къуæрей æндæргъци израилаг

адæм имистонцæ, Хуцау сæ тагъд-тагъдæй Мисирæй куд ракодта, уой. Нæуæг Фæдзæхсти рæстæг Песах æма Къæхигæнæ дзолти Бæрæгбон нимад цудæнцæ еу бæрæгбонтæл.

***Левит*** – Иакови æртиккаг фурти байзайæггæгтæ. Моисейи доги Хуцау равзурста, Левий аулæй ка рантæстæй, еци Аарони байзайæггæгти, цæмæй адтайуонцæ æ кохентæ. Левий иннæ байзайæггæгтæ ба (уони фæххонунцæ левиттæ) еугурæй дæр, кохентæн æнхус кæнгæй, гъæуама фæллойнæ кодтайуонцæ Скиний.

***Легъон*** – фæтæн рæзæбæласæ, Палестини арæх æй. Æ рæзæ (инжир) хъæбæр адгин æма пайда æй, æма уомæн легъонбæласæ æй сабур æма бæркадгун царди бæрæггæнæн.

***Моисейи Æгъдау*** – рагон дзиуиттаг æвзаги («Торæ»), гъома, Æгъдау – ахурадæ, Хуцау циуавæр цард æма циуавæр лæггадæ хезуй Æ адæмæй, уой туххæй. Æгъдау израилаг адæмæн равардта Хуцау, Моисейи æнхусæй. Зæронд Фæдзæхсти аци ахурадæ æма Æгъдау куд лæваргонд æрцудæй, еци истори æй сæрмагондæй Фондзкиунугеми (Библий фиццаг фондз киунуги), фæххонунцæ ’й Æгъдау. Аци Æгъдау лæвардта израилаг адæмæн бæстон фæдзæхститæ, сæ дин æма æхсæнадон царди æгъдау раст кæнуни гъуддаги, уæдта æхсæнади федар æвардта хе даруни фæткитæ.

***Муртак*** – рагон израилаг адæм муртактæ худтонцæ иннæ адæмти еугурей дæр, уомæн æма æрмæст дзиуиттæгтæ кувтонцæ Еунæг Хуцаумæ, иннæ адæмтæ ба æууæндтæнцæ берæ хуцæуттæбæл, нимад адтæнцæ æцæг Хуцау æма Е ’взурст Израили адæми знæгтæбæл.

***Пахампар*** – Хуцауи Фæндæ æма Хуцауи Дзурд адæммæ ка хъæртун кæна, уæхæн, Хуцауи æвзурст адæймаг. Сугъдæг Уоди æнхусæй пахампартæ дзурдтонцæ æрцæуйнаг хабæртти туххæй, адтæнцæ тæрхонгæнгутæ æма зундамонгутæ, адæми сæ тæрегъæдтæбæл сæттун кодтонцæ æма сæ Хуцаумæ ковун арази кодтонцæ.

***Песах*** – дзиуиттæгти ахсгиагдæр бæрæгбæнттæй еу, бæрæг æй кæнунцæ уалдзæги, Мисири уацарæй дзиуиттæгти фæййервæзуни бон имисгæй. Аци бæрæгбони фингæн æ сæйраг гъуддаг адтæй нивонд косæрттаг далис «песах» (дзиуиттаг æвзаги – «песах»). Ардигæй цæуй бæрæгбони ном дæр. Нæуæг Фæдзæхсти Киристей райтигътонцæ, æма дзиуарæбæл рамардæй Песахи бæрæгбони агъоммæ. Апостол Павел амонуй, Кирист нивондæн хаст æрцудæй куд Песахи далис. Æртиккаг бон Кирист райгас æй, æма уомæн киристæнттæн Песах иссæй æрмæст Киристей дзиуарæбæл мæлæти имисуйнаг нæ, фал Æ Райгаси бæрæгбон дæр.

***Псаломти киунуги*** – 150 дзиуиттаг дини зартæ, æмбурдгонд æнцæ Зæронд Фæдзæхсти хецæн киунуги – Псалтир. Аци киунугæ бæдтунцæ паддзах Давиди номи хæццæ, уомæн æма, таурæхъмæ гæсгæ, и псаломтæн сæ фулдæр е æхуæдæг ниффинста.

***Райгас ун*** – бауæри нæуæг цард мæлæти фæсте. Нæуæг Фæдзæхсти фæсте дзиуиттæгтæн сæ фулдæр æууæндтæнцæ, фæстаг бон, куд рæстаг адæм, уотæ тæрегъæдгунтæ дæр ке райгас уодзæнæнцæ, цæмæй Хуцауи тæрхони рази æрлæууонцæ. Киристей райгас ба æй мæлæтбæл уæлахез æма еугур адæмæн райгас уни гæнæн æма фæрæзнæ.

***Саддукейтæ*** – дзиуиттæгтæмæ дини сæйрагдæр къуæрттæй еу, æ кой цæуй Нæуæг Фæдзæхсти. Фарисейтæй уæлдай, етæ кадгиндæрбæл нимадтонцæ æрмæст Фондзкиунуги, не ’ууæндтæнцæ цъухæйдзоргæ таурæхътæбæл, пахампарти киунугутæбæл дæр не ‘ууæндтæнцæ. Цæветтонгæ, етæ не ‘ууæндтæнцæ, Хуцауи тæрхони бон еугур мæрдтæ ке райгас уодзæнæнцæ, цæмæй Хуцауи рази æрлæууонцæ, уобæл.

***Сайтан*** – Хуцауи æма Æ лæггадæгæнгути æзнаг хонунцæ сайтани, фал и дзурдæн æхе нисанеуæг æй «нихмæлæууæг», кенæ «фудгин кæнæг» – тæрхони рази фудгин ка кæнуй, е. Куд Хуцауи нихмæлæууæг æма фуд монти сæргълæууæг, сайтан æма аци монтæ сайунцæ адæми, хъор сæ кæнунцæ Хуцаумæ æрцæунмæ æма сæ мæлæтмæ æркæнунбæл архайунцæ. Хуцауи нихмæ ци адæм дзорунцæ, етæ сайтани ардудбæл цæунцæ. «Æргонзæрдæдзийнæдтæ» («Откровения»), зæгъгæ, еци киунуги дзурд цæуй, еу хатт сайтанбæл ке фæууæлахез уодзæнæнцæ, æма еугур пурхгонд ке æрцæудзæнæй. Библий æ иннæ нæмттæ: дæлуймон, козбау, Веелзевул.

***Синагогæ*** – дзиуиттæгти æмбурд еумæ ковунмæ, Сугъдæг Финст аргъаунмæ æма дини æгъдæуттæ ахур кæнунмæ; уæдта уæхæн æмбурдти хæдзарæ. Æмбурди рæстæг хумæтæг архайæги бон дæр адтæй Сугъдæг Финстæй скъуддзаг байаргъаун, уæдта æмбурди адæммæ æхе бахатун, ци скъуддзаг байаргъудта, уой балæдæрун кæнуни туххæй. Хуцауи Ковæндонæй уæлдай, синагоги нивонд косæрттаг нæ уидæ. Дзиуиттæгтæ кæми цардæнцæ, уоми Скиний æма Иерусалими алли уæхæн сахари дæр адтæй, минкъийдæр, уæд еу синагогæ.

***Сонæт*** – биццеутæ æма нæлгоймæгтæн лухгонд цудæй сæ бауæри кæеройнаг хай. Хуцау Авраамæн ци

Фæдзæхст равардта, уомæ гæсгæ, алли дзиуиттаг бицъеуæн дæр æ райгурунæй æстæймаг бон кодтонцæ сонæт. Йесой рæстæги сувæллонбæл ном æвардтонцæ еци бон.

***Сугъдæг Уод*** – дзиуиттаг дзурд («руах») æма бердзейнаг πνεῦμα («пнеума») нисан кæнунцæ «уолæфт, фæлмæн думгæ, мон». Зæронд Фæдзæхсти Хуцауи Мон æй архайæг, цардмæ хонæг æма еугур уодгоймæгти уодбæлхуæцæг хъаурæ. Уомæй рахезгæй, Мон дæдтуй адæймагæн зунд, радтуй ин искурдиадæ æма ацъагъуæ, хонуй æй Хуцауæн лæггадæ кæнунмæ. Хуцауи Мон æрцæуидæ сæрмагонд адæммæ, кенæ адæми къуармæ æма сæ фæххайгин кæнидæ, ци æрцæуйнаг æй, уой зонуни искурдиадæй. Аци Мон Библий дæр хуннуй Бардари Мон, Сугъдæг Уод. Сугъдæг Уод, куд Фидæ æма Фурт, уотæ хайгин æй Хуцауи минеугутæй. Йесо райгурдæй, Лукай Евангелимæ гæсгæ, æнæ адæймаги æнхусæй, фал æрмæст Сугъдæг Уоди архайдæй. Йесо донæй аргъуд ку иста, уæд Имæ сæрмагондæй æрцудæй Сугъдæг Уод. Сугъдæг Уод æрцудæй амистолтæмæ дæр Фæндзайæймаг бон, Йесо син зæрдæ куд æвардта, уотæ. Сугъдæг Уоди фæрци адæймаг исæндедзуй нæуæг цардмæ æма исуй Хуцауи сувæллон. Удæй ци райгуруй, е æй уарзт, цийнæ, сабурдзийнадæ, бухсундзийнадæ, уæдта фарнæ, ауодундзийнадæ, æууæндундзийнадæ, æфсар æма хебæлхуæцундзийнадæ.

***Тæрегъæд*** – Хуцауи Æгъдау нæ æнхæст кæнун, Æ фæдзæхститæ Ин ихалун æма Хуцауи Дзурдмæ нæ игъосун.

***Фарисей*** – Нæуæг Фæдзæхсти ци дзиуиттæгти кой цæуй, уони дини сæйрагдæр къуæрттæй еу. Фарисейти

минæвæрттæ адтæнцæ Синедриони æнхæстбаргин минæвæрттæ. Саддукейтæй уæлдай, фарисейтæ бæстон архайдтонцæ æрмæст Моисейи Æгъдау æнхæст кæнунбæл нæ, фал ма берæ цъухæйдзоргæ таурæхъти курдиæдтæ дæр. Етæ æнгъалдтонцæ, зæгъгæ, Хуцауи Тæрхони бон еугур мæрдтæ дæр райгас уодзæнæнцæ Хуцауи рази æрлæуунмæ. Етæ хъæбæр лæмбунæг кастæнцæ æгъдæуттæ æнхæст кæнуни кæдзосдзийнадæмæ; адæми æхсæн сæ кадæ адтæй бæрзонд; сæхуæдтæ дæр сæрустур адтæнцæ сæ æууæндундзийнадæ æма сæ карз æгъдауæй. Дини фæткитæ æмбæлгæ уагбæл ка нæ æнхæст кодта, уонæмæ фарисейтæ æлгъæгæнгæй кастæнцæ. Йесо фæдзахста фарисейти дини ахурадæй хе хезун, уомæн æма, фарисейтæ Моисейи Æгъдау куд æнхæст кодтонцæ, е бæрæг адтæй æрмæст фæрсæй бакæсгæй дæр.

***Фарнæ*** – Нæуæг Фæдзæхсти Хуцауи Дзурдти сæйрагдæр терминтæй еу. Аци дзурд нисан кæнуй Хуцауи фарни лæвар адæймагæн. Фарнæ баст æй адæймаги берæвæрсуг искурдиадæ æма æ царди цаути хæццæ.

***Фæдзæхст* – 1.** Аци дзурд нисан кæнуй Хуцауæй адæмæн лæвæрд фæндон. Хуцау Синайи хонхбæл Моисейи фæрци израилаг адæми хæццæ ку ниффедар кодта фæдзæхст, уæд Моисейæн равардта, Хуцау æма адæймаги æхсæн сæйрагдæр фæндæнттæ кæми ес, уæхæн 10 фæдзæхсти. Еци фæдзæхститæ æнцæ Моисейи Æгъдауæн æ хай. Нæуæг Фæдзæхсти Йесо Киристе зæгъуй, Æгъдауи сæйрагдæр фæдзæхститæ ке æнцæ Хуцаумæ æма хеуонмæ уарзтдзийнадæ. Уæдта Киристе Æ ахургæнуйнæгтæн дæдтуй Нæуæг Фæдзæхст кæрæдземæ уарзтдзийнади туххæй – адæймаг æ цард инней туххæн кæми радта, уæхæн уарзтдзийнади туххæй.

**2.** Адæми, кенæ Хуцау æма адæймаги æхсæн формалон æгъдауæй федуд. Хуцау зæрдæ байвæруй, адæймаг ба исарази уй æгъдæуттæ æма фæткитæ æнхæст кæнунбæл. Синайи хонхбæл Хуцау Моисейи æнхусæй исфедар кодта æгас дзиуиттаг адæми хæццæ бадзурд. Пахампартæ дзурдтонцæ, Хуцау æма адæми æхсæн Нæуæг Фæдзæхст федаргонд уодзæнæй, зæгъгæ. Евангелий дзурд цæуй, зæгъгæ, и Фæдзæхст федаргонд æрцудæй Йесой рамæлæт æма уæларвмæ Æхе исесуни фæсте. Нур, сæ адæмихаттмæ нæ кæсгæй, Хуцауи адæм æнцæ, Киристебæл ка бауæндтæй æма Æ ахурадæмæ гæсгæ ка цæруй, етæ.

***Хуцауи Паддзахадæ*** – дзурд «паддзахадæн» ес дууæ нисанеуæги: «паддзахи хецаудзийнадæ» æма «паддзахи бæрнæхсти зæнхæ (территори)». Библий дзурдбаст «Хуцауи Паддзахадæ» лæдæрун гъæуй, фиццагидæр, куд Хуцауи хецаудзийнадæ æгас дуйней, æнæ арæнтæй. Е, Хуцау æма адæми æхсæн ци рахастдзийнæдтæ ес, уонæн дæр æй бæрæггæнæн: адæм Хуцауи лæдæрунцæ, куд сæ Паддзахи. Хуцауи Паддзахади кой кодтонцæ пахампартæ дæр. Дзуиттæгтæ хизтонцæ æрцæуæг Мессийи куд Хуцауæй æрвист Паддзахи, Æ (Мессийи) паддзахадæ баст цудæй Хуцауи Паддзахади хæццæ. Уæхæн Паддзахади райдайæни туххæй дзурдта Донæй Æргъауæг Иоанн. Йесо Киристе ахур кодта адæми, дзурдта син Хуцауи Паддзахади туххæй; Йесой æрцуди хæццæ Хуцауи Паддзахадæ æрæййафта адæми, фал еци Паддзахадæмæ сæ бон æй бацæун æрмæст, æ монон цард гъæздуг кæмæн æй, уонæн. Амистолтæ куд амонунцæ, уотемæй Хуцауи Паддзахадæ Киристей райгаси фæсте зиннуй куд «Сугъдæг Уоди медæгæ рæстагдзийнадæ, сабурдзийнадæ æма цийнæ». Хуцауи Паддзахадæ зæнхæбæл æнхæстæй æрфедар уодзæнæй Хуцауи Бардари æрцуди фæсте рæстæгути кæрони:

раздæри дуйне фесæфдзæнæй æма æ бунат исуæгъдæ кæндзæнæй нæуæг гъуддæгтæн, уоми Хуцау уодзæнæй алци дæр алцæми дæр.

***Хъалонесæг*** – Нæуæг Фæдзæхсти рæстæги хъалонесæг, бунæттон адæмæй хъалонтæ æмбурдгæнæг хецау; е Палестини æмбурд кодта хъалонтæ Рими паддзахади къазнамæ. Æгас паддзахади дæр хъалонесгутæ адæмæн адтæнцæ æнæуинон, дзиуиттæгтæн ба уæлдайдæр, уомæн æма римæгти хæццæ кодтонцæ æмгуст. Æма уомæн дзурдтæ «хъалонесæг» æма «тæрегъæдгунæн», практикон æгъдауæй, адтæй еци-еу нисанеуæг. Фал Йесомæ цудæнцæ хъалонесгутæ дæр, сæ еу, Матфей, кенæ, Лукай Евангелий куд хунд цæуй, Левий, фæстæдæр иссæй Æ ахургæнуйнаг.

***Хъотур*** – Библий цифæнди бауæри æфтуйгæ нез. Хъотургинти сурдтонцæ адæми æхсæнæй, цæмæй адæмбæл ма æмбæлонцæ, æма етæ дæр еци æмбæлдæй ма исуонцæ æнæсугъдæг. Хъотурæй сæйгæ адæми фæстæмæ адæми æхсæнмæ райстайуонцæ, æрмæст еугур дзæбæх ку иссайуонцæ, уæд, æма уомæн ба æвдесæн гъæуама адтайдæ кохен.




Horace Knowles © The British & Foreign Bible Society 1954, 1967, 1972



Horace Knowles © The British & Foreign Bible Society 1954, 1967, 1972

# Иерусалими Ковæндони арæзт Йесо Киристей дзамани




Horace Knowles © The British & Foreign Bible Society 1954, 1967, 1972

Институт перевода Библии
101000, г. Москва, Главпочтамт, а/я 360
www.ibt.org.ru

Подписано в печать 20.03.2024
Формат 84×108 1/32. Печать офсетная. Усл. печ. л. 6,72
Тираж 350 экз. Заказ №

Отпечатано в АО «Первая Образцовая типография»
Филиал «Чеховский Печатный Двор»
142300, Московская область,
г. Чехов, ул. Полиграфистов, д. 1
Сайт: www.chpd.ru,
E-mail: sales@chpd.ru, тел. 8(499)270-73-59